

**DIALEK SURABAYA ING SALEBETING KEMPALAN VIDEO YOUTUBE  
ANGGITANIPUN BEAUTY VLOGGER INI VINDY**

**SKRIPSI**

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
minangka Jejangkeping Pandadaran  
*Anggayuh Gelar*  
*Sarjana Pendidikan*



dening:  
Anik Nurlaila  
NIM 14205241029

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2018**

## PASARUJUKAN

*Skripsi* kanthi irah-irahan “*Dialek Surabaya ing Salebeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Beauty Vlogger Ini Vindy*” menika sampun pikantuk palilah dening pembimbing kangge dipunuji.



Yogyakarta, 14 Agustus 2018

Pembimbing

A handwritten signature in black ink, appearing to be "Siti Mulyati".




Dra. Siti Mulyati, M. Hum.

NIP. 19620729 198703 2 002

## PENGESAHAN

*Skripsi* kanthi irah-irahan “*Dialek Surabaya ing Salebeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Beauty Vlogger Ini Vindy*” menika sampun dipunandharaken wonten ing pendadaran sangajenging *Dewan Penguji* rikala tanggal 28 Agustus 2018 saha dipun tetepaken lulus.

### DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dra. Siti Mulyani, M. Hum.	Ketua Penguji		24 / 9 - 2018
Nurhidayati, S. Pd., M. Hum.	Sekretaris Penguji		24 / 9 - 2018
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.	Penguji Utama		21 / 9 2018

Yogyakarta, 21 September 2018

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum.

NIP. 19571231 198303 2 004

## WEDHARAN

Inggang tapak asma ing ngandhap menika, kula:


Nama : Anik Nurlaila  
NIM : 14205241029  
Program Studi : Pendidikan Bahasa Daerah (Jawa)  
Fakultas : Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih *skripsi* inggang kula damel menika saestu panaliten kula piyambak. Samangretos kula, *sekripsi* menika wosipun dereng dipunserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu inggang kula ginakaken minangka sarana dhasar kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyerating *skripsi* inggang limrah.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, bab menika dados tanggul jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 14 Agustus 2018

Panyerat,



Anik Nurlaila

## **SESANTI**

“Elinga Kang Maha Mirah saben jumangkah.”

(A. Nurlaila)

## **PISUNGSUNG**

Kanthi linambaran puji sukur dhumateng Ngarsaning Gusti Allah Inkgang Maha Mirah saha Welas Asih, *skripsi* menika kapisungsungaken dhumateng tiyang sepuh kula kekalih kinasih, Bapak Heru Susanto lan Ibu Wasidah, saha Mbakyu kula kinasih, Anna Nurlaila ingkang sampun paring donga pangestu, panjurung, pamuji, panggulawenthah kanthi katoging tenaga, beya, penggalihan kanthi raos sih tanpa upami.

## PRAWACANA

Puji sukur konjuk dhumateng Ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rahmat, hidayah sarta inayah dhateng panyerat satemah panaliten kanthi irah-irahan “*Dialek Surabaya ing Salebeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Beauty Vlogger Ini Vindy*” saged kaimpun kangge njangkepi salah satunggaling sarat nggayuh gelar *Sarjana Pendidikan*. Shalawat sarta salam tansah konjuk dhumateng Kanjeng Nabi Agung Muhammad SAW ingkang sampun paring syafangatipun.

*Skripsi* menika saged kaimpun rampung boten uwal saking panyengkuyungipun Dra. Siti Mulyani, M. Hum minangka Pembimbing *Skripsi* lan *Penasehat Akademik* kula ingkang kanthi sareh paring bimbingan lan piwulang sadangunipun kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. Kajawi saking menika, panyerat ugi ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya *pihak* ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun wiwit purwa dumugi paripurnaning *skripsi* menika. Kanthi raos tulusing manah panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng.


1. Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal kangge sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
2. Prof. Endang Nurhayati, M. Hum, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula damel *skripsi*.
3. Prof. Dr. Suwardi, M. Hum, minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi kangge nindakaken panaliten menika.
4. Bapak/ Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh, piwulang, saha pitutur ingkang murakabi dhateng panyerat.

5. *Staff administrasi* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Jawa) awit sedaya pambiyantunipun.
6. Tiyang sepuh kula Bapak Heru Susanto, Ibu Wasidah, lan mbakyu kula kinasih Anna Nurlaila ingkang sampun paring donga pangestu, panjurung, pamuji, pambiyantu, panyengkuyung lan panggulawenthah kanthi lair tulusing batin.
7. Kanca-kanca kula kinasih Yesi, Ninik, Puji, Endah, Reni, sedaya kulawarga ageng Paguyuban Hastungkara kelas A PBD 2014 lan sedaya kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2014 ingkang sampun paring pambiyantu ngenthengaken bot repot lan panjurungipun satemah *skripsi* menika saged maujud.
8. Sedaya *pihak* ingkang boten saged kula sebutaken setunggal mbaka setunggal, ingkang sampun paring pambiyantu, panjurung, lan pamuji satemah *skripsi* menika saged paripurna.

Panyerat rumaos bilih *skripsi* menika taksih tebih saking kasampurnan, pramila panyaruwe saha pamrayogi tumuju murih langkung sae, jangkep lan sampurnaning *skripsi* menika, tansah katampi kanthi suka renaming penggalih lan agunging panuwun. Wasana, kanthi raos andhap asoring manah panyerat sampun mungkasi anggenipun nyerat *skripsi* menika sinaosa dereng sampurna. Ananging, panyerat saestu gadhah pangajab mugu-mugu *skripsi* menika sageda murakabi.

Yogyakarta, 14 Agustus 2018

Panyerat,



Anik Nurlaila

## WOSING ISI

IRAH-IRAHAN.....	i
PASARUJUKAN.....	ii
PENGESAHAN.....	iii
WEDHARAN.....	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
PRAWACANA.....	vii
WOSING ISI.....	ix
PRATELAN TABEL.....	xii
PRATELAN BAGAN.....	xiii
PRATELAN CEKAKAN.....	xiv
PRATELAN TANDHA.....	xv
SARINING PANALITEN.....	xvi
<b>BAB I PURWAKA</b>	
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaing Prakawis.....	5
C. Watesaning Prakawis.....	5
D. Wosing Prakawis.....	6
E. Ancasing Panaliten.....	6
F. Paedahing Panaliten.....	7
G. Pangretosan.....	7
<b>BAB II GEGARAN TEORI</b>	
A. <i>Andharan Teori</i> .....	10
1. <i>Sosiolinguistik</i> .....	10
2. <i>Variasi Basa</i> .....	12
3. <i>Dialek</i> .....	15
4. <i>Basa Jawi Standar</i> .....	21

a) <i>Kekhasan Tata Swara (Fonetik) Dialek Standar</i> .....	21
b) <i>Kekhasan Gramatikal Dialek Standar</i> .....	24
5. <i>Basa Jawi Dialek Surabaya</i> .....	28
a) <i>Proses Fonologis</i> .....	33
b) <i>Proses Morfologis</i> .....	37
c) <i>Proses Leksikal</i> .....	39
6. <i>Fungsi Basa Dialek Surabaya</i> .....	42
B. <i>Panaliten ingkang Jumbuh</i> .....	46
C. <i>Nalaring Panaliten</i> .....	48
<b>BAB III CARA PANALITEN</b>	
A. <i>Jinising Panaliten</i> .....	51
B. <i>Data saha Sumber Data Panaliten</i> .....	52
C. <i>Caranipun Ngempalaken Data</i> .....	53
D. <i>Pirantosing Panaliten</i> .....	56
E. <i>Caranipun Analisis Data</i> .....	57
F. <i>Validitas saha Reliabilitas</i> .....	60
<b>BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN</b>	
A. <i>Asiling Panaliten</i> .....	63
B. <i>Pirembagan</i> .....	86
1. <i>Proses Fonologis</i> .....	87
a) <i>Vokal Panandha Dialek Surabaya</i> .....	87
b) <i>Konsonan Panandha Dialek Surabaya</i> .....	111
2. <i>Proses Morfologis</i> .....	127
a) <i>Ater-ater (Prefiks) Panandha Dialek Surabaya</i> .....	127
b) <i>Panambang (Sufiks) Panandha Dialek Surabaya</i> .....	129
c) <i>Wuwuhan Bebarengan Tan Rumaket (Konfiks) Panandha</i> <i>Dialek Surabaya</i> .....	135
3. <i>Proses Leksikal</i> .....	142

a) Tembung Lingga Panandha <i>Dialek</i> Surabaya.....	142
b) Tembung Rangkep Panandha <i>Dialek</i> Surabaya.....	176
BAB V PANUTUP	
A. Dudutan.....	183
B. <i>Implikasi</i> .....	185
C. Pamrayogi.....	186
KAPUSTAKAN.....	187
LAMPIRAN.....	192

## PRATELAN TABEL

<i>Tabel 1 : Tuladha Kekhasan Fonem Vokal Basa Jawi Standar</i> .....	23
<i>Tabel 2 : Tuladha Kekhasan Fonem Konsonan Basa Jawi Standar</i> .....	24
<i>Tabel 3 : Tuladha Kekhasan Ater-ater (Prefiks) Dialek Standar</i> .....	25
<i>Tabel 4 : Tuladha Kekhasan Panambang (Sufiks) Dialek Standar</i> .....	25
<i>Tabel 5 : Tuladha Kekhasan Konfiks Dialek Standar</i> .....	26
<i>Tabel 6 : Prabeda Ciri Mirunggan Gramatikal ing Basa Jawi Standar lan Dialek Surabaya</i> .....	32
<i>Tabel 7 : Prabeda Ciri Mirunggan Sintaksis ing Basa Jawi Standar lan Dialek Surabaya</i> .....	32
<i>Tabel 8 : Tuladha Fonem Vokal /i/ Kaucapaken [I]</i> .....	33
<i>Tabel 9 : Tuladha Fonem Vokal /u/ Kaucapaken [o]</i> .....	34
<i>Tabel 10 : Ewahing Fonem Tunggal Dados Fonem Rangkep</i> .....	35
<i>Tabel 11 : Icalipun Fonem /w/ ing Wiwitanipun Tembung</i> .....	36
<i>Tabel 12 : Wuwuhan Konsonan /ʔ/ ing Pungkasaning Tembung</i> .....	36
<i>Tabel 13 : Tuladha Prabeda Proses Morfologis ing Basa Jawi Standar kaliyan Dialek Surabaya</i> .....	37
<i>Tabel 14 : Tuladha Prabeda Proses Leksikal ing Basa Jawi Standar kaliyan Dialek Surabaya</i> .....	39
<i>Tabel 15 : Tuladha Kertu Data</i> .....	55
<i>Tabel 16 : Tuladha Tabel Analisis Data</i> .....	58
<i>Tabel 17: Proses Ewah-ewahan Wujud Satuan Lingual lan Fungsi Basa Dialek Surabaya ing Salabeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Beauty Vlogger Ini Vindy</i> .....	63

## PRATELAN BAGAN

<i>Bagan 1</i> : Nalaring Pikir.....	50
<i>Bagan 2</i> : Model Analisis Miles saha Huberman (Ghony, 2016: 308).....	62

## **PRATELAN CEKAKAN**

Heu. : *Heuristik*

Imaj. : *Imajinatif*

Inst. : *Instrumental*

Intrks. : *Interaksional*

k : *konsonan*

Persnl. : *Personal*

Regl. : *Regulatori*

Reprs. : *Representasional*

v : *vokal*

## PRATELAN TANDHA

- /.../ : nedahaken bilih *formatif* ing salebeting tandha wujudipun *fonemis*
- {...} : nedahaken bilih *formatif* ing salebeting tandha wujudipun *morfem*
- [...] : nedahaken bilih *formatif* ing salebeting tandha wujudipun *transkripsi fonetis*
- ‘...’ : tandha *gloss* kangge nedahaken makna tembung
- “...” : nedahaken pethikkan langsung
- ‘ŋ’ : tandha swanten ng, tuladhanipun tembung [pɪŋgɪr] ‘pinggir’
- ‘?’ : tandha *variasi* swanten k, tuladhanipun tembung [ɔjɔ?] ‘sampung’
- ‘ɖ’ : tandha swanten dh, tuladhanipun tembung [nɖe?] ‘ing’
- ‘ʈ’ : tandha swanten th, tuladhanipun tembung [ʈoʈU?-ʈoʈU?] ‘thuthuk-thuthuk’
- ‘ɪ’ : tandha *variasi* swanten i, tuladhanipun tembung [kripɪ?] ‘kripik’
- ‘U’ : tandha *variasi* swanten u, tuladhanipun tembung [dorUŋ] ‘dereng’
- ‘ə’ : tandha *variasi* swanten e, tuladhanipun tembung [ərUh] ‘prika’
- ‘ɛ’ : tandha *variasi* swanten e, tuladhanipun tembung [rɛ?] ‘cah’
- ‘ɔ’ : tandha *variasi* swanten a, tuladhanipun tembung [lɔɔ] ‘sakit’

# **DIALEK SURABAYA ING SALEBETING KEMPALAN VIDEO YOUTUBE ANGGITANIPUN BEAUTY VLOGGER INI VINDY**

**Anik Nurlaila  
14205241029**

## **SARINING PANALITEN**

Panaliten menika ancasipun kangge ngandharaken bab *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy. Prakawis ingkang badhe kaandharaken inggih menika *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basa *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Sumber datanipun 12 *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy. *Datanipun* arupi tembung, *frasa*, *klausa*, saha ukara abasa Jawi *dialek* Surabaya. Cara ngempalaken *data* ing panaliten menika kanthi *teknik* nyemak saha nyathet. *Data* dipunanalisis kanthi *tabulasi*, *reduksi* saha *inferensi*. Pirantosing panaliten inggih menika *human instrument*. *Validitasipun*, *semantik* lan *triangulasi teori*, dene *reliabilitasipun* inggih menika *stabilitas* lan *intrarater*.

Asiling panaliten ing bab *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy kaperang dados tigang *proses* inggih menika, *fonologis*, *morfologis*, lan *leksikal*. (1) *fonologis*, ing *proses* menika kapanggihaken *vokal* lan *konsonan*. (2) *morfologis* ingkang kapanggihaken inggih menika, ater-ater {ke-}, panambang {-e}, {-na}, lan {-a}, saha wuwuhan bebarengan tan rumaket {se/-a}, {sa/-na}, lan {di/-na}, (3) *leksikal*, ing *proses* menika kapanggihaken tembung awujud tembung lingga (sesulih, aran, katrangan wektu, kaanan, kriya, ancer-ancer, wilangan, panggandheng, pitakon, lan *partikel pelengkap* saha *pelunak*) lan awujud tembung rangkep (dwilingga lan dwiwasana). *Fungsi* basa *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy, (1) *instrumental*: ndhawuhi, awisan, nakyinaken, ngrayu, ngerih-erih, lan ngajak, (2) *representasional*, (3) *interaksional*: maturnuwun, sapa aruh, lan nawekaken, (4) *regulatori*: sarujuk/ nolak, (5) *personal*: bungah, mangkel, cuwa, lan seneng, (6) *heuristik*: nyuwun priksa, (7) *imajinatif*: nambahi kaendahan.

Pamijining tembung: ***Dialek Surabaya, Video Youtube Beauty Vlogger Ini Vindy***

# **BAB I**

## **PURWAKA**

### **A. Dhasaring Panaliten**

Basa Jawi dipunwastani basa ingkang gadhah mapinten-pinten *dialek*, wiwit saking tlatah Banten kilen ngantos Banyuwangi iring wetan. *Dialek* menika dipundadosaken ciri mirunggan pangandikan masarakatipun. Salah satunggaling tuladha inggih menika *dialek* Surabaya. *Dialek* Surabaya dipunwastani ugi basa *Surabayoan* utawi basa Jawi Timuran ingkang ngrembaka saha dipunginakaken dening masarakat Surabaya sakiwa tengenipun.

Miturut Adipitoyo, dkk. (1999: 1), panaliten Basa Jawi *dialek* Surabaya sampun kathah katindakaken para winasis. Panaliten-panaliten menika gegayutan kaliyan bab *struktur* lan *aspek-aspek* basa Jawi *dialek* Surabaya sanesipun, inggih menika *Struktur Dialek Bahasa Jawa di Jawa Timur* dening Akhmadi, dkk. (1977), *Sistem Morfologi Kata Kerja Dialek Jawa Timur* dening Soedjito, dkk. (1981), *Sistem Perulangan Bahasa Jawa di Jawa Timur* dening Soedjito, dkk. (1985), *Bentuk Sapaan Morfofonemik Verba Bahasa Jawa Dialek Jawa Timur* dening Adipitoyo, dkk. (1993), dene panaliten ngengingi pemetaan panganggenipun inggih menika *Geografi Dialek Basa Jawi di Kabupaten Surabaya* dening Soetoko, dkk. (1986). Kejawi panaliten-panaliten menika, wonten ugi asil-asil *pengamatan* ingkang dipunserat awujud makalah, kados ta "*Lingustic Floklora Bahasa Jawa Dialek*

*Surabaya*” dening Hutomo (1986) lan “*Kedudukan dan Fungsi Bahasa Jawa Dialek Surabaya*” dening Adipitoyo (1992).

Panaliten-panaliten ing nginggil kala wau kathah ingkang ngginakaken sesebutan *regional* Jawa Timur sanes Surabaya. Panganggening sesebutan menika tetela dipunginakaken kangge pangretosan *regional* Surabaya ing bab *kebahasaan*. Awit saking menika, panaliten-panaliten kala wau kalebet ing panaliten basa Jawi *dialek* Surabaya.

Titikanipun *dialek* Surabaya inggih menika kadhang kala ngginakaken basa walikan lan boten ngecakaken pandom basa Jawi ingkang trep menawi katandhingaken kaliyan Basa Jawi *Standar* satemah ketingal kasar. Sinaosa mekatèn, para pangangge *dialek* Surabaya remen ngginakaken *dialek* Surabaya kanthi ancas supados antawisipun *penutur* saha *mitra tutur* menika ketingal akrab. Sanesipun menika, ugi minangka pambudidaya nglestantunaken basa Jawi *dialek* Surabaya ing masarakat mliginipun wiranem, amargi kathahipun daya pangaribawa saking basa sanesipun.

Ing jaman *teknologi* ingkang sampun majeng kados samenika, para wiranem ingkang pana anggenipun ngolah basa, kathah ingkang sami ngandharaken *ide*, pamanggih saha raos pangraos lumantar *media sosial*. Salah setunggalipun inggih menika lumantar *video* ingkang dipununggah ing *youtube* satemah priyantun ingkang ngersakaken *video* menika saged mriksani piyambak. Priyantun ingkang ngunggah *video* ing *akun youtube* gadhahanipun utawi ingkang kawastanan *vlogger*, bebas

ngandharaken menapa kemawon. Padatanipun ingakng kaandharaken inggih menika samukawis bab ingkang saweg *hits*, amargi saperangan ageng *vlogger* menika para kawula mudha. Salah satunggaling *video* ingkang kathah dipundamel para *vlogger* inggih menika *video* ingkang ngandharaken caraning maes. Awit kathahipun pamiyarsa ingkang sami mriksani malah kepara ngundhuh *video* menika, kathah *beauty vlogger* ingkang dados misuwur. Sedaya menika awit kaprigelan anggenipun nuladhani caraning maes, damel *video* ingkang *kreatif*, saha ngolah basa ingkang kathah ngginakaken basa Indonesia malah kepara ngginakaken basa Inggris kangge ngandharaken bab menika.

*Video* ingkang dipununggah para *beauty vlogger* ing *youtube* menika kathah sanget wujudipun, ananging ingkang ngginakaken basa Jawi ing jaman samenika taksih sekedhik. Salah satunggaling *beauty vlogger* ingkang ngginakaken basa Jawi mliginipun *dialek* Surabaya inggih menika Ini Vindy. Priyantun Malang menika boten namung damel *video* caraning maes ingkang limrah. *Video youtube* piyambakipun dipunsartani *efek visual video* ingkang sae, lan boten namung ngginakaken *variasi* basa (basa Indonesia, saha basa Inggris) kados dene *beauty vlogger* sanesipun, ananging Ini Vindy ugi ngginakaken basa Jawi *dialek* Surabaya ingkang sangsaya ndudut kawigatosan pamiyarsa.

*Video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy sanesipun minangka sarana kangge sinau caraning maes ugi minangka sarana nglestantunaken basa Jawi mliginipun *dialek* Surabaya. Menika saged kawawas ing jaman samenika, kathah

*beauty vlogger* Jabodetabek kados ta, Nadiya Qilla, Rachel Goddad, Minyo, lsp. ingkang ngginakaken basa Indonesia malah kepara ngginakaken basa Inggris kangge ngandharaken caraning maes. Beda kaliyan *beauty vlogger* Ini Vindy ingkang ngginakaken basa Jawi *dialek* Surabaya minangka salah satunggaling *variasi* basa ingkang dipunginakaken piyambakipun kangge ngandharaken caraning maes. Sedaya menika wujud bombong Ini Vindy minangka jejering priyatun Malang. Awit saking menika piyambakipun ajejuluk *beauty vlogger* Malang. Tuladha *beauty vlogger* Ini Vindy ngginakaken basa Jawi *dialek* Surabaya saged dipuntingali ing *prolog video youtube* anggitanipun Ini Vindy asesirah *200K Make Up Challenge Indonesia*.

“Wee, **rek** ya apa kabare? Tetep tangames ya? Ya apa? Kipa? Tahes komes?

Ya wes **sukur** ya. **Kesuwun** ya wis gelem nonton *videoku* iki.”

(ngalam.co/2016/05/02/ini-vindy-malang-juga-miliki-beauty-vlogger-kreatif/)

Saged dipuntingali saking pethikan *video* ing nginggil bilih basa Jawi *dialek* Surabaya ingkang dipunangge Ini Vindy menika gadhah ciri mirunggan menawi dipuntandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Ciri mirunggan menika dipuntingali saking *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* inggih menika *proses fonologis*, *proses morfologis*, lan *proses leksikal* ugi dipuntingali saking *fungsi* basanipun. Awit saking menika kangge mangretos *proses* ewah-ewahan saha *fungsi*-nipun, wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya saking *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basanipun ing kempalan *video youtube channel* gadhahanipun *beauty vlogger* Ini Vindy. Sedaya menika kanthi

ancas supados pamaos saged mangretos ngengingi ciri mirunggan basa Jawi *dialek* Surabaya ing kempalan *video youtube channel* kagunganipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

## **B. Underaning Prakawis**

Adhedhasar andharan ing dhasaring panaliten, nuwunaken prakawis-prakawis ingkang badhe kaandharaken. Underaning prakawis wonten panaliten menika rinicik wonten ing ngandhap menika.

1. *Proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual dialek* Surabaya salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.
2. *Fungsi* basa *dialek* Surabaya salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.
3. Pawadan ingkang andhasari pamilihing *dialek* Surabaya salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

## **C. Watesaning Prakawis**

Adhedhasar undheraning prakawis ing nginggil, prakawis prelu dipunwatesi supados ingkang badhe karembag saged langkung mligi. Watesaning prakawis kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. *Proses ewah-ewahan wujud satuan lingual dialek Surabaya salebeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy.*
2. *Fungsi basa dialek Surabaya salebeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy.*

#### **D. Wosing Prakawis**

Adhedasar watesaning prakawis ing nginggil saged dipundamel wosing prakawisipun. Wosing prakawis wonten ing ngandhap menika.

1. Menapa kemawon *proses ewah-ewahan wujud satuan lingual dialek Surabaya salebeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy.*
2. Menapa kemawon *fungsi basa dialek Surabaya salebeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy?*

#### **E. Ancasing Panaliten**

Adhedasar watesaning prakawis ing nginggil saged dipunpendhet ancasing panaliten. Ancasipun panaiten menika katata kados wonten ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken *proses ewah-ewahan wujud satuan lingual dialek Surabaya salebeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy.*
2. Ngandharaken *fungsi basa dialek Surabaya salebeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy.*

## **F. Paedahing Panaliten**

Panaliten menika minangka pambudidaya nglestantunaken basa Jawi, mliginipun *dialek* Surabaya. Panaliten menika ugi kaajab nambahi seserepaning pamaos bab *variasi* basa mliginipun *dialek* supados saged dados *referensi* panaliten salajengipun. Kajawi saking menika, pangangkahipun panaliten menika saged mumpangat tumrapping pasinaon basa mliginipun basa Jawi. Awit tetembungan basa Jawi *dialek* Surabaya ingkang dipuntaliti menika saged dipunginakaken tetandhingan kaliyan basa Jawi *Standar*.

## **G. Pangretosan Tembung-tembung ing Irah-irahan**

Tembung-tembung wonten ing irah-irahan panaliten menika ingkang dados *kata kunci* prelu dipunandharaken supados pamanggih ngengingi pangretosan antawisipun panyerat kaliyan pamaos saged jumbuh. Pangretosan-pangretosan wonten ing panaliten menika kaandharaken ing ngandhap menika.

### **1. Basa Jawi *Dialek* Surabaya**

Wonten ing panaliten menika basa Jawi *dialek* Surabaya ugi kawastanan basa *Suraboyoan* utawi basa Jawi Timuran ingkang ngrembaka saha dipunginakaken dening masarakat Surabaya sakiwa tengenipun. Menawi kawawas saking *struktural* basa, basa *Suroboyoan* saged winastan basa ingkang paling kasar. Sinaosa mekatèn, basa alus taksih dipunginakaken dening saperangan priyantun Surabaya minangka wujud urmat dhateng priyantun sanes. Ananging panganggening basa Jawi alus

(madya ngantos krama) ingkang kaginakaken ing Surabaya boten sealus basanipun priyantun Jawa Tengah menapa mailh menawi katandhingaken kaliyan basanipun priyantun Ngayogyakarta lan Surakarta. Titikan menika jumbuh kaliyan basa ingkang dipunginakaken ing kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ingkang badhe kataliti ing panaliten menika, inggih menika basa Jawi *dialek* Surabaya.

## **2. Beauty Vlogger**

*Beauty vlogger* inggih menika priyantun ingkang damel *video* kados ta bab caraning maes, paring seserepan, *tips* saha *trik* bab *kecantikan*. Kajawi saking menika, kadhang kala ugi njajal (*review*) salah satunggaling *produk kecantikan*. Sasampunipun damel *video* bab kala wau lajeng dipununggah ing *akun youtube* piyambakipun, supados priyantun ingkang mbetahaken saged mriksani piyambak. (Koran-sindo.com/page/news/2016-01-26/4/12)

Jaman samenika kathah *beauty vlogger* ingkang sampun misuwur awit kaprigelanipun. Boten namung kaprigelan anggenipun nuladhani caraning maes, ananging ugi anggenipun damel *video* saha ngolah basa satemah *video* anggitanipun milut kawigatosanipun pamiyarsa. Salah setunggalipun *beauty vlogger* ingkang milut kawigatosanipun pamiyarsa inggih menika Ini Vindy.

## **3. Ini Vindy**

Ini Vindy inggih menika salah satunggaling *beauty vlogger* saking Sawojajar, Malang, Jawa Timur. Piyambakipun kawentar kanthi sesebutan '*Ini Vindy Yang*

*Ajaib*'. Ini Vindy miwiti pakaryan minangka *designer web* lajeng pindhah ing *devisi kecantikan*, wiwit menika piyambakipun remen ing donya bab *make-up, face painting* lan ngantos samenika piyambakipun dados *beauty preneur*. Menapa kemawon bab *beauty*, dening piyambakipun dipunlampahi. Wiwit saking *make-up artist, CEO Yang Ajaib Studio and Savanna Mecca Hijab* sarta piyambakipun minangka *blogger* lan *beauty vlogger*.

Beda kaliyan *beauty vlogger* sanesipun, Ini Vindy damel *video* ingkang dipununggah ing akun *youtube* piyambakipun ngginakaken *variasi* basa Indonesia, basa Inggris saha tetep ngginakaken basa Jawi *dialek* Surabaya. Menika minangka raos bombong Ini Vindy minangka jejeripun tiyang Jawi. Awit saking menika, piyambakipun lajeng sinebut *Beauty Vlogger Malang*.

(ngalam.co/2016/05/02/ini-vindy-malang-juga-miliki-beauty-vlogger-kreatif/)

#### **4. Youtube**

*Youtube* inggih menika salah setunggalipun *situs web* mawarni-warninig *video* ingkang dipundamel dening tiga mantan *karyawan Pay Pal* ing Februari 2005. *Situs* menika ndadosaken pangangge saged ngunggah, mriksani, lan *share video*. Perusahaan menika mapan wonten ing San Bruno, California, lan ngginakaken *teknologi adobe Flash Video* lan *HTML 5* kangge ngaturaken mapinten-pinten jinis *konten video* damelan pangangge, kalebet *klip film, klip TV, lan video musik*. Kajawi saking menika, wonten ugi *konten* amatir kados ta, *blog, video, video orisinal* cekak, lan *video* pasinaon. Kempalan *video* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ugi saged

kapanggihaken ing *youtube*. Dados ing mriki, *youtube* minangka srana kangge nglestantunaken basa Jawi *dialek* Surabaya. (<https://id.m.wikipedia.org/wiki/YT>)

## BAB II

### GEGARAN TEORI

#### A. Andharan Teori

##### 1. *Sosiolinguistik*

*Sosiolinguistik* inggih menika salah satunggaling perangan baku ing ngelmu *linguistik*. Nama *sosiolinguistik* menika kadhapuk saking kalih tembung inggih menika, „*sosio*“ (*sosiologi* – ngelmu ingkang naliti masarakat) saha „*linguistik*“ (ngelmu ingkang naliti basa). Saking kalih ngelmu ingkang dipungayutaken menika, *sosiolinguistik* gadhah pathokan nyinaoni kalih perkawis, inggih menika basa saha masarakat.

Chaer tuwin Agustina (2004: 2) ngandharaken bilih *sosiologi* inggih menika *kajian* ingkang *obyektif* ngengingi priyantun wonten salebeting masarakat, ngengingi *lembaganipun*, saha *proses sosial* wonten ing masarakat. *Sosiologi* ngrembag kados pundi kawontenan masarakat menika saha pagesanganipun kanthi nyinaoni *lembaga-lembaganipun*, *proses sosial*, saha perkawisipun ingkang wonten ing masarakat. Saking menika saged dipunwawas kados pundi priyantun anggenipun *adaptasi* saha *sosialisasi* dhateng *lingkunganipun*. Dene *linguistik* inggih menika salah satunggaling *kajian* ngelmu ingkang nyinaoni basa. Awit saking menika, saged dipunwastani bilih *sosiolinguistik* menika ngelmu ingkang nyinaoni basa gayutipun kaliyan kados pundi anggenipun ngginakaken basa wonten ing masarakat.

Taksih bab ingkang sami, Wijana (2002: 7) ngandharaken bilih *sociolinguistik* inggih menika cabang ngelmu *linguistik* ingkang ngetrapaken basa gayut kaliyan priyantun ingkang ngginakaken basa menika ing masarakat. Dene miturut Sumarsono (2007: 2) ngandharaken bilih *sociolinguistik* langkung *fokus* dhateng *linguistik institusional* ingkang gegayutan kaliyan basa dening priyantun ingkang ngginakaken. Menika jumbuh kaliyan Nababan (1993: 2) ingkang mahyakaken bilih *sociolinguistik* kadhapuk saking tembung „*socio*” saha „*linguistic*”. *Socio* sami kaliyan tembung *sosial* ingkang gayut kaliyan masarakat. *Linguistik* inggih menika ngelmu ingkang nyinaoni saha ngrembag basa mliginipun *unsur-unsur* basa saha *unsur-unsur*ipun. Dados, *sociolinguistik* inggih menika *kajian* ingkang ndhapuk *teori* ngengingi sesambetan masarakat gayut kaliyan basa. Saking mapinten-pinten pamanggih menika, saged dipunpendhet dudutan bilih *sociolinguistik* inggih menika salah satunggaling *kajian* ngelmu *linguistik* ingkang nyinaoni bab basa salebeting masarakat, kalebet kados pundi pandhapukipun *unsur basa, struktur, lembaga sosial,* saha *proses sosial*ipun wonten masarakat.

Panaliten kanthi irah-irahan “*Dialek Surabaya ing Salabeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Beauty Vlogger Ini Vindy*” menika kalebet wonten ing *tinjauan* ngelmu *sociolinguistik*, amargi wonten panaliten menika ketingal sanget bilih wonten gayutanipun antawis pegesangan wonten ing masarakat saha anggenipun ngginakaken basa. Gayut antawisipun basa saha *aspek sosial* pagesangan ugi dipunandharaken dening Nurhayati (2009: 3) panjenenganipun ngandharaken bilih

*sociolinguistik* gayut kaliyan kalih prekawis, inggih menika *teori* pagesangan saha *kebahasaan*. Kaping pisan, *teori* pagesangan salebeting *sociolinguistik* ngengingi paraga nalikanipun *interaksi* salebeting *kelompok* ageng utawi alit, *fungsi kelompok*, *sektor sosialipun*, saha ingkang gayut kaliyan pamedanipun. Kaping kalih, *teori kebahasaan* salebeting ngelmu *sociolinguistik* ngengingi prekawis bab *kode-kode*, *ragam kelompok sosial regional*, *nasional* utawi *internasional*, saking *kasta* alit dumugi ingkang ageng utawi inggil. Dados, saking andharan kala wau saged dipunmangretos bilih panaliten menika badhe kataliti saking *tinjauan* ngelmu *sociolinguistik*ipun.

## **2. Variasi Basa**

Masyarakat salah satunggaling basa padatanipun kadhapuk saking sakempalaning priyantun kanthi *latar belakang* saha *status sosial* ingkang beda-beda. Masyarakat basa menika wonten ingkang tataran *pendidikan*ipun inggil wonten ingkang boten, wonten ingkang pidalem ing kitha wonten ugi ing desa. Wonten ingkang sampun diwasa wonten ingkang taksih lare alit. Wonten ingkang dados dhokter, petani, karyawan kantor, nelayan, lsp. Ewa dene semanten, amargi *latar belakang* lan kawontenan ingkang boten sami murugaken basa ingkang dipunginakaken mawarni-warni utawi *variasi*. Saben *variasi* utawi *ragam* basa setunggal kaliyan sanesipun menika kathah bedanipun (Chaer, 2014: 55).

Wontenipun *variasi* basa menika boten namung amargi pangangge basa kasebut ingkang *heterogen* ananging ugi amargi kathahing sesambetan ingkang sami katindakaken. Dados saben pedamelan mbetahaken saha murugaken wontenipun ragaming basa (Chaer, 1994: 34). Menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Soeparno (1993: 55) bilih *variasi* basa inggih menika mawarni-warnining basa amargi pawadan tartamtu. *Variasi* basa ingkang karipta ing madyaning masarakat dipunsababaken kapentingan panganggening basa ingkang beda-beda. Piyambakipun mantha-mantha *variasi* basa dados enem, ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

- a) *Dialek* inggih menika ragam basa ingkang gayut kaliyan papan asalipun utawi papan anggenipun ngginakaken basa. Wonten ing basa lesan, *dialek* saged dipunwawas saking titikan pocapan saha *intonasi*. Awit saking menika pambeda antawisipun *dialek* saged dipunwawas saking sedaya *proses ewah-ewahan wujud satuan lingual*, inggih menika *proses fonologis, sintaksis, lafal, ejaan, tetembungan, saha idiom*.
- b) *Idiolek* inggih menika ragam basa ingkang dipunsebabaken dening setunggal priyantun utawi pribadi, amargi pocapan utawi cara ngucapaken antawisipun setunggal priyantun kaliyan priyantun sanesipun boten sami.
- c) *Kronolek* inggih menika ragam basa ingkang dipunwawas saking *segi wektu panganggenipun*. *Kronolek* basa Indonesia dipunperang dados kalih, inggih menika (1) ragam basa Indonesia ingkang dangu utawi basa Melayu Lama, saha

(2) ragam basa Indonesia enggal. Bedanipun wonten ing pamilihing tembung saha *struktur* tata basanipun.

- d) *Variasi kultur* inggih menika ragam basa ingkang dipunsebabaken dening kabudayan masarakat panganggenipun ingkang beda. Salah satunggaling basa ingkang dipunginakaken dening *penutur* aslinipun kadhang kala basa menika ugi saged ewah, amargi wontenipun daya pangaribawa saking budaya ngamanca.
- e) *Sosiolek* inggih menika ragam basa ingkang gayut kaliyan tataran utawi golongan sosial *penutur*ipun. Pawadan ingkang nemtokaken wontenipun *ragam sosial* menika sesambetan *sosial* antawisipun *penutur* kaliyan mitra tutur.
- f) *Fungsiolek* inggih menika *ragam* basa ingkang gayut kaliyan kahanan *kebahasaan*, *pameran* bebasa, sarta *topik* tuwin *jalur kebahasaan*. Pawadan menika ingkang nemtokaken tingkat *keformalan*. Awit saking menika, *ragam* alit asring dipunsebut ragam *fungsional* utawi ragam *situasional*.

*Variasi* basa menika beda-beda dipuntemtokaken dening pawadan ingkang mujudaken wontenipun *variasi* basa. *Variasi* basa ingkang gayutipun kaliyan basanipun salah setunggalipun priyantun kawastanan *idiolek*. *Idiolek* saben priyantun menika nedahaken basa ingkang beda antawisipun priyantun setunggal kaliyan sanesipun, sinaosa menika saking basa ingkang sami. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Kridalaksana (2007: 2) bilih *idiolek* inggih menika sedaya ciri mirunggan basa saben priyantun ngengingi *lafal*, tata basa, utawi pamilihing tembung lan kawruh basa.

Chaer (1994: 55) ugi ngandharaken bilih *idiolek* inggih menika *variasi* basa ingkang sipatipun pribadi. Saben priyantun tamtu gadhah ciri mirunggan basanipun piyambak-piyambak. *Variasi* basa ingkang sipunsababaken prabedaning *fungsi* basa dipunwastani *variasi fungsi* utawi *fungsiolek*. Dene *variasi* basa ingkang gegayutan kaliyan papan *geografis* panganggening basa dipunsebut *dialek*.

### 3. *Dialek*

Sampun kaandharaken bilih mawarni-warnining basa ingkang wonten gayutipun kaliyan papan *geografis* dipunsebut *dialek*. Chambers (Ing Nurhayati, 2009: 6) ngandharaken bilih *dialek* inggih menika *sistem kebahasaan* ingkang dipunginakaken dening salah setunggaling masarakat kangge mbedakaken kaliyan masarakat sanesipun ingkang ngginakaken *sistem* basa ingkang beda. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Kridalaksana (2007: 2) *dialek regional* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening tlatah tartamtu. *Variasi regional* mbedakaken basa ingkang kaginakaken ing setunggal papan kaliyan ingkang kaginakaken ing papan sanes, sinaosa *variasinipun* saking basa ingkang sami.

Taksih bab ingkang sami, Chaer lan Leonie Agustina (2004: 63-64) ngandharaken bilih *variasi* basa ingkang adhedhasar *penuturipun* kasebut *dialek*. *Dialek* inggih menika *variasi* basa saking sakempalaning *penutur* ingkang radi kathah, ing salah satunggaling papan utawi tlatah tartamtu. Amargi *dialek* menika adhedhasar tlatah utawi papan panggenanipun *penutur*, pramila *dialek* menika kasebut *dialek areal*, *dialek regional*, utawi *dialek geografi*.

Miturut Soeparno (1993: 55-56) ugi ngandharaken bilih *variasi geografis* inggih menika *variasi* ingkang dipunsebabaken prabeda *geografis* utawi *faktor regional*. Wujud nyata panganggening basa dipunsebut *dialek* utawi *dialek regional*, tuladhanipun *dialek* Banyumas, *dialek* Tegal, lan *dialek* Banten. Jumbuh kaliyan pamanggihipun (Chaer, 2014: 55) bilih *dialek* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken ing salah satunggaling papan. Tuladhanipun ing tlatah Jawi kapanggihaken wontenipun basa Jawi *dialek* Banyumas, basa Jawi *dialek* Tegal, basa Jawi *dialek* Surabaya, lsp.

Nalika mirengaken priyantun ingkang saweg ngendika utawi ngandharaken samukawis bab lan priyantun kasebut dereng dipunmangretos asal-usulipun, ananging anggenipun ngendika menika ngginakaken *sistem* basa ingkang beda, saged dipundugi kinten-kinten priyantun menika asalipun saking pundi. Gayut kaliyan bab menika, Suwito (1983: 80) paring tuladha ukara priyantun ingkang ngendika nalika ngandharaken samukawis bab kanthi *sistem* basa ingkang beda-beda. Tuladhanipun kaandharaken ing ngandhap menika:

*“Nengna wae ta, ra usah dipikir. Aku wis ngerti, dheweke tukang ngapusi.”*

*“Jarna bae lah, ora usah digagas. Nyonge wis maklum, dheweke tukang ndopak.”*

*“Jarna ae lah, gak usah dipikir. Aku sih wis ngerti, dheweke tukang goroh.”*

Tuladha ing nginggil kanthi ewah-ewahan sawetawis saking sumberipun lan dipunjumbuhaken dening *ejaan* ingkang kasampurnakaken. Saking pethikan ing

nginggil wonten tigang *sistem* basa ingkang kaginakaken. Ukara ingkang sepisan ngginakaken *dialek Standar* amargi sedaya tembung ingkang kaginakaken menika baku. Dene ukara ingkang kaping kalih ngginakaken *dialek* Banyumas, titikanipun inggih menika ngginakaken tembung ‘bae’ ingkang tegesipun ‘kemawon’ ing *dialek Standar* saha tembung ‘nyonge’, menawi ing *dialek Standar* kangge nyebut ‘kula’. Ukara ingkang pungkasan ngginakaken *dialek* Surabaya, titikanipun saking tembung ‘ae’ ingkang tegesipun ‘kemawon’ ing *dialek Standar* lan wontenipun *partikel* ‘sih’ ingkang dados ciri mirunggan ing *dialek* Surabaya. Menika nedahaken bilih, sinaosa dereng mangretos asal-usul *penutur* ananging saking *sistem* basa ingkang dipunginakaken saged dipundugi kinten-kinten priyantun menika saking pundi asalipun.

Para *panutur* salah satunggalipun *dialek*, sinaosa piyambakipun gadhah *idiolek* piyambak-piyambak ananging *idiolek* menika kathah bab ingkang sami ingkang nedahaken bilih piyambakipun kalebet ing *dialek* ingkang sami, ingkang beda kaliyan sakempalaning panutur sanes, ingkang wonten ing *dialek*ipun piyambak kanthi ciri mirunggan sanes ingkang dados titikan *dialek*ipun ugi. Tuladhanipun basa Jawa *dialek* Banyumas gadhah ciri mirunggan ingkang beda kaliyan ciri mirunggan *dialek* basa Jawa Pekalongan, *dialek* Semarang utawi *dialek* Surabaya. Awit saking menika Alwasilah (1985: 50-51) paring dudutan titikan dialek miturut para winasis ing ngandhap menika:

- a) Basa kadhapuk saking mapinten-pinten *dialekipun* sakempalaning *penutur* tartamtu. Sinaosa kados mekaten, antawisipun kempalan *penutur* setunggal kaliyan sanesipun nalika wicantenan ngginakaken *dialekipun* piyambak saged sami mengretos (*mutual intelligibility*).
- b) Anggenipun malih jinising *dialek* saged adhedhasar *faktor* tlatah (*regional*), wektu (*temporal*), lan *sosial*. Setunggal *dialek* ingkang beda kawawas saking pocapan, tata basa, lan kawruh basa.
- c) *Dialek* inggih menika *sub unit* saking basa (ingkang asalipun saking basa setunggal ingkang sami). Dipunsarujukki dados basa *nasional*, ingkang mujudaken kasusastran lan amargi pawadan tartamtu ndadosaken linangkung tinimbang *dialek-dialek* sanesipun, amargi kalangkungan menika basa gadhah *prestise fungsi* tinimbang *dialek*.

*Dialek* minangka salah setunggaling *sub* basa gadhah titikan basa. Kangge nemtokaken menapa ingkang dipungendikaken salah setunggaling masarakat ing tlatah tartamtu menika basa utawi *dialek*, prelu dipunmangretos titikan ingkang saged mbedakaken kekalihipun kanthi cetha. Keraf (ing Zualeha, 2010: 1) ngandharaken bilih adhedhasar ngelmu *geografi*, inggih menika ngelmu basa ingkang mligi nyinau *variasi-variasi* basa adhedhasar prabeda *lokal* saking *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingualipun*. *Proses* ewah-ewahan menika saged kawawas saking *proses fonologis, morfologis, sintaksis, lan leksikologi sarta semantik*.

Ing basa Indo-Eropa, Meiler (ing Zulaeha, 2010: 31) ngandharaken bilih *dialek* boten saged katemtokaken kanthi pesthi kejawi dipuntemtokaken adhedhasar *sistem fonetis-fonologis, morfologis, sintaksis, lan leksikal*. Jumbuh kaliyan Guiraud ing Ayatrohaedi (ing Zulaeha, 2010: 31) ngandharaken bilih wonten gangsal werni titikan prabeda *dialek*. Gangsal prabeda menika dipunandharaken kados mekaten:

- a) Prabeda *fonetik* Guiraud (ing Zulaeha, 2010: 31). Prabeda menika wonten ing ngelmu *fonologi* lan padatanipun *penutur dialek* utawi basa menika boten mangretos wontenipun prabeda menika, kados ta:

<b>Basa Jawi Standar</b>	<b>Dialek Surabaya</b>	<b>Makna</b>
[durUŋ]	[dorUŋ]	‘dereng’
[rukUn]	[rokUn]	‘rujuk malih’
[urIp]	[orIp]	‘gesang’

- b) Prabeda *semantik*, inggih menika kariptaning tembung-tembung enggal adhedhasar prabeda *fonologis* utawi ewah-ewahaning wujud lan wujud tembung ingkang beda. Ing kawontenan menika padatanipun sinartan ewahing makna tembung kasebut. *Geseran* utawi ewah-ewahan kasebut wonten kalih jinis, inggih menika *sinonimi* lan *homonimi*. *Sinonimi* kasebut ugi tembung ingkang memper utawi padha, tegesipun inggih menika peparinging nama utawi panandha ingkang beda kangge samukawis *basa Jawi* utawi patandha ingkang sami ing papan ingkang beda. Kados ta, [siyəm] basa Jawi Kudus, [jipaŋ] basa Jawi Semarang kaliyan [jəpan] basa Jawi *Standar*. *Geseran* ingkang dipunwatani *homonimi*

inggih menika maringi nama ingkang sami kangge bab ingkang beda ing saperangan papan ingkang beda. Kados ta [mari] basa Jawi Solo ingkang ateges ‘dhangane’ kaliyan [mari] basa Jawi Malang kangge konsep ‘bibar/ sampun’.

- c) Prabeda *onomasiologis* ingkang nedahaken nama ingkang beda adhedhasar setunggal konsep ing mapinten-pinten papan ingkang beda Guiraud (ing Zulaeha, 2010: 33). Tuladhanipun ngrawuhi adicara genduren, ing saperangan tlatah basa Jawi tartamtu mastani [kajatan], menika awit pamanggih bilih para tamu awit wontenipun hajat lan para tamu rawuh kanthi paring donga pangestu supados hajatipun ingkang kagungan kersa tansah kajangkung. Ewa dene ing papan sanes kasebut [kondajan]. Menika amargi para tamu sami ngrawuhi adicara menika awit dipunundang. Dados, prabeda menika awit bedanipun *sudut pandang* ingkang dipunginakaken kangge negesi prastawa utawi kadadosan ingkang lumampah.
- d) Prabeda *semasiologis* minangka kosok wangsulipun saking prabeda *onomasiologis*, inggih menika peparinging nama ingkang sami kangge mawarni-warni *konsep* ingkang beda, Guiraud (ing Zulaeha, 2010: 34) tuladhanipun, tembung randha lan ngukur ing basa Jawi. Tembung randha [rɔndɔ], ingkang tegesipun (1) priyantun estri ingkang boten kagungan semah, (2) priyantun estri ingkang sampun boten kagungan jodho utawi dipuntilar semahipun, (3) nama salah satunggaling tetedhan ingkang asalipun saking tela. Tembung ngukur, [ŋukU r] ingkang tegesipun (1) ngetang tebihipun kitha A lan kitha B; ngetang

panjang kain utawi ngetang wiyaripun siti, (2) ngukur kulit utawi perangan badan ingkang kraos gatel utawi sasmitanipun priyantun ingkang mangu-mangu.

- e) Prabeda *morfologis*, ingkang winates wontenipun *sistem* tata basa ingkang wonten gayutipun dening *frekuensi morfem-morfem* ingkang beda, dening kaginanipun ingkang caket, dening wujud *fonetis*ipun, dening daya raosipun, lan dening pawadan sanesipun Guiraud (ing Zulaeha, 2010: 34). Tuladhanipun, ponakan kaliyan keponakan ‘putra saking sedherek tunggal bapak kaliyan ibu’ wontenipun ater-ater ke- ingkang asalipun saking basa Indonesia *konfiks* {ke-/an} *penominalan* utawi kangge pambada. Ing basa Jawi baku dipunginakaken ponakan.

Miturut pamanggihipun para winasis ing nginggil saged dipunpendhet dudutan. Dudutanipun inggih menika bilih *dialek* inggih menika *variasi* basa ingkang wonten gayutipun kaliyan tlatah utawi papan *geografis*. *Dialek* ingkang wonten gayutipun kaliah papan *geografis* ugi asring kasebut *dialek geografis*.

#### **4. Basa Jawi Standar**

Miturut Wedhawati (2006: 13) Basa Jawi *dialek Standar* dipunginakaken ing tlatah Yogya lan Solo. Pramila asring dipunsebut *dialek* Yogya-Solo. *Dialek Standar* menika kanthi ewah-ewahan *isiolek*, ugi dipunginakaken ing tlatah saindenging Ngayogyakarta, kados ta Purworejo, Magelang, Temanggung, saha saperangan kabupaten ing Surakarta, kados ta Klaten, Karanganyar, Sukoharjo, Wonogiri.

Minangka *dialek* ingkang dipunginakaken ing tengahan, *dialek standar* gadhah *wilayah antara* utawi *wilayah peralihan*. Tlatah peralihan ing iring wetan wonten ing Pacitan, Madiun, saha Grobogan; tlatah peralihan iring kilen ing saindhenging Prembun, Wonosobo, lan Banjarnegara.

Wedhawati (2006: 14-17) ugi ngandharaken bilih wontenipun *kekhasan lingual* ing basa Jawi *Standar*. *Kekhasan* menika awujud *tata swara* utawi kawastanan *fonetik*, *struktur* utawi kawastanan *gramatikal*, lan *kosa kata* utawi kawastanan *leksikon*. Wondene, saben *kekhasan* kala wau saged kawawas kala wau ing ngandhap menika.

#### a) *Kekhasan Tata Swara (Fonetik) Dialek Standar*

*Dialek Standar* gadhah enem *fonem vokal* lan tiga likur *fonem konsonan*. Minangka setunggal *dialek*, *fonem dialek Standar* nedahaken *kekhasan* menawi katandhingaken kaliyan *dialek* sanesipun. *Kekhasan fonem* menika kaperang dados kalih, inggih menika *kekhasan fonem vokal* lan *fonem konsonan*.

##### 1) *Kekhasan Fonem Vokal*

Ing basa Jawi *Standar* menika wonten *kekhasan fonem vokal*. *Kekhasan fonem vokal* menika dipundadosaken ciri mirunggan basa Jawi *Standar* menawi katandhingaken kaliyan *dialek* sanesipun. *Kekhasan fonem vokal* ingkang wonten ing basa Jawi *Standar*, kaandharaken ing ngandhap menika.

(a) *Fonem /i/* ingkang mapan wonten ing suku *ultima* (suku pungkasan) katutup kaucapaken [ɪ], ananging ing *dialek* sanesipun kaucapaken [i] (ing *dialek* Banyumas) utawi [ä] (ing *dialek* Pesisir Utara-Tengah).

(b) *Fonem /u/* ingkang mapan ing suku *ultima* katutup kaucapaken [U], ananging ing *dialek* sanesipun kaucapaken [u] (ing *dialek* Banyumas) utawi [ɔ] (ing *dialek* Pesisir Utara-Tengah).

(c) *Fonem /a/* ingkang mapan ing suku *ultima* katutup kaucapaken [a], dene ingkang mapan ing suku *ultima* kabikak kaucapaken [ɔ]. Ing *dialek* sanes *fonem* menika kaucapaken (1) [a] ing *dialek* Banyumas, sae mapan ing *ultima* menapa ing *penultima* lan (2) [ɔ] ing *dialek* Pesisir Utara-Tengah, sae mapan ing *ultima* menapa ing *penultima*. *Kekhasan dialek* ing nginggil saged dipunpriksani ing tuladha ngandhap menika.

**Tabel 1: Tuladha Kekhasan Fonem Vokal Basa Jawi Standar**

<i>Fonem</i>	<i>Ortografi</i>	<i>Dialek Standar</i>	<i>Dialek Banyumas</i>	<i>Dialek Pesisir Utara-Tengah</i>	<i>Gloss</i>
/i/	Getih	[g <sup>h</sup> ətɪh]	[g <sup>h</sup> ətih]	[g <sup>h</sup> ətɛh]	Rah
/u/	Abuh	[ab <sup>h</sup> Uh]	[ab <sup>h</sup> Uh]	[ab <sup>h</sup> Uh]	Abuh
/a/	Lenga	[ləŋɔ]	[ləŋɔʔ]	[ləŋɔ]	Lisah
	Kancamu	[kancamu]	[kancane koweʔ]	[kɔncɔmu]	Kanca panjenengan

## 2) *Kekhasan Fonem Konsonan*

*Kekhasan fonem konsonan* ingkang wonten ing *dialek Standar* inggih menika *fonem /p/, /t/, /k/, lan /?/* menawi katandhingaken kaliyan *dialek Banyumas*, lan *fonem /w/, /m/, /h/* menawi katandhingaken kaliyan *dialek Surabaya*. Andharan saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(a) *Fonem /p/* ingkang mapan wonten ing pungkasan tembung kaucapaken */b/* ing *dialek Banyumas*.

(b) *Fonem /k/* ingkang mapan wonten ing pungkasan tembung kaucapaken */g/* ing *dialek Banyumas*.

(c) *Fonem /?/* ingkang mapan wonten ing pungkasan tembung kaucapaken */k/* ing *dialek Banyumas*.

(d) *Fonem /t/* ingkang mapan wonten ing pungkasan tembung kaucapaken */d/* ing *dialek Banyumas*.

(e) *Fonem /w/* ingkang mapan wonten ing wiiwtan tembung kaucapaken */w<sup>h</sup>/* ing *dialek Surabaya*.

(f) *Fonem /m/* ingkang mapan wonten ing wiiwtan tembung kaucapaken */m<sup>b</sup>/* ing *dialek Surabaya*.

(g) *Fonem /h/* ingkang mapan ing pungkasan tembung ical ing *dialek Surabaya*.

**Tabel 2: Tuladha Kekhasan Fonem Konsonan Basa Jawi Standar**

<i>Fonem</i>	<i>Ortografi</i>	<i>Dialek Standar</i>	<i>Dialek Banyumas</i>	<i>Gloss</i>
/p/	Sebab	[səb <sup>h</sup> ap]	[səb <sup>h</sup> ab]	Sebab
/k/	Godhog	[gɔɖɔk]	[gɔɖɔk]	Godhog
/?/	Pundhak	[punaʔ]	[pundhak]	Pundhak
/t/	Lemut	[ləmUt]	[ləmUt]	Lemut
/w/	Wolu	[wɔlu]	[w <sup>h</sup> ɔlu]	Wolu

/m/	Mlayu	[m <sub>l</sub> ayu]	[m <sup>h</sup> layu]	Mlajer
/h/	Ambah	[amb <sup>h</sup> ah]	[amb <sup>h</sup> a]	Jajah

### b) Kekhasan Gramatikal Dialek Standar

Basa Jawi *dialek Standar* gadhah *afiks* (wuwuhan) inggih menika *prefiks* (ater-ater), *infiks* (seselan), *sufiks* (panambang) lan *konfiks* (wuwuhan bebarengan). Menawi dipuntingali saking *proses afiks* (wuwuhan) nedahaken prabeda menawi katandhingaken kaliyan *dialek* sanesipun. Prabeda kala wau inggih menika ater-ater ing *dialek Standar* inggih menika {pa-, paN-, pi-, pra-, pri-, sa-/ se-, ka-/ ke-, mer-, N-, tak-, kok-, kuma-, kapi-, mi-}. Ater-ater ingkang nedahaken prabeda kaliyan *dialek* sanesipun inggih menika {tak-/ dak, kok-}. Saben tuladha ater-ater {tak-/ dak, kok-} saged kawawas ing ngandhap menika.

Tabel 3: Tuladha Kekhasan Ater-ater (*Prefiks*) *Dialek Standar*

<i>Prefiks</i>	<i>Dialek Standar</i>	<i>Dialek Banyumas</i>	<i>Dialek Pesisir Utara-Tengah</i>	<i>Gloss</i>
{tak-/ dak-}	[taʔ/daʔtuku]	[təktuku]	[taʔtuku]	Dipunpundhut panjenengan
{kok-}	[koʔtulUŋ]	[ditulunɪ kowɛ]	[moʔ/ mboʔtulUŋ]	Dipuntulung panjenengan

Seselan utawi *infiks* ing *dialek Standar* wonten kalih, inggih menika {-in-} lan {-um-/ -em-}. Seselan menika boten nedahaken prabeda menawi katandhingaken

kaliyan *dialek* sanesipun. Tegesipun bilih seselan ing *dialek Standar* sami kaliyan seselan ing *dialek* sanesipun.

Panambang utawi *sufiks* ing *dialek Standar*, inggih menika {-an, -ku, -mu, -é/-né-, -a, -i, -(a)ké, -en, -na, -ana}. *Satuan ukuran jumlah*, inggih menika {-iji, -las/ -welas, -puluh/ -jinah, -likur, -atus, -ewu, -yuta, kaping/ ping}. Panambang ingkang nedahaken prabeda menawi katandhingaken kaliyan *dialek* sanes inggih menika {(a)ké, -na, -mu}. Tuladha andharan ing nginggil saged kawawas ing ngandhap menika.

**Tabel 4: Tuladha Kekhasan Panambang (Sufiks) Dialek Standar**

<i>Sufiks</i>	<i>Dialek Standar</i>	<i>Dialek Banyumas</i>	<i>Dialek Pesisir Utara-Tengah</i>	<i>Gloss</i>
{-a(ké)}	[g <sup>h</sup> amb <sup>h</sup> arak(a)ke]	[g <sup>h</sup> amb <sup>h</sup> arak(a)kə]	[g <sup>h</sup> amb <sup>h</sup> arak(a)ke]	Nggambaraken
{-na}	[tulɪsnɔ]	[tulɪsna?/ tulɪskən]	[tulɪsnɔ]	Nyerataken
{-mu}	[ib <sup>h</sup> umu]	[ib <sup>h</sup> une kowɛ]	[ibuəm]	Ibu panjenengan

*Konfiks* ing basa Jawi inggih menika {paN/-an-, pi/-an, ka/-an, pra/-an, N/-i, N/-a(ké), N/-a, N/-an, mi- -i, tak/-(a)ké/né-, tak/-i, kok/-(a)ké-, kok/-i, di/-(a)ké, di/-i, di/-ana, ke/-a, ka- -ana, ka/-na, ka/-(a)ké, ka/-an, ke/-en, kami/-en, -in/-an, -in/-(a)ké, -in/-ana, -in/-na, -in/-é, sa/-é}. Prabeda ingkang nedahaken *kebersisteman* ing wuwuhan (*prefiks*) saha panambang (*sufiks*) ugi ing *konfiks*. Tuladhanipun, panambang {-a(ké)} ing *dialek Standar* ingkang dados {-a(ken)} ing *dialek* Banyumas ugi ing wuwuhan bebarengan, tuladhanipun wuwuhan bebarengan {-di/-(a)ké} ing *dialek Standar* dados {-di/-(a)ken} ing *dialek* Banyumas.

Tabel 5: Tuladha Kekhasan Konfiks Dialek Standar

<i>Konfiks</i>	<i>Dialek Standar</i>	<i>Dialek Banyumas</i>	<i>Dialek Pesisir Utara-Tengah</i>	<i>Gloss</i>
{tak-/- (a)ké}	[taʔb <sup>h</sup> alɛkʔake]	[taʔb <sup>h</sup> alɛkʔakən]	[takb <sup>h</sup> alɛkake]	Panjenengan kunduraken
{kok-/- ana}	[kɔʔd <sup>h</sup> ɛlɛhnɔ]	[d <sup>h</sup> iɔ <sup>h</sup> ɛlɛhkənmarɪ ŋkɔwe]	[kɔk <sup>h</sup> d <sup>h</sup> ɛlɛhnɔ]	Panjenengan sukakaken

Miturut Sasangka (2001: 75) wuwuhan bebarengan utawi *konfiks* kaperang dados kalih, inggih menika wuwuhan bebarengan rumaket lan wuwuhan bebarengan tan rumaket. Wuwuhan bebarengan rumaket inggih menika wuwuhan ingkang mapan wonten ing tembung lingga kanthi rumaket utawi *serentak*. Inggang dipunmaksud rumaket inggih menika ater-ater lan panambang kedah kaimbuhaken ing tembung lingga kanthi sesarengan, boten saged kapethil-pethil utawi boten saged kapisah-pisah. Wuwuhan rumaket menika ugi kasebut *konfiks*. Wuwuhan sesarengan ing basa Jawi inggih menika {ka-/-an}, {ke-/-en}, {pa-/-an}, {paA-/-an}, lan {pra-/-an}.

Gegayutan bab basa Jawi minangka basa baku, Kartomihardjo (1981: 61) ngandharaken bilih basa baku sejatosipun boten sanes inggih salah setunggalipun *variasi* utawi *dialek* ingkang dipunakeni dening sedaya masarakat ingkang ngginakaken *variasi* menika. Basa baku limrah kaginakaken ing kawontenan *resmi* ingkang padatanipun ing sesambetan *formal*, inggih menika sesambetan ingkang boten akrab. Miturut Adisumarto (1993: 37) basa baku inggih menika basa utawi *dialek* ingkang sampun dipuntampi dipunangge ing kawontenan *resmi*.

Jumbuh kaliyan pamanggihipun Chaer (2006: 4) ingkang dipunmaksud basa baku inggih menika salah setunggalipun *ragam* basa ingkang dipundadosaken pokok, dhasar ukuran utawi *standar*. *Ragam* basa menika asring dipunangge ing.

- a) *Komunikasi resmi*, inggih menika ing serat *resmi*, serat *dinas*, *pengumuman-pengumuman* ingkang dipunwedalaken *instansi resmi*, *perundang-undangan*, *penanaman*, lan *peristilahan resmi*, lsp.
- b) *Wacana teknis*, kados ta ing lapuran *resmi*, *karangan ilmiah*, buku pasinaon, lsp.
- c) Pangandikan ing ngajengipun priyantun kathah, kados ta ing ceramah, kuliah, *khotbah*, lsp.
- d) Pangandikan kaliyan priyantun ingkang dipunurmati, dipunajeni, lsp.

Saking andharan ing ngingggil saged dipunpundhut dudutan. Dudutanipun inggih menika basa baku priyantun Jawi inggih menika Basa Jawi *Standar*, amargi basa menika ingkang langkung alus menawi katandhingaken kaliyan *dialek* basa Jawi sanesipun, lan jumbuh kaliyan pandom basa Jawi ingkang wonten. Ing panaliten menika basa Jawi *Standar* dipunginakaken srana tetandhingan kaliyan basa Jawi *dialek* Surabaya ingkang kaginakaken ing kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

## 5. Basa Jawi *Dialek* Surabaya

*Dialek* Surabaya utawi asring kawastanan basa *Suroboyoan* inggih menika salah setunggalipun *dialek* basa Jawi ingkang dipunlesanaken ing Surabaya lan sakiwa tengenipun. *Dialek* menika ngrembaka lan dipunginakaken dening masarakat

Surabaya lan sakiwa tengenipun. Menawi kawawas saking *struktural* basa, basa *Suroboyoan* saged winastan basa ingkang paling kasar. Sinaosa mekaten, basa alus taksih dipunginakaken dening saperangan priyantun Surabaya minangka wujud urmat dhateng priyantun sanes. Ananging panganggening basa Jawi alus (madya ngantos krama) ingkang kaginakaken ing Surabaya boten sealus basanipun priyantun Jawa Tengah menapa mailh menawi katandhingaken kaliyan basanipun priyantun Ngayogyakarta lan Surakarta.

Watesing tlatah panganggenipun *dialek Suroboyoan* kinten-kinten ngantos tlatah kidul Perak (Kab. Jombang ngantos Tanjung Perak ing Surabaya). Tlatah Perak ler taksih ngginakaken *dialek* Surabaya, dene Perak kidul sampun ngginakaken *dialek* kilenan. Malang (saperangan *daerah* ing tlatah Kabupaten lan kitha Malang ugi ngginakaken *dialek* Surabaya). Tlatah saleripun Madura, saperanganipun priyantun Madura saged ngginakaken *dialek* menika kanthi sae. Tlatah kilen inggih menika talatah Gresik, talatah Lamongan. Perangan wetan dereng dipunmangretos kanthi pesthi, ananging ing sadawanipun pesisir tengah Jawa Timur, (Pasuruan, Probolinggo ngantos Banyuwangi) *dialek* menika ugi kathah dipunginakaken. (<http://infobimo.blogspot.co.id/2013/11/macam-varian-dialek-dialek-bahasa-jawa.html?m=1>.)

Priyantun Surabaya asring ngginakaken *partikel* rek minangka ciri mirunggan piyambakipun. *Partikel* menika saking tembung arek, ing *dialek* Surabaya minangka gantosipun tembung bocah ‘anak’ ing basa Jawi *Standar*. *Partikel* sanes inggih

menika sih [sih] ing basa Indonesia sami kaliyan *partikel* sih [sih] ing *dialek* Surabaya.

Priyantun Surabaya ugi asring ngucapaken tembung titip dipunucapaken [tItIp], /i/ dipunucapaken [i] lan tembung tutup dipunucapaken [totUp], /u/ dipunucapaken kados [o] ing tembung soto. Kejawi saking menika, *vokal* asring dipundamel *hambat*, kados ta tembung kaya asring dipunucapaken [kɔyɔ?] tinimbang [kɔyɔ] lan tembung bisa asring dipunucapaken [isɔ?] tinimbang [isɔ].

Padatan sanes ing madyaning *penutur dialek* Surabaya inggih menika menawi mahyakaken *konsep* nyangetaken. *Penutur dialek* Surabaya ngginakaken *penekanan* ing tembung lingganipun tanpa dipunwuwuhi tembung sanget ‘temen’ ananging kanthi ewah-ewahan *vokal* tunggal dados *vokal* rangkep. Tuladhanipun kados ta, panas sanget asring kaucapaken puanas, pedhes sanget kaucapaken puedhes, enak sanget kaucapaken uenak utawi suedhep. Kejawi saking menika, ciri sanes saking *dialek* Surabaya inggih menika nalika ndhawuhi ngginakaken tembung kriya kanthi pungkasan panambang –na ingkang memper kaliyan panambang –ke ing basa Jawi *Standar*. Tuladhanipun: “Uripna (Jawi *Standar*: urip-ke) lampune!”. ([wikipedia.org/wiki/Bahasa\\_Jawa\\_Surabaya](http://wikipedia.org/wiki/Bahasa_Jawa_Surabaya))

Miturut Adipitoyo, dkk (1999: 2) panaliten bab basa Jawi *dialek* Surabaya sampun kathah ingkang nglampahi. Menika nedahaken agengipun kawigatosaning para winasis tumrapipun basa Jawi *dialek* Surabaya. Ugi nedahaken *keunikan* lan/

utawi *kemenarikan* basa Jawi *dialek* Surabaya minangka basa *ragam regional* lan/ utawi basa *sub standard*, sae menika kawawas saking bab *struktur* menapa sanesipun.

Ciri mirunggan basa Jawi *dialek* Surabaya menika ugi kaandharaken dening Wedhawati (2006: 22). Piyambakipun ngandharaken bilih basa Jawi *dialek* Surabaya menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar* nedahaken ciri mirunggan, paling boten ing bab *fonetis* saha *gramatikalipun*. Andharanipun saged kawawas ing ngandhap menika.

#### a) Ciri Mirunggan *Fonetis*

Ciri mirunggan *fonetis dialek* Surabaya, inggih menika kawawas ing prabedaning cacahipun *vokal*, wontenipun *korespondensi* swanten ing saperangan tlatah pangangge *dialek* Surabaya, lan pengicalan *fonem* /w/ ing wiwitan tembung.

- 1) Ing saperangan tlatah pangangge *dialek* Surabaya, kados ta Gresik, Pasuruan, Surabaya, Sidoharjo dipuntemahi wolung *fonem vokal*, inggih menika /a/, /i/, /u/, /e/, /o/, /ɔ/, /ə/, /ɛ/. Menika jumbuh kaliyan *pasangan minimal* /amba/ [ɔmbɔ] ‘wiyar’ lan amba [ambah] ‘jajah’ lan /kabe/ [kabe] ‘kaluwarga *berencana*’ lan /kabeh/ [kabeh] ‘sedaya’.
- 2) Wontenipun *korespondensi* swanten [eh] kaliyan [lh] kados ta ‘mulih’ ateges kundur ingkang dados [muleh] lan [mulih] sarta [oh] kaliyan [Uh] kados ta abuh ingkang dados [aboh] lan [abUh] ing tlatah Tuban lan Bojonegoro.

- 3) Wontenipun pengicalan *fonem* /w/ ingkang wonten ing wiwitan tembung ing saperangan pangangge kados ta tembung wetan dados [ətan], weruh dados [ərU(h)] utawi [əro(h)] lan wutuh dados [utU(h)].

#### b) Ciri Mirunggan Gramatikal

Ciri mirunggan *gramatikal* ing *dialek* Surabaya, menawi dipuntandhingaken kaliyan *dialek Standar* inggih menika ngengingi tataran *morfologi* lan *sintaksis*. Ciri mirunggan *sintaksis* ngengingi ciri mirunggan *struktur frasa* lan ukara. Ciri mirunggan menika padatanipun dipunangge namung ing tlatah pangangge *dialek* Surabaya. Ciri mirunggan ingkang mbedakaken *dialek* Surabaya menawi katandhingaken kaliyan *dialek* sanesipun saged dipuntingali ing ngandhap menika.

- 1) wontenipun *afiks* {-(n)em} minangka panandha *milik persona* II,
- 2) wontenipun *afiks* {-leh} minangka panandha *imperative*,
- 3) wontenipun wujud ‘tik’ minangka panandha *verba pasif* lan *kata depan*,
- 4) wontenipun wujud dwi purwa saperangan ingkang nedahaken makna ‘ngginakaken’, lan
- 5) wontenipun *pemosesifan* kanthi pola *pronominal posesif* ingkang nglangkungi *nomina*, tuladhanipun *sunanak* ‘anak kula’, *sunoma* ‘griya kula’.

**Tabel 6: Prabeda Ciri Mirunggan Gramatikal ing Basa Jawi Standar lan Dialek Surabaya**

<i>Prefiks</i>	<i>Dialek Surabaya</i>	<i>Dialek Standar</i>	<i>Gloss</i>
{-(n)em}	Kalungem	Kalungmu	Kalung panjenengan

{-leh}	Bakarleh	Bakaren	Ndhawuhi supados mbakar
{-tik}	Tiksapu	Disapu	Ndhawuhi supados nyapu
{tik}	Tikoma	Ning omah	Wonten dalem
Dwipurwa	Gegelung	Gelungan	Gelungan

Ciri mirunggan ing tataran ukara ing *dialek* Surabaya kawawas ing pandhapukipun *struktur pasif* kaliyan lakon *persona* I utawi II. Ing *dialek* Surabaya *pemasifan* katindakaken kanthi *struktur* di-V (ambèk) + *pronominal persona* I utawi II. Ing *dialek Standar* *pemasifan* katindakaken kanthi *struktur* tak-V utawi kok-V. Tuladhanipun ing ngandhap menika.

**Tabel 7: Prabeda Ciri Mirunggan Sintaksis ing Basa Jawi Standar lan Dialek Surabaya**

<i>Struktur Sintaksis</i>	<i>Dialek Surabaya</i>	<i>Dialek Standar</i>	<i>Glos</i>
di-V ambek aku	Wit gedhang dipekul ambek aku.	Wit gedhang takpikul.	‘Wit pisang kula pikul’
di-V ambek kowe	Wit gedhang dipekul ambek kowe.	Wit gedhang kokpikul.	‘Wit pisang dipunpikul panjenengan’

Dene miturut Soetoko dkk. (1984: 18) *latar belakang penutur, daerah asal*, saged kawawas cetha saking panandhanipun. Panandha menika kawawas saking *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual*ipun, inggih menika saged dipuntingali saking *proses fonologis, morfologis, lan leksikal* ingkang dipunginakaken ing pangandikan saben dintenipun dening pangangge *dialek* kasebut. Andharan saben *proses*ipun saged kawawas ing ngandhap menika.

**a) Proses Fonologis**

*Fonologi* ing basa Inggris kasebut *phonology*, dene ing basa Jawi kasebut widya tembung, inggih menika ngelmu *linguistik* ingkang nyinau swanten basa. Basa inggih menika salah setunggal *kajian* kados pundi *struktur* lan *fungsi* swanten ingkang wonten ing basa-basa *fonologi* kaperang dados *fonetik* dan *fonemik* (Nurhayati lan Siti Mulyani, 2006: 28-29). *Fonetik* inggih menika nyinau kados pundi *indra* pangandikan manungsa kangge ngendika anggenipun ngasilaken swanten basa, kados pundi *hakikat* swanten kasebut (ing bab menika kados pundi *frekuensipun*, *intensitasipun lan timbrenipun*), lan kados pundi kedhering *udara* minangka swanten basa ingkang dipuntampi dening *indra* pamireng manungsa. Prabeda ing *proses fonologis* kaperang dados kalih. Kalih perangan ing *proses fonologis* inggih menika aksara swara (*vokal*) lan aksara *konsonan*.

### 1) *Vokal* (Aksara Swara)

*Vokal* saged ugi winastan aksara swara. Prabeda ing perangan *vokal* kaperang dados *fonem* /i/ kaucapaken [I], *fonem* /u/ kaucapaken [o] lan ewahing *fonem* tunggal dados *fonem* rangkep. Andharanipun saged kawawas ing ngandhap menika.

#### i) *Fonem* /i/ Kaucapaken [I]

Tabel 8: Tuladha *Fonem Vokal* /i/ Kaucapaken [I]

Basa Jawi Standar	Dialek Surabaya	Makna
sithik [siɬiʔ]	[sɪɬiʔ]	Sekedhik
wiwit [wiwɪt]	[wiwɪt]	Lekas
dhisik [ɖisɪʔ]	[ɪsɪʔ]	Langkung rumiyin

Saking *tabel 8* saged kawawas bilih ing *proses fonologis* wonten prabeda *pelafalan dialek* Surabaya menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Tuladhanipun inggih menika tembung sithik [sɪtɪʔ] ‘sekedhik’, wiwit [wiwɪt] ‘lekas’, lan dhisik [dɪsɪʔ] ‘langkung rumiyin’ ing basa Jawi *Standar*, dipunlesanaken [sɪtɪʔ] [wiwɪt], lan [ɪsɪʔ] ing *dialek* Surabaya. Saking andharan ing nginggil nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya kanthi titikan ewah-ewahan *vokal* /i/ kaucapaken dados [ɪ].

ii) *Fonem /u/ Kaucapaken [o]*

*Tabel 9: Tuladha Fonem Vokal /u/ Kaucapaken [o]*

<b>Basa Jawi Standar</b>	<b>Dialek Surabaya</b>	<b>Makna</b>
luwih [luwɪh]	[lowɪh]	Langkung
durung [durUŋ]	[dorUŋ]	Dereng
umum [umUm]	[omUm]	Adat sabenipun

Saking *tabel 9* saged kawawas bilih ing *proses fonologis* wonten prabeda *pelafalan dialek* Surabaya menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Tuladhanipun inggih menika tembung luwih [luwɪh] ‘sekedhik’, durung [durUŋ] ‘dereng’, lan umum [umUm] ‘padatan’ ing basa Jawi *Standar*, dipunlesanaken [lowɪh], [dorUŋ], lan [omUm] ing *dialek* Surabaya. Saking andharan ing nginggil nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya kanthi titikan ewah-ewahan *vokal* /u/ kaucapaken dados [o].

### iii) Ewahing *Fonem Tunggal* Dados *Fonem Rangkep*

Tabel 10: Ewahing *Fonem Tunggal* Dados *Fonem Rangkep*

Basa Jawi Standar	Dialek Surabaya	Makna
cilik [cilIʔ]	[cu <sup>w</sup> ilIʔ]	Alit sanget
ciyut [ciyUt]	[cu <sup>w</sup> iyUt]	Ciyut sanget
dawa [dɔwɔ]	[du <sup>w</sup> ɔwɔ]	Panjang sanget

Saking tabel 10 saged kawawas bilih ing *proses fonologis* wonten prabeda *pelafalan dialek* Surabaya menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi Standar. Prabedanipun inggih menika wontenipun ewah-ewahan *vokal tunggal* dados *vokal rangkep* utawi *diftong* ing *dialek* Surabaya. *Diftong* inggih menika *vokal* ingkang cacahipun kalih ingkang beda wujudipun lan mapan ing salah setunggalipun wanda (Sasangka, 2001: 8). Tuladhanipun inggih menika tembung [cu<sup>w</sup>ilIʔ] ‘alit sanget’, [cu<sup>w</sup>iyUt] ‘ciyut sanget’, lan [du<sup>w</sup>ɔwɔ] ‘wetan’ ing basa *dialek* Surabaya, dene ing basa Jawi Standar dipunlesanaken biasa [cilIʔ], [ciyUt], lan [dɔwɔ] amargi basa Jawi Standar boten gadhah *diftong*. *Diftong* kala wau dados ciri mirunggan *dialek* Surabaya lan ginanaipun kangge nyangetaken surasaning tembung.

## 2) *Konsonan*

*Proses fonologis* ingkang kaping kalih inggih menika ngengingi aksara *konsonan*. Prabeda ing perangan *konsonan* inggih menika *icalipun fonem /w/* ing wiwitanipun tembung lan wuwuhan *konsonan /ʔ/* ing pungkasaning tembung. Andharanipun saged kawawas ing ngandhap menika.

**i) Icalipun Fonem /w/ ing Wiwitanipun Tembung**

**Tabel 11: Icalipun Fonem /w/ ing Wiwitanipun Tembung**

<b>Basa Jawi Standar</b>	<b>Dialek Surabaya</b>	<b>Makna</b>
weruh [wərUh]	[ərUh]	Priksa
wutuh [wutUh]	[utUh]	Wetah
wetan [wetan]	[etan]	Wetan

Saking *tabel 11* saged kawawas bilih ing *proses fonologis* wonten prabeda *pelafalan dialek* Surabaya menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Tuladhanipun inggih menika tembung weruh [wərUh] ‘priksa’, wutuh [wutUh] ‘wetah’, lan wetan [wetan] ‘wetan’ ing basa Jawi *Standar*, dipunlesanaken [ərUh], [utUh], lan [etan] ing *dialek* Surabaya. Saking andharan ing nginggil nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya kanthi titikan icaling *fonem /w/* ing wiwitaning tembung.

**ii) Wuwuhan Konsonan /?/ ing Pungkasaning Tembung**

**Tabel 12: Wuwuhan Konsonan /?/ ing Pungkasaning Tembung**

<b>Basa Jawi Standar</b>	<b>Dialek Surabaya</b>	<b>Makna</b>
melu [mɛlu]	[mɛloʔ]	Ndherek
kaya [kɔyɔ]	[kɔyɔʔ]	Kados
biyen [biyɛn]	[biyɛʔ]	Rumiyin

Saking *tabel 12* saged kawawas bilih ing *proses fonologis* ing perangan *konsonan* wonten prabeda *pelafalan dialek* Surabaya menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Tuladhanipun inggih menika tembung melu [mɛlu] ‘ndherek’, kaya [kɔyɔ] ‘kados, lan biyen [biyɛn] ‘rumiyin’ ing basa Jawi *Standar*, dipunlesanaken [mɛloʔ], [kɔyɔʔ], lan [biyɛʔ] ing *dialek* Surabaya. Saking andharan

ing nginggil nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya kanthi titikan wuwuhan *fonem konsonan* /ʔ/ ing pungkasaning tembung.

### b) *Proses Morfologis*

Mulyana (2007: 6) ngandharaken bilih *morfologi* inggih menika *cabang* nglemu *lingustik* (ngelmu basa) ingkang nyinau bab pandhapuking tembung, ewahing tembung, lan *dampak* ewahing tembung tumrapping makna lan *kelas* tembung. Bakunipun *morfologi* inggih menika tembung sinartan pandom pandhapuking saha ewahipun. Awit saking menika, *morfologi* saged kasebut tata tembung.

Prabeda antawisipun basa Jawi *Standar* kaliyan *dialek* Surabaya ing *proses morfologis* ingkang salajengipun, inggih menika *afiksasi*. *Afiksasi* menika ing antawisipun *prefiksasi* (ater-ater), *konfiksasi* (wuwuhan bebarengan), lan *reduplikasi* (rangkep). Pirembagan kaandharaken ing ngandhap menika.

**Tabel 13: Tuladha Prabeda Proses Morfologis ing Basa Jawi Standar kaliyan Dialek Surabaya**

<i>Aspek</i>		<b>Basa Jawi Standar</b>	<b>Dialek Surabaya</b>	<b>Makna</b>
Ater-ater	{ke-}	nuwun [nuwUn]	kesuwun [kəsowUn]	Maturnuwun
Panambang	{-e}	liyane [liyane]	liyae [liyae]	Sanesipun
Wuwuhan bebarengan	{ng- + -i}	marahi [marahi]	nggarahi [ŋgarahi]	Murugaken

Saking *tabel* 13 saged dipunwawas bilih ing *proses morfologis* wonten bedanipun antawisipun basa Jawi *dialek* Surabaya kaliyan basa Jawi *Standar*. Inggih sepisan inggih menika ater-ater, tembung nuwun [nuwUn] ing basa Jawi

*Standar* ewah dados kəsowun [kəsowUn] ing basa Jawi *dialek* Surabaya. *Proses morfologis*ipun {ke-} + suwun= kesuwun [kəsowUn] ingkang ateges ‘maturnuwun’. Tuladha menika nedahaken wontenipun *prefiks* {ke-}ingkang dados ciri mirunggan *dialek* Surabaya.

Pandhapuking tembung ingkang mbedakaken antawisipun basa Jawi *Standar* kaliyan *dialek* Surabaya inggih menika *sufiks* utawi panambang. Tuladhanipun tembung liyane [liyane] ‘sanesipun’ ing basa Jawi *Standar*, ewah dados liyae [liyae] ‘sanesipun’ ing *dialek* Surabaya. Tuladha menika nedahaken bilih wonten prabeda ing perangan panambang antawisipun basa Jawi *Standar* kaliyan *dialek* Surabaya.

*Proses morfologis* sanesipun ingkang nedahaken prabeda ing antawisipun basa Jawi *dialek* Surabaya kaliyan basa Jawi *Standar* inggih menika ing *proses konfiksasi* utawi wuwuhan bebarengan. Tuladhanipun tembung marahi [marahi] ing basa Jawi *Standar* kanthi *proses morfologis*ipun {m-} + warah+ {-i}= marahi ‘murugaken’, ing *dialek* Surabaya ewah dados nggarahi [nggarahi] ‘murugaken’, kanthi *proses morfologis* {ng-} + gara+ {-i}= nggarai ‘murugaken’. Tuladha tembung ing nginggil kalebet wuwuhan bebarengan tan rumaket. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka (2001: 80) bilih wuwuhan bebarengan tan rumaket menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater lan panambang ingkang kasambungaken ing tembung lingga boten sesarengan (*tidak serentak*), nanging setunggal mbaka setunggal. Saking tuladha-tuladha ing nginggil nedahaken bilih wontenipun ewah-ewahan *konfiks* basa Jawi *Standar* ing *dialek* Surabaya.

c) *Proses Leksikal*

Prabeda saking *proses leksikal* kaperang dados kalih, sepisan awujud tembung lingga ingkang taksih kaperang sedasa jinis malih. Sedasa jinis lingga menika (1) tembung sesulih, (2) tembung aran, (3) tembung katrangan wektu, (4) tembung kaanan, (5) tembung kriya, (6) tembung ancer-ancer, (7) tembung wilangan, (8) tembung panggandheng, (9) tembung pitakon, (10) *partikel pelengkap* lan *pelunak* Wondene leksikal ingkang kaping kalih awujud tembung rangkep. Pirembagan kaandharaken ing ngandhap menika.

**Tabel 14: Tuladha Prabeda Proses Leksikal ing Basa Jawi Standar kaliyan Dialek Surabaya**

<b>Wujud</b>	<b>Jinis</b>	<b>Basa Jawi Standar</b>	<b>Dialek Surabaya</b>	<b>Makna</b>
Lingga	Sesulih Aran	kowe [kowe] ager-ager [agər- agər]	koen [kɔən] godir [gɔdɪr]	Panjenengan Ager-ager
	Katrangan wektu	mau [mau]	maeng [maɛŋ]	Wau
	Kaanan	reget [rɛgət]	rusoh [rusɔh]	Reged
	Kriya	mati [mati]	matek [matɛʔ]	Pejah
	Ancer-ancer	nggon [ŋgɔn]	ndhek [ndɛʔ]	Wonten
	Wilangan	sepuluh [sɛpulUh]	sepuluh [sɛpolUh]	Sedasa
	Panggandheng	nganti [ŋanti]	sampek [sampeʔ]	Ngantos
	Pitakon	yagene [yɔgene]	lapo [lapɔ]	Kenging menapa
	<i>Partikel</i>	wae [wae]	ae [ae]	Kemawon
Rangkep	Dwilingga	muring-muring [murlɪ-murɪŋ]	moring-moring [morɪŋ-morɪŋ]	Duka

Prabeda *leksikal* kasebut kadadosan amargi wontenipun prabeda *sudut pandang* antawisipun *penutur* setunggal kaliyan sanesipun. Wujud *leksikal* kaperang dados kalih wujud, inggih menika tembung lingga saha rangkep. *Leksikal* awujud lingga ingkang nedahaken tembung sesulih, tuladhanipun ing basa Jawi *Standar* tembung kowe [kowe] ‘panjenengan’, ing *dialek* Surabaya limrah kaginakaken tembung koen [kɔən] ‘panjenengan’. *Leksikal* ingkang nedahaken tembung aran tuladhanipun ing basa Jawi *Standar* ager-ager [agər-agər] ‘ager-ager’, dene ing *dialek* Surabaya limrah kaginakaken tembung godir [gɔdir] ‘ager-ager’. *Leksikal* ingkang nedahaken katrangan wektu, tuladhanipun kangge nedahaken *konsep* ‘wau’, ing basa Jawi *Standar* ngginakaken tembungmau [mau] dene ing *dialek* Surabaya limrah kaginakaken tembung maeng [maəŋ]. *Leksikal* ingkang nedahaken tembung kaanan tuladhanipun ing basa Jawi *Standar* tembung reget [rəgət] ‘reget’, ing *dialek* Surabaya limrah kagianakaken tembung rusoh [rusɔh]. *Leksikal* ingkang nedahaken tembung kriya tuladhanipun ing basa Jawi *Standar* tembung mati [mati] ‘pejah’ kasebut matek [mateʔ] ‘pejah’ ing *dialek* Surabaya. *Leksikal* ingkang nedahaken tembung ancer-ancer tuladhanipun, kangge nyebut *konsep* ‘wonten/ ing’ basa Jawi *Standar* ngginakaken nggon [ŋgɔn] ‘ing’, dene ing *dialek* Surabaya kaginakaken tembung ndhek [ndeʔ] ‘ing’. *Leksikal* ingkang nedahaken tembung wilangan, tuladhanipun tembung sepuluh ing basa Jawi *Standar* kaucapaken [səpulUh] ‘sedasa’, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken sepuluh [səpolUh]. *Leksikal* ingkang nedahaken tembung panggandheng tuladhanipun kangge nyebut *konsep* ‘ngantos’,

ing basa Jawi *Standar* kaginakaken tembung nganti [ŋanti] ‘ngantos’, dene ing *dialek* Surabaya kaginakaken tembung sampek [sampe?] ‘ngantos’. *Leksikal* ingkang nedahaken tembung pitakon tuladhanipun kangge nyuwun pirsawadanan ing basa Jawi *Standar* ngginakaken tembung yagene [yoꝑene] ‘kenging menapa’, dene ing *dialek* Surabaya kaginakaken lapo [lapo] ‘kenging menapa’. Ingkang pungkasan *leksikal* awujud lingga inggih menika *partikel*, tuladhanipun kangge nyebut ‘kemawon’ ing basa Jawi *Standar* ngginakaken tembung wae [wae] dene ing *dialek* Surabaya ngginakaken ae [ae].

Ingkang kaping kalih inggih menika *leksikal* awujud tembung rangkep. Tuladhanipun ing basa Jawa *Standar* tembung muring-muring [murɪŋ-murɪŋ] ‘duka’ kaucapaken moring-moring [morɪŋ-morɪŋ] ‘duka’ ing *dialek* Surabaya. Tuladha-tuladha menika nedahaken wontenipun prabeda ing perangan *leksikal* ing antawisipun basa Jawi *Standar* kaliyan *dialek* Surabaya.

Saking andharan ing nginggil, lajeng dipunpendhet dudutan. Dudutanipun inggih menika bilih panaliten “*Dialek* Surabaya ing Salebeting Kempalan *Video Youtube* Anggitanipun *Beauty Vlogger* Ini Vindy” menika badhe dipunandharaken *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saking *proses fonologis, morfologis* lan *leksikal* jumbuh kaliyan pamanggihipun Soetoko dkk. (1984: 18). Pawadanipun amargi pamanggih piyambakipun ingkang langkung jangkep lan jumbuh kaliyan *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* ingkang badhe kataliti wonten ing *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

## 6. Fungsi Basa Dialek Surabaya

Kathah ingkang mastani basa menika pirantos kangge wawan pangandikan, tegesipun pirantos kangge mahyakaken penggalihan, gagasan, *konsep*, utawi raos pangraos. Ing madyaning masarakat bangsa Indonesia wonten atusan basa *daerah* sinartan *dialekipun*. Wonten ugi basa asing ingkang dipunsinau malah kepara dipunangge kangge sesambetan kaliyan bangsa sanes, kados ta basa Inggris, basa Arab, basa Jerman, basa Perancis, basa Jepang lan basa Walandi.

Miturut Soeparno (1993: 5) *fungsi umum* basa inggih menika minangka pirantos *komunikasi sosial*. Ing madyaning bebrayan ageng wonten *komunikasi* utawi sesambetan antawisipun masarakat, awit saking menika dipunbetahaken salah setunggalipun sarana ingkang winastan basa. Saben masarakat sampun mesthi gadhah lan ngginakaken pirantos *komunikasi sosial* kasebut.

*Fungsi* basa miturut Halliday (1973) ingkang dipunpethik dening Sadtono (ing Pateda: 1990: 83-84) wonten pitung *fungsi* basa, inggih menika.

1. *Fungsi Instrumental (instrumental)* utawi *direktif* inggih menika *fungsi* basa mligi kangge panganggenipun basa ingkang murugaken wontenipun kawontenan tartamtu. Adhedhasar *teori* ingkang dipunangge saged dipunpundhut dudutan jinis *fungsi instrumental* saha titikanipun kados ing ngandhap menika.
  - a. Ndhawuhi, ingkang titikanipun miturut ngginakaken tembung ingkang kawuwuhan panambang {-a}, {-na}, {-en}, lsp. Tuladhanipun: “Wacanen layang kabar kae, Di!”

- b. Awisan, ingkang titikanipun miturut ngginakaken tembung aja, haywa, lsp. Tuladhanipun: “Aja udud ing njero kelas!”
  - c. Nakyinaken, inggih menika *fungsi instrumental* kanthi titikan ing ukaranipun padatanipun ngginakaken tembung jane, tenan, estu, lsp. Tuladhanipun: “Mau aku weruh Astri ki mangkat sekolah, tenan aku ora ngapusi!”
  - d. Ngrayu, inggih menika *fungsi instrumental* ingkang memper kaliyan ngerih-erih ananging bedanipun adhedhasar raos tresna. Titikanipun inggih menika ngginakaken tetembungan ingkang milut priyantun sanes kanthi raos tresna. Tuladhanipun: “Aku tresna karo awakmu Nit, aja nesu meneh ya?”
  - e. Ngerih-erih, inggih menika *fungsi instrumental* kanthi titikan ing ukaranipun wonten tembung-tembung ingkang murugaken raos ayem utawi ngginakaken pitakenan ingkang ngewrat tembung ya, ta, ora usah lsp. Tuladhanipun: “Le, anggone tumbas tas sesuk wae ora apa-apa ya? Ibu arep rewang dhisik.”
  - f. Ngajak, ingkang titikanipun miturut ngginakaken tembung ayo, mangga, awi, coba, prayoga lsp. Tuladhanipun: “Ayo diurugi uwuhe iki, supaya ora mambu!”
2. *Fungsi Regulatori (regulatory)* utawi *regulasi, fungsi* basa ingkang ngawasi lan ngendhalikaken samukawis prastawa. *Fungsi* menika ancasipun kangge mahyakaken pasarujukan menapa dene kangge nolak. Titikan ingkang nedahaken fungsi menika mahyakaken pasarujukan inggih menika ngginakaken tembung iya, bener, nggih, lsp. Dene titikan ingkang nedahaken *fungsi* menika mahyakaken penolakan padatanipun ngginakaken tembung ora, wegah, aja, lsp. Tuladhanipun:

“Iya, aku sarujuk karo panemumu Le.”, “Aku wegah yen kon mangan jeruk isuk-isuk.”

3. *Fungsi representasional (representational)*, fungsi basa ingkang mengacu kaliyan panganggenipun basa ingkang *menyajikan fakta* lan *pengetahuan*, mahyakaken kasunyatan kados ta ingkang kita wawas. Tuladhanipun: “Drijimu isa keperang yen lemu nganggo peso ora pener, merga kuwi landhep tenan”.
4. *Fungsi Interaksional (interactional)*, fungsi basa ingkang mengacu kaliyan panganggenipun basa ingkang ngupadi supados pangandikan tetep wonten lan boten mandheg. Jinis *fungsi interaksional* saha titikanipun kaandharaken ing ngandhap menika.
  - a. Maturnuwun, inggih menika *fungsi interaksional* kanthi titikan ngginakaken tembung nuwun, suwun, maturnuwun, lsp. Tuladhanipun: “Nuwun ya Nit wis nggawake bukuku sing keru.”
  - b. Sapa aruh, inggih menika *fungsi interaksional* kanthi titikan ing ukaranipun wonten tembung kados ta, he, mas, mbak, lsp. utawi malah kepara langsung nyebut asmanipun tiyang ingkang dipunsapa menawi sampun tepang. Tuladhanipun: “Eh Mas Adi piye kabare? Wis suwe awakedhewe ra ketemu.”
  - c. Nawekaken, inggih menika *fungsi interaksional* kanthi titikan ngginakaken tembung mangga, nyoh, lsp. utawi kadhang kala ngginakaken pitakenan ingkang kapungkasan iya/ ora?. Tuladhanipun: “Sumangga, para tamu kasuwun dhahar saha ngunjuk kanthi mardu mardikaning penggalih.”

5. *Fungsi Personal (personal)*, *fungsi* kangge mahyakaken penggalihan, kepinginan lan raos pribadi. Jinis *fungsi personal* saha titikanipun kaandharaken ing ngandhap menika.
  - a. Bungah, menika *fungsi personal* kanthi titikan ngginakaken tembung-tembung ingkang mahyakaken raos bingah. Tuladhanipun: “Eba bungahe si Endah bisa lulus kuliah kanthi biji A.”
  - b. Mangkel, menika *fungsi personal* kanthi titikan ngginakaken tembung-tembung ingkang mahyakaken raos mngkel. Tuladhanipun: “Pancene bocah nyebahi, sesuk meneh aja ngganggu aku!”
  - c. Cuwa, menika *fungsi personal* kanthi titikan ngginakaken tembung-tembung ingkang mahyakaken raos kuciwa kados ta, yen, upama, ning, lah, aduh lsp. Tuladhanipun: “Yen wingi Rika ora kesusu mulih, paling bocahe bisa slamet seka alangan kuwi.”
  - d. Seneng, menika *fungsi personal* kanthi titikan ngginakaken tembung-tembung ingkang mahyakaken raos remen. Tuladhanipun: “Aku seneng klambi warna kuning merga yen peteng tetep melok.”
6. *Fungsi Heuristik (heuristic)*, *fungsi* basa ingakng ancasipun kangge madosi seserepan utawi *informasi*. Wonten ing pangandikan, asipat nyuwun wangsulan tumraping salah setunggalipun prekawis. Titikanipun *fungsi* menika ngginakaken tembung-tembung pitakenan kados ta, apa, kepriye, sapa, lsp. Tuladhanipun: “Dhawah kenging menapa Dhik?”

7. *Fungsi Imajinatif (imaginative)*, *fungsi* basa ginanaipun kangge ngripta *ide* ingkang *imajinatif*, kados ta nganggit paribasan, parikan, geguritan, cerkak lan novel, utawi pangangen-angen ingkang *fiktif*. Tuladhanipun: “Nek entuk kontrak, aku bisa dadi artis”.

Adhedhasar pamanggih ingkang dipunandharaken para winasis ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan bilih *fungsi* basa wonten gayutipun kaliyan pangangenipun *dialek* Surabaya. *Fungsi* kala wau inggih menika, *fungsi instrumental*, *fungsi representasional*, *fungsi interaksional*, *fungsi regulatori*, *fungsi personal*, *fungsi heuristik*, lan *fungsi imajinatif* kados dene pamanggihipun Halliday (1973) ingkang dipunpethik dening Sadtono (ing Pateda: 1990: 83-84). *Fungsi* basa menika ingkang samangkeh badhe kaandharaken ing panaliten “*Dialek* Surabaya ing Salebeting Kempalan *Video Youtube* Anggitanipun *Beauty Vlogger* Ini Vindy” menika, amargi pamanggihipun Halliday ingkang langkung jangkep lan jumbuh kaliyan *fungsi* basa ingkang wonten ing kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

## **B. Panaliten ingkang Jumbuh**

Panaliten ingkang laras kaliyan panaliten menika ingkang katindakaken dening Ibnu Bekti Murnilasari, Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (PBD), Universitas Negeri Yogyakarta taun 2012. Panaliten Bekti menika kanthi irah-irahan “*Dialek* Surabaya Dalam Novel *Cintrong Paju-Pat Karya Suparto Brata*”. Saking

wosing panalitenipun Ibnu menika saged dipuntingali bilih laras kaliyan panaliten menika. Bab ingkang sami inggih menika sami-sami ngandharaken *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basa *dialek* Surabaya. Ananging bedanipun bilih *subjek* panaliten Ibnu menika awujud novel, asesirah Cintrong Paju-Pat anggitanipun Suparto Brata.

Panaliten ingkang jumbuh kaping kalih inggih menika panalitenipun Surya Ayu Septiyanti asesirah “*Humor Dialek Jawa Timuran Salebeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Bayu Skak*” taun 2014. Panalitenipun Surya menika laras kaliyan panaliten menika menawi dipuntingali saking jinising panaliten saha *sumber data*. Bab ingkang sami inggih menika sami-sami ngginakaken *metode deskriptif*. *Metode deskriptif* inggih menika *metode* ingkang kawiwitan kanthi ngempalaken *data*, mantha-mantha *data*, saha *analisis* ngolah *data*. Dene dipuntingali saking sumber *data*, panalitenipun Surya kaliyan panaliten menika sami-sami ngginakaken kempalan *video* ing *youtube*. Ananging bedanipun, panalitenipun Surya ngginakaken kempalan *video youtube* anggitanipun Bayu Skak. Kajawi saking menika, ingkang dipunrembag ing panalitenipun Surya menika bab jinis, wujud saha *fungsi* humor ing kempalan *video youtube* anggitanipun Bayu Skak.

Wondene ing panaliten asesirah “*Dialek Surabaya Salebeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Beauty Vlogger Ini Vindy*” menika, *subjek* panalitenipun inggih menika *video youtube*. *Objek* panalitenipun inggih menika

*proses ewah-ewahan wujud satuan lingual saha fungsi basa dialek Surabaya salebeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy.*

Ginanipun panaliten ingkang jumbuh tumraping panaliten menika kangge tetandhingan asiling panaliten menika kaliyan panaliten-panaliten ingkang nate katindakaken saderengipun. Kajawi saking menika, panaliten menika dipunajak asung sumbang sih tumrap ngrembakaning ngelmu *Sosiolingustik*.

### **C. Nalaring Panaliten**

*Sosiolingustik* inggih menika salah setunggalipun ngelmu *lingustik* ingkang nyinau bab basa ing salebetipun masarakat, kalebet pandhapuking *unsur basa, struktur, lembaga sosial, saha proses sosial* ing masarakat. Awit latar belakang *penutur* basa ingkang beda-beda (*heterogen*) lan awit kathahipun *kegiatan interaksi sosial* ingkang sami katindakaken, murugaken wontenipun *variasi* basa. Soeparno (1993: 55) ngandharaken jinising *variasi* basa, inggih menika *dialek, idiolek, kronolek, variasi kultur, sosiolek, lan fungsiolek*.

Salah setunggalipun tuladha *variasi* basa inggih menika *dialek* Surabaya. *Dialek* Surabaya utawi asring kawastanan basa *Surabayoan* inggih menika salah satunggaling *dialek* basa Jawi ingkang ngrembaka saha dipunginakaken dening masarakat ing tlatah Surabaya sakiwa tengenipun. Salah setunggalipun pangangge *variasi* basa mliginipun *dialek* Surabaya inggih menika *beauty vlogger* Ini Vindy. Padatanipun para *beauty vlogger* utawi tiyang ingkang damel *video* nuladhani caranipun maes, ngandharaken ngginakaken *variasi* basa. *Variasi* basa ingkang asring


dipunginakaken *beauty vlogger* umumipun inggih menika basa Indonesia lan basa *Inggris*. Ananging, *beauty vlogger* saking Malang, Jawa Timur, inggih menika Ini Vindy kangge ngandharaken caraning maes ing *video youtube* anggitanipun, piyambakipun ngginakaken basa Jawi *dialek* Surabaya minangka salah setunggalipun *variasi* basa.

Awit saking Ini Vindy anggenipun ngandharaken beda kaliyan *beauty vlogger* sanesipun, inggih menika ngginakaken *variasi* basa Jawi *dialek* Surabaya, pawadan menika murugaken kawigatosaning pamiyarsa. Kawigatosan menika tuwuh amargi basa ingkang dipunginakaken menika beda kaliyan basa ingkang dipunangge pawicantenan ing saben dintenipun, mliginipun ing tlatah Ngayogyakarta, Jawa Tengah saha sanesipun. *Dialek* menika gadhah ciri mirunggan menawi dipuntandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Ciri mirunggan menika dipuntingali saking *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* inggih menika, *proses fonologis*, *morfologis*, saha *leksikal*.

*Fungsi* basa salah setunggalipun inggih menika kangge srana *interaksi* saha pawicantenan. Mekaten ugi ing *fungsi* basa *dialek* Surabaya salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy, kajawi kangge srana *komunikasi* ugi wonten *fungsi* basa. *Fungsi* basa kala wau inggih menika, *fungsi instrumental*, *fungsi representasional*, *fungsi regulatori*, *fungsi personal*, *fungsi heuristik* ugi *fungsi imajinatif*.

Panaliten menika asesirah “*Dialek Surabaya Salebeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Beauty Vlogger Ini Vindy*”. Panaliten menika ngandharaken proses ewah-ewahan wujud *satuan lingual* ingkang dipuntingali saking proses fonologis, morfologis, saha leksikal-ipun. Sanesipun proses ewah-ewahan wujud *satuan lingual*, panaliten menika ugi ngandharaken fungsi basa *dialek* Surabaya. Fungsi basa ingkang badhe kaandharaken inggih menika, (1) *fungsi instrumental* (ndhawuhi, awisan, nakyinaken, ngrayu, ngerih-erih, lan ngajak), (2) *fungsi representasional*, (3) *fungsi interaksional* (maturnuwun, sapa aruh, lan nawekaken), (4) *fungsi regulatori* (sarujuk/ nolak), (5) *fungsi personal* (bungah, mangkel, cuwa, lan seneng), (6) *fungsi heuristik* (nyuwun priksa) lan (7) *fungsi imajinatif* (nambahi kaendahan) salabeting kempalan *video youtube anggitanipun beauty vlogger* Ini Vindy. Wondene nalaring panaliten “*Dialek Surabaya Salebeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Beauty Vlogger Ini Vindy*” kagambaraken mawi *bagan* ing ngandhap menika.

**Bagan 1: Nalaring Pikir**



### BAB III

## CARA PANALITEN

#### A. Jinising Panaliten

Jinis panaliten menika ngginakaken *metode* panaliten *deskriptif*. Sudaryanto 1988: 62) ngandharaken bilih panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang adhedhasar *fakta* utawi kasunyatan ingkang wonten, utawi *fenomena empiris* ingkang gesang ing *penuturipun*. Awit saking menika, ingkang kaasilaken inggih menika gambaran utawi andharan menapa wontenipun. Panaliten *deskriptif* ugi minangka salah setunggalipun jinis panaliten ingkang ancasipun kangge mangretos lan nggambaraken *subyek* panaliten. *Subyek* panaliten ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih *video*, satemah ancasipun panaliten kangge nggambaraken *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* ingkang wonten ing kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy, lan *fungsi* basa *dialek* Surabaya ingkang wonten ing kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

Wonten ing panaliten *dialek* Surabaya ing Kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy menika, *data* ingkang sampun katetepaken saha kakempalaken lajeng dipunpantha-pantha miturut wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basanipun, supados gampang anggenipun nganalisis saha ngolah *data*. Wonten ing pungkasanipun panaliten menika, asiling panaliten dipunpendhet dudutan ingkang saged dipuntanggél jawabaken. Gegambarang *data* ingkang dipunasilaken

dipunwujudaken lapuran ingkang kaajab migunani saha asung gambaran utawi seserepan dhateng sinten kemawon ingkang maos.

## **B. Data saha Sumber Data Panaliten**

Kados dene *video-video beauty vlogger* sanesipun, kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ngginakaken *variasi* basa, kados ta basa Indonesia kaliyan basa Inggris. Bedanipun, menawi wonten ing kempalan *video* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy umumipun ngginakaken basa Jawi *dialek* Surabaya. Pawadanipun, amargi pancen sampun dados ciri mirunggan piyambakipun minangka *beauty vlogger* abasa Jawi *dialek* Surabaya, pramila *variasi* basa kala wau boten ndadosaken prekawis kangge panaliten menika. Panaliten menika ugi boten sedaya pangandikan *beauty vlogger* Ini Vindy lajeng kataliti, ananging saking kempalan *video* kala wau namung pangandikan abasa Jawi *dialek* Surabaya ingkang badhe kataliti. Dados *data* ing panaliten menika awujud tembung, *frasa*, *klausa* saha ukara abasa Jawi *dialek* Surabaya ingkang wonten ing kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Sumber data* panaliten menika dipunpendhet saking kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy. *Video-video* menika kakempalaken saking *youtube channel* Ini Vindy ingkang kadhaptar tanggal 26 September 2011. Ing tanggal 26 April 2018 sampun gadhah *pelanggan (subscriber)* kirang langkung 315K *pelanggan lan* wonten 173 *video*. Panaliten menika boten sedaya *video* badhe kataliti,

amargi *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy menika ngginakaken *variasi* basa inggih menika basa Indonesia, basa Inggris saha basa Jawi *dialek* Surabaya. *Video* dipupilih namung ingkang kathah ngginakaken basa Jawi mliginipun *dialek* Surabaya srana *sumber data* panaliten. Sasampunipun dipunpilih kapanggihaken 12 *video* irah-irahanipun inggih menika: Ini Vindy (1) *Wardah One Brand Makeup Tutorial - Natural Simple + Swatches 12 Lipstick Wardah Terbaru – Ini Vindy*, Ini Vindy (2) *Tutorial Bikin Alis dengan Bahasa Jawa*, Ini Vindy (3) *Tutorial Make Up Diri Sendiri Bahasa Jawa*, Ini Vindy (4) *200K Makeup Challenge Indonesia untuk kulit Gelap- Sawo Matang*, Ini Vindy (5) *6 Tutorial Hijab Segi Empat Praktis Bahan Paris (Bahasa Jawa)*, Ini Vindy (6) *Tutorial Make Up Pemula dan Hijab Wisuda Menggunakan Bahasa Jawa- Part 1*, Ini Vindy (7) *Tutorial Make Up Pemula dan Hijab Wisuda Menggunakan Bahasa Jawa- Part 2*, Ini Vindy (8) *No Makeup Make Up Tutorial - Cara Agar Wajah Putih Merona dan Menghilangkan Noda di Wajah*, Ini Vindy (9) *Wardah Intense Matte Lipstick Review dan Swatches di Kulit Gelap - Sawo Matang*, Ini Vindy (10) *Foundation Routine - Tutorial Makeup Natural Untuk Acara Santai – inivindy*, Ini Vindy (11) *Keajaiban Makeup - Beauty Makeover by Belle*, Ini Vindy (12) *Tutorial Soft make Up dan Hijabstyle Prewedding ala Ini Vindy*.

### **C. Caranipun Ngempalaken Data**

Cara kangge ngempalaken *data* ing panaliten menika kaperang dados kalih, inggih menika kanthi *teknik* nyemak saha *teknik* nyathet. *Video-video youtube*

anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy dipunundhuh saking *youtube channel* kagunganipun Ini Vindy. Sasampunipun sedaya *video* kaundhuh, ingkang sepisan panaliti nyemak pangandikan/ *tuturan* basa Jawi *beauty vlogger* Ini Vindy kangge manggihaken *data* arupi tembung, *frasa*, *klausa*, lan ukara abasa Jawi *dialek* Surabaya. Salajengipun, kanthi *teknik* nyathet sedaya *data* arupi tembung, *frasa*, *kalusa*, lan ukara abasa Jawi *dialek* Surabaya basa Jawi dipuncathet. Sasampunipun sedaya *data* ingkang jumbuh kaserat, lajeng dipunpantha-pantha miturut proses ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basanipun. *Data* ingkang sampun katetepaken bab wujud saha *fungsi*ipun lajeng kaserat ing kertu *data*. Kajawi saking menika panaliti ugi nyemak lan nggatosaken andharan saking *informan* ingkang nguwaosi *dialek* Surabaya.

Urut-urutan cara ngempalaken *data* saged kaandharaken kados ing ngandhap menika:

1. *Teknik* nyemak, panaliti ningali saha mirengaken *tuturan* saking *video* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ingkang sampun katetepaken minangka sumber *data* kangge manggihaken *data* ingkang awujud tembung, *frasa*, *klausa* lan ukara abasa Jawi *dialek* Surabaya.
2. Netepaken titikan *dialek* Surabaya saking *proses fonologis*, *morfologis*, lan *leksikal* saking *data* ingkang sampun kapanggihaken kanthi dipunjumbuhaken *teori* ingkang kaginakaken.

3. Netepaken *fungsi* basa *dialek* Surabaya ing salebeting *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy kanthi nggayutaken *konteks* tembung ingkang dipunandharaken dening paraga salebeting *video*. Lelampahan menika katindakaken kangge mendhet dudutan bab *fungsi* basa *dialek* Surabaya ing kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy. Ing panaliten menika kadhang kala kapanggihaken kalih *fungsi* basa ananging panaliti netepaken *fungsi* basa ingkang langkung *dominan*.
4. *Teknik* nyathet, inggih menika *data* ingkang sampun katetepaken babagan *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basa *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy dipuncathet wonten ing kertu *data* kados ing ngandhap menika.

Tabel 15: Tuladha Kertu Data

No. data	:	1
Irah-irahan	:	Ini Vindy (4): 200K Makeup Challenge Indonesia Untuk Kulit Gelap - Sawo Matang
Kaundhuh tanggal	:	6 Desember 2016
Konteks	:	Ini Vindy ngandharaken bilih piyambakipun badhe damel <i>video tutorial make up</i> , ananging saderengipun miwiti piyambakipun nyuwun dhateng pamiyarsa supados sampun kesupen <i>like</i> lan <i>comment video</i> piyambakipun langkung rumiyin.
Data	:	"...kali iki aku kate nggawe <i>tutorial</i> , tapi sik <b>sadurunge</b> aku nggawe <i>video</i> iki. Aku <b>tulung</b> , tulung rek penceten <i>like</i> , terus <b>komena</b> "oke Mbak aku <b>ndelok</b> " apa ya apa ya..."
Fonologi	:	Sadurunge [sadurunge] → [saɖorUŋe] tulung [tulUŋ] → [tolUŋ] ndelok [ndələʔ] → [ndələʔ]
Morfologi	:	<i>Sufiks</i> {-a} satemah dados 'komen' + {-a} = <i>komena</i>

<i>Leksikal</i>	:	Lingga: kate [kate] ‘badhe’, rek [rɛ?] ‘cah’
<i>Fungsi</i>	:	<i>Instrumental</i> : ndhawuhi Panandhanipun “...tulung rek penceten <i>like</i> , terus <i>komena</i> “ <i>oke</i> Mbak aku ndelok” apa ya apa ya...” ‘tulung cah pejeten <i>like</i> , terus <i>komena</i> “ <i>oke</i> Mbak aku ndelok”

Katrangan:

*Konteks* : *konteks* tuturan

*Data* : *data* tuturan

*Fonologi* : *proses fonologi* (*vokal/konsonan*)

*Morfologi* : *proses morfologi* (*prefiks, sufiks, konfiks, reduplikasi*)

*Leksikal* : *proses leksikal*

*Fungsi* : *fungsi* basa *dialek* Surabaya

#### D. Pirantosing Panaliten

Panaliti ing panaliten menika gadhah *peran* ingkang mligi, inggih menika ingkang ngrancang panaliten, ngempalaken *data*, *analisis*, *penafsir data*, sarta ingkang ndamel asiling panaliten (Moleong, 2010: 168). Dados panaliti ing panaliten menika minangka *human instrument* ingkang ngempalaken *data* miturut *kriteria-kriteria* ingkang dipundadosaken pandom adhedhasar *teori-teori dialek*. *Kriteria* kasebut awujud maneka warni *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basa *dialek* Surabaya salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ingkang salajengipun dipunserat ing kertu *data*.

Larah-larahipun panaliti minangka *human instrument* ing panaliten menika sepisan panaliti ngempalaken *data* kanthi kanthi cara nyemak *video-video* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ingkang sampun katetepaeken. Cara menika katindakaken kangge manggihaken *dialek* Surabaya ingkang dipunginakaken paraga

ing salebeting *video*. Salajengipun panaliti netepaken *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual dialek* Surabaya kanthi cara nggayutaken kaliyan *teori* ingkang kaginakaken. Dene kangge manggihaken *fungsi* basanipun kanthi nggayutaken *konteks* tembung, *frasa*, *klausa* lan ukara abasa Jawi *dialek* Surabaya ingkang dipunginakaken paraga.

### **E. Caranipun Analisis Data**

*Analisis data* ingkang dipunginakaken inggih menika *analisis deskriptif* kanthi *model* Miles saha Huberman. Miturut Miles saha Huberman (lumantar Ahmadi, 2016:231) *data* dipunkempalaken ngantos pikantuk asil ingkang *simultan* saha ajeg. Salajengipun, *interpretasi* saha *penafsiran data* dipuntindakaken adhedhasar ancasing *teori* saking wosing prakawis ingkang dipunrembag wonten panaliten. *Analisis* menika wonten tigang *proses*, inggih menika *reduksi data*, *tabulasi data* utawi *penyajian data*, saha *inferensi* utawi ndamel dudutan lajeng dipun-*verifikasi* ingkang badhe kaandharaken wonten ngandhap menika.

#### **1. Reduksi Data**

*Reduksi data* inggih menika satunggaling *proses analisis* kanthi milih tumuli dipunpantha-pantha, lajeng mbucal *data* ingkang boten dipunbetahaken, saha ndamel kelompok *data* (Ghony, 2016: 307). Sugiyono lumantar Ghony (2016: 308) ngandharaken bilih anggenipun nindakaken *reduksi data* menika panaliti ngginakaken ancasing saking panaliten ingkang badhe dipunbabar minangka pandom. Wonten panaliten menika *data* arupi *video youtube* anggitanipun *Beauty Vlogger* Ini

Vindy ingkang sekedhik ngewrat *data* arupi tembung, *frasa*, *klausa*, lan ukara abasa Jawi *dialek* Surabaya tumuli dipunbucal. *Data-data* ingkang boten jumbuh kaliyan *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basa menika dipunbucal, satemah pikantuk 12 irah-irahan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ingkang sampun kaandharaken ing perangan *data* saha *sumber data*. Menika katindakaken kanthi ancas supados anggenipun *nganalisis* panaliten menika langkung *fokus*.

## 2. *Tabulasi Data utawi Mahyakaken Data*

*Tabulasi data* utawi mahyakaken *data* inggih menika ngempalaken sedaya prakawis utawi *data* ingkang dipuntaliti supados saged dipunpendhet dudutan saha salajengipun dipunparingi *tindakan*. Adhedhasar *penyajian data* menika panaliti saged mangretos prakawis ingkang nembe kadadosan (Ghony, 2016:308). Wonten panaliten menika anggenipun mahyakaken *data* kanthi cara nglebetaken *data* ing *tabel*. *Tabel* ingkang dipunginakaken inggih menika *tabel analisis data* ingkang ngewrat sedaya *data proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basa ingkang badhe dipun-*analisis*. Dene tuladhaipun *tabel* kados ing ngandhap menika.

**Tabel 16: Tuladha Tabel Analisis Data**

No	ha	Ko	Fon	olo	ois	Morfologis	KSI	ka	Fungsi	Ke	t.
----	----	----	-----	-----	-----	------------	-----	----	--------	----	----



lempahan salajengipun inggih menika *inferensi data*. *Inferensi* inggih menika panaliti wiwit madosi saha nyatet *keteraturan data* utawi *pola* (Ghony, 2016:309). Wonten babagan menika dipundamel dudutan saking *data* bab *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basa ingkang sampun dipunandharaken saha kapanggihaken wonten *objek* panaliten.

#### **F. Validitas saha Reliabilitas**

*Teknik validitas* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih *teknik validitas semantik* lan *triangulasi teori*. *Validitas semantik* katindakaken kangge negesi tuturan ingkang dipunpanggihaken ing kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy mliginipun tuturan abasa Jawi *dialek* Surabaya. *Validitas semantik* katindakaken kanthi nggatosaken *data-data* ingkang sampun dipunpanggihaken lajeng dipuntegesi jumbuh kaliyan *konteksipun* satemah langkung gampil dipunmangretosi. *Teknik validitas* menika katindakaken kangge madosi *fungsi* basa *dialek* Surabaya ingkang dipunginakaken *beauty vlogger* Ini Vindy. Adhedhasar *validitas* menika *data* ingkang dipunpanggihaken saged *valid*. Tuladhanipun badhe dipunandharaken wonten ngandhap menika. Tuladhanipun ing pangandikan “...kali iki aku kate nggawe *tutorial*, tapi sik sadurunge aku nggawe *video* iki. Aku tulung, tulung rek penceten *like*, terus *komena* “oke Mbak aku ndelok” apa ya apa ya...”, ‘saiki aku arep nggawe *tutorial*, ning sik sadurunge aku nggawe *video* iki. Aku tulung, tulung cah pejeten *like*, terus *komena* “oke Mbak aku ndelok” apa kepriye...’


Makna ingkang badhe kaandharaken inggih menika panyuwunan Ini Vindy dhateng pamiyarsa sampun ngantos kesupen mejet *like* lan *comment video youtube* anggitan piyambakipun. Saking *segi semantik* pangandikan kala wau ngewrat *fungsi instrumental (direktif)*, inggih menika salah setunggalipun panyuwunan utawi dhawuh supados boten kesupen, titikan wontenipun *fungsi instrumental (direktif)* ing pangandikan menika inggih ing ukara "...Aku tulung, tulung rek penceten *like*, terus *komena...*", '...Aku tulung, tulung cah pejeten *like*, terus *komena...*'.

Salajengipun kangge manggihaken *proses ewah-ewahan wujud satuan lingual* inggih menika ngginakaken *teknik triangulasi teori*. Miturut Moloeng (2010: 330) *triangulasi* inggih menika *teknik pemeriksaan keabsahan data* kanthi dipungayutaken kaliyan samukawis sanesipun. Sanesipun saking *data* menika, kaginakaken srana *pengecekan* utawi minangka tetandhingan tumraping *data* kala wau. *Teknik triangulasi* ingkang umum kaginakaken inggih menika *pemeriksaan lumantar sumber sanesipun*. Denzin (1978) (ing Moloeng, 2010: 330) mbedakaken 4 jinis *triangulasi* minangka *teknik pemeriksaan* ingkang ngginakaken sumber *metode*, penyidik lan *teori*. Ing panaliten menika ingkang kaginakaken *triangualsi* kanthi *teori*, inggih menika netepaken *proses ewah-ewahan wujud satuan lingual dialek Surabaya* ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy kajumbuhaken kaliyan *teori* ingkang sampun kaginakaken.

*Teknik reliabilitas* katindakaken kanthi nguji *data* kanthi premati ingkang wonten ing *subjek* panaliten inggih menika *video youtube* anggitanipun *beauty*

*vlogger* Ini Vindy. *Reliabilitas* ingkang kaginakaken wonten kalih, inggih menika *stabilitas* lan *interrater*. *Stabilitas data* ingkang dipunmaksud inggih menika *data* asil panaliten menika boten bakal ewah, sinaosa dipuntindakaken ing taun ingkang beda. *Reliabel* inggih menika sedaya *data* ingkang sampun dipunkempalaken menika lajeng dipun*analisis* miturut prakawisipun piyambak-piyambak. Menawi anggenipun *analisis* menika ngasilaken keajegan anggenipun negesi asilipun *data*, pramila *data* kala wau kasebat *reliabel* (Ghony, 2016: 379). Lelampahan *teknik reliabilitas stabilitas* ing panaliten menika, panaliti ningali saha nyemak *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy kanthi wongsal-wangsul. Wondene *teknik reliabilitas interrater* inggih menika katindakaken kanthi cara *konsultasi* amrih saenipun bab asling panaliten ingkang sampun katindakaken kaliyan priyantun ingkang pana saha nguwaosi bab ingkang kataliti. Ing panaliten menika panaliti *konsultasi* kaliyan priyantun saking Giripurno, Bumiaji, Kota Batu, Malang inggih menika Restu Lenny Medikawati, mahasiswa, 22 tahun.

**Bagan 2: Model Analisis Miles saha Huberman** (Ghony, 2016:308)





**BAB IV**  
**ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

**A. Asiling Panaliten**

Panaliten menika bab *proses ewah-ewahan wujud satuan lingual lan fungsi basa dialek Surabaya ing salabeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy*. Asiling panaliten dipunandharaken lumantar *tabel*. Ing ngandhap menika *tabel* asiling panaliten bab *proses ewah-ewahan wujud satuan lingual lan fungsi basa dialek Surabaya ing salabeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy*.

**Tabel 17: Proses Ewah-ewahan Wujud Satuan Lingual lan Fungsi Basa Dialek Surabaya ing Salabeting Kempalan Video Youtube Anggitanipun Beauty Vlogger Ini Vindy**

<b>No</b>	<b>Proses Ewah-ewahan Wujud Satuan Lingual</b>	<b>Fungsi Basa</b>	<b>Data/ Indikator</b>
1.	<b>Proses fonologis</b> a. <i>Vokal</i> 1) <i>Vokal tunggal</i> a) <i>Fonem /i/ wanda sepisanan menga kaucapaken [I]</i>	1. <i>Representasional</i>	<i>“Ini adalah Hydrating Aloe vera Gel. Ini koyoke uenak ya Rek ya. Aku wis pernah make ini, setelah ini buka kan aku pake. Dia itu kaya gel gitu, itu tu kalau gawe kulitmu sing garing, garing padhakke <b>kripik</b> ta.” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 6)</i>  -kripik [kripI?] ‘kripik’ → [krIpI?] ‘kripik’ -panandha <i>fungsi representasional</i> : Ini Vindy ngandharaken <i>produk Wardah</i>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			inggih menika <i>Hydrating Alovea Gel</i> .
		2. <i>Regulatori</i> : sarujuk/ nolak	<p>“Nah iki aku <i>selalu milih bulu mata</i> sing <i>renggang-renggang</i>, aku <u>gak</u> seneng <i>bulu mata</i> sing langsung <i>blok</i> kaya kipas...” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 44)</p> <p>-milih [m<sup>ill</sup>h] ‘milih’ → [m<sup>III</sup>h] ‘milih’ -panandha <i>fungsi regulatori</i>: Ini Vindy boten kersa menawi ngginakaken <i>bulu mata</i> ingkang rempet kados kipas amargi piyambakipun boten remen.</p>
	b) <i>Fonem /u/</i> wanda sepisanan menga kaucapaken [o]	1. <i>Representasional</i>	<p>“<u>Sepura ya nek lungset, durung disetrika.</u>” (Ini Vindy (5)/ 2017/ 36)</p> <p>-durung [durU<sup>ŋ</sup>] ‘dereng’ → [d<sup>or</sup>U<sup>ŋ</sup>] ‘dereng’ -panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy ngandharaken bilih kudhung ingkang dipunangge menika lungset amargi dereng dipunbesut.</p>
		2. <i>Interaksional</i> : sapa aruh	<p>“<u>Hai Rek ya apa kabare umak? Kipa? Tahes komes? Ya wis sukur ya?</u> Ketemu maneh karo <i>ayas</i> Ini Vindy. Kali <i>ini</i> aku <i>akan</i> <i>buat tutorial make up</i>, ya pancen wis suwe Rek aku gak gawe <i>tutorial make up</i> ambek <i>hijab</i>.” (Ini Vindy (3)/ 2017/ 22)</p> <p>-sukur [sukUr] ‘sukur’ → [sokUr] ‘sukur’ -panandha <i>fungsi interaksional</i> sapa aruh: Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa ing <i>prolog</i> saben miwiti <i>video youtube</i> anggitan piyambakipun</p>
		3. <i>Personal</i> : mangel	<p>“Sapa sih <b>thuthuk-thuthuk</b> iku? Iki lek ndhék Malang sering gak ana, entek. <b>Tulung</b> ya <i>Wardah</i>. <i>Stoknya itu loh</i>. Kok tambah <u>nyeneni Wardah</u>.” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 7)</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			<p>-thuthuk-thuthuk [thuthU?- thuthU?] ‘thuthuk-thuthuk’ → [thothU?-thothU?] ‘thuthuk-thuthuk’</p> <p>-tulung [tulUŋ] ‘tulung’ → [tolUŋ] ‘tulung’</p> <p>-panandha <i>fungsi personal</i> mangkel: Ini Vindy mangkel amargi <i>stok pensil alis Wardah</i> ing Malang asring telas.</p>
		4. <i>Imajinatif</i> : nambahi kaendahan	<p>“Ya wis ngene-ngene ambek mangan <b>krupuk</b>, ambek mangan cilok, ambek ngene-ngene...” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 40)</p> <p>-krupuk [krupU?] ‘krupuk’ → [kropU?] ‘krupuk’</p> <p>-panandha <i>fungsi imajinatif</i> nambahi kaendahan: Ini Vindy mbanyol bilih sadangunipun ngginakaken <i>eyeshadow</i> ing netra, ngendikanipun saged sinambi dhahar krupuk utawi cilok.</p>
	c) <i>Fonem</i> /a/ kaucapaken [ɔ]	1. <i>Instrumental</i> : awisan	<p>“Sing penting ya Rek, lek <b>seumpamane</b>, lek <i>make up</i> iku sing penting aja ana nggaris...” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 41)</p> <p>-seumpamane [səumpamane] ‘seumpaminipun’ → [səumpɔməne] ‘seumpaminipun’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> awisan: Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa menawi macak sampun ngantos ketawis nggaris, kedah alus.</p>
		2. <i>Regulatori</i> : nolak	<p>“Aku <b>gak</b> seneng ya alis lurus, <i>soale</i> mengko <b>mataku</b> dadine dawawa.” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 19)</p> <p>-mataku [mataku] ‘mripat kula’ →</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			<p>[mɔtɔku] ‘mripat kula’            -panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy ngandaraken menawi boten remen kaliyan alis ingkang lurus amargi damel netranipun kening langkung panjang.</p>
		3. <i>Personal</i> : cuwa	<p>“...<i>tapi</i> sing Rayo iku aduh <u>makan</u> <u>ati</u> Rek, <b>wis</b> mbak-mbake rada <i>sadis-sadis</i> ngono ya, dadi aku ning Astro. Ning Astro mbake apikan Rek, dadi wah sueneng aku.” (Ini Vindy (4)/ 2016/ 29)</p> <p>-wis [wɪs] ‘sampung’ → [ɪs] ‘sampung’            -panandha <i>fungsi personal</i> cuwa: Ini Vindy kuciwa tumraping pelayanan Toko Rayo amargi <i>pelayanipun sadis</i>.</p>
		4. <i>Heuristik</i> : nyuwun priksa	<p>“Yaiki aku sing ndesa <u>apa</u> cen aku <u>baru weruh</u> ngono?” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 37)</p> <p>-weruh [wɛrUɦ] ‘priksa’ → [ɛrUɦ] ‘priksa’            -panandha <i>fungsi heuristik</i>: Ini Vindy nyuwun priksa dhateng pamiyarsa menapa piyambakipun ndesa utawi piyambakipun ingkang saweg priksa <i>aplikasi Fame</i>.</p>
	2) <i>Vokal</i> rangkep ( <i>diftong</i> ) a) Ewahing <i>vokal</i> tunggal /a/ dados <i>vokal</i> rangkep /ua/	1. <i>Instrumental</i> : awisan	<p>“<i>Kalau yang misalnya kamu make up yang biasa gitu terus kamu pengen matanya pengen matanya lebih seger aja ngasi ana putih-putihe ndhek kene kan uaneha.</i>” (Ini Vindy (10)/ 2016/ 55)</p> <p>-aneh [aneɦ] ‘aneɦ’ → [u<sup>w</sup>aneɦa] ‘aneɦ (sanget)’            -panandha <i>fungsi instrumental</i> awisan: Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados sampun ngantos ngginakaken <i>eyeliner</i> pethak menawi macak biasa</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			supados boten ketingal aneh.
		2. Representasional	<p>“<u>Nah kuas sing takgawe adalah kuas Salsen isi 12. Nah, iki kebetulan kuase ijek uanyar.</u>” (Ini Vindy (3)/ 2017/ 26)</p> <p>-anyar [añar] ‘enggal’ → uanyar [u<sup>w</sup>añar] ‘enggal’</p> <p>-panandha fungsi representasional: Ini Vindy ngandharaken bilih kuas ingkang dipunginakaken merk Salsen isinipun 12 lan taksih enggal.</p>
	b) Ewahing vokal tunggal /i/ dados vokal rangkep /ui/	Representasional	<p>“<u>Memori yang tidak terlupakan. Yaitu awal saya memulai youtube itu adalah saya bikin One Brand Tutorial Wardah. Tapi videone nguisin-isini pol Rek.</u>” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 4)</p> <p>-ngisin-isini [ŋisin-isini] ‘damel lingsem’ → [ŋu<sup>w</sup>isin-isini] ‘damel lingsem’</p> <p>-panandha fungsi representasional: Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun kagungan pengalaman ingkang damel lingsem nalika sepisanan damel video youtube.</p>
	c) Ewahing vokal tunggal /e/ dados vokal rangkep /ue/	1. Instrumental: ngajak	<p>“<u>Eyeshadow gak nggawe gak papa, sing puenting menurutku coba wis nganggo shadding.</u>” (Ini Vindy (4)/ 2016/ 28)</p> <p>-penting [pəntiŋ] ‘wigati’ → [pu<sup>w</sup>əntiŋ] ‘wigati (sanget)’</p> <p>-panandha fungsi instrumental ngajak: Ini Vindy ngajak supados pamiyarsa ngginakaken shadding amargi menika wigati sanget.</p>
		2. Representasional	<p>“<u>Ini adalah Hydrating Aloe vera Gel. Ini koyoke uenak ya Rek ya. Aku wis</u></p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			<p><i>pernah make ini, setelah ini buka kan aku pake. Dia itu kaya gel gitu, itu tu kalau gawe kulitmu sing garing, garing padhakke kripik ta.”</i> (Ini Vindy (1)/ 2016/ 6)</p> <p>-enak [ena?] ‘eca’ → [u<sup>w</sup>ena?] ‘eca (sanget)’</p> <p>-panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy ngandharaken salah setunggalipun <i>produk Wardah</i> ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika <i>Hydrating Aloe Vera Gel</i>.</p>
		3. <i>Personal</i> : mangkel	<p>“<u>Jembek</u> aku ki lek ambek pipi <b>nyuempluk</b> ki juembek nemen.” (Ini Vindy (3)/ 2017/ 24)</p> <p>-nyempluk [ñemplu?] ‘nyempluk’ → [ñu<sup>w</sup>emplu?] ‘nyempluk (sanget)’</p> <p>-panandha <i>fungsi personal</i> mangkel: Ini Vindy mangkel utawi boten remen menawi pipi piyambakipun ketingal nyempluk.</p>
		4. <i>Personal</i> : cuwa	<p>“...<i>tapi</i> sing Rayo iku aduh <u>makan ati</u> Rek, wis mbak-mbake rada <i>sadis-sadis</i> ngono ya, dadi aku ning Astro. Ning Astro mbake apikan Rek, dadi wah <b>sueneng</b> aku.” (Ini Vindy (4)/ 2016/ 29)</p> <p>-seneng [sənəŋ] ‘remen’ → [su<sup>w</sup>ənəŋ] ‘remen (sanget)’</p> <p>-panandha <i>fungsi personal</i> cuwa: Ini Vindy kuciwa tumraping pelayanan Toko Rayo amargi <i>pelayanipun sadis</i>.</p>
		5. <i>Imajinatif</i> : nambahi kaendahan	<p>“<u>V, V outer</u> Vindy haha <b>mueksa</b>.” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 43)</p> <p>-meksa [məʔsɔ] ‘meksa’ → [mu<sup>w</sup>əʔsɔ]</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
	<p>b. Konsonan</p> <p>1) Icaling fonem /w/ ing wiwitaning tembung</p>	<p><i>Interaksional:</i> nawekaken</p>	<p>“Nah kalau ada yang mau request-request, <u>nyoh comment wae</u> ndhék ngisor.” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 12)</p> <p>-wae [wae] ‘mawon’ → ae [ae] ‘mawon’ -panandha <i>fungsi interaksional</i> nawekaken: Ini Vindy nawekaken dhateng pamiyarsa menawi wonten panyuwunan, kasuwun <i>comment</i> ing ngandhap.</p>
	<p>2) Fonem /d/ kaucapaken /ɖ/</p>	<p>1. <i>Instrumental:</i> ndhawuhi</p>	<p>“Masiya <i>shaddingan</i> kaya apa tetep <u>nggawenen</u> jilbabe <b>kudu</b> sing <i>tirus</i>.” (Ini Vindy (3)/ 2017/ 25)</p> <p>-kudu [kudu] ‘kedah’ → [kɖu] ‘kedah’ -panandha <i>fungsi instrumental</i> ndhawuhi: Ini Vindy ndhawuhi pamiyarsa sinaosa ngginakaken <i>shadding</i> tetep kedah ngginakaken jilbab ingkang <i>tirus</i> supados boten ketingal nyempluk.</p>
		<p>2. <i>Representasional</i></p>	<p>“<u>Soale lagi ada yang rusak, dan saiki wis mbalik maneh. Dadi</u> aku isoh nggawe <i>video</i> maneh.” (Ini Vindy (3)/ 2017/ 23)</p> <p>-dadi [dadi] ‘dados’ → [ɖadi] ‘dados’ -panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy ngandharaken bilih piyambakipun nembe saged damel <i>video</i> amargi kala wingi wonten ingkang risak.</p>
		<p>3. <i>Heuristik:</i> nyuwun priksa</p>	<p>“Yaiki aku sing <b>ndesa</b> <u>apa</u> ncen aku <i>baru</i> eruh ngono?” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 37)</p> <p>-ndesa [ndeso] ‘ndesa’ → [nɖeso] ‘ndesa’ -panandha <i>fungsi heuristik</i>: Ini Vindy nyuwun priksa dhateng pamiyarsa</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			menapa piyambakipun ndesa menapa piyambakipun ingkang saweg priksa <i>aplikasi Fame</i> .
	3) Fonem /t/ kaucapaken [t]	1. <i>Instrumental</i> : ndhawuhi	<p>“<u>Tukua</u> <i>softlens</i> sing rada enak <b>sithik</b> Rek. <i>Soale</i> iku bakal koen gawe terus.” (Ini Vindy (7)/ 2017/ 51)</p> <p>-sithik [sitʰʌ?] ‘sekedhik’ → [sitik] ‘sekedhik’ -panandha <i>fungsi instrumental</i> ndhawuhi: Ini Vindy paring dhawuh dhateng pamiyarsa supados mundhut <i>softlens</i> ingkang sekeca.</p>
		2. <i>Representasional</i>	<p>“<u>Mik</u> dibuka <b>thok</b>, terus diputer ya, terus keru dioser-oserake ngono.” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 16)</p> <p>-thok [tʰɔ?] ‘kemawon’ → [tʰɔ?] ‘kemawon’ -panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy ngandharaken caranipun ngginakaken <i>pencil alis</i> merk <i>Etude</i>.</p>
	4) Wuwuhan /ʔ/ ing pungkasaning tembung	1. <i>Intrumental</i> : ndhawuhi	<p>“<i>Nanti kalau sudah nonton video itu langsung <u>commentna</u> ya, ya apa perbandingane karo saiki, sing jelas tambah <b>tuwa</b> Rek.</i>” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 5)</p> <p>-tuwa [tuwɔ] ‘sepuh’ → [tuwɛʔ] ‘sepuh’ -panandha <i>fungsi instrumental</i> ndhawuhi: Ini Vindy paring dhawuh dhateng pamiyarsa supados <i>comment</i> prabedanipun bibar mriksani <i>video youtube</i> anggitanipun ingkang sepisanan.</p>
		2. <i>Representasional</i>	<p>“<u>Secara</u> aku ki senenge abu-abu Rek. Wis <b>kaya</b> apa ya, <i>menyatu dalam diriku</i> warna-warna <i>monokrom</i> koyok ngono iku.” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 3)</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			<p>-kaya [kɔyɔ] ‘kados’ → [kɔyɔʔ] ‘kados’            -panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun remen warni-warni bureng.</p>
		3. <i>Interaksional</i> : sapa aruh	<p>“<i>Hai Rek! Ya apa kabare? Ketemu maneh karo ayas Ini Vindy teka Malang. Kali iki aku kate nggawe tutorial ‘One Brand Make Up Tutorial’...</i>” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 1)</p> <p>-teka [təkɔ] ‘saking’ → [təkɔʔ] ‘saking’            -panandha <i>fungsi interaksional</i> sapa aruh: minangka <i>prolog</i> Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa, miwiti <i>video youtube</i> anggitanipun.</p>
		4. <i>Personal</i> : mangkel	<p>“Sapa sih thuthuk-thuthuk iku? Iki lek ndhék Malang sering gak <b>ana</b>, entek. Tulung ya Wardah. <i>Stoknya itu loh. Kok tambah nyeneni Wardah.</i>” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 7)</p> <p>-ana [ɔnɔ] ‘wonten’ → [ɔnɔʔ] ‘wonten’            -panandha <i>fungsi personal</i> mangkel: Ini Vindy mangkel amargi <i>stok</i> pensil alis Wardah ing Malang asring telas.</p>
2.	<b>Proses morfologis</b> a. Ater-ater {ke-}	<i>Interaksional</i> : maturnuwun	<p>“<b>Kesuwun</b> ya Rek wis nonton <i>videoku</i>. Salam teka Malang. Sasaji.” (Ini Vindy (12)/ 2017/ 58)</p> <p>-nuwun [nuwUn] ‘maturnuwun’ → ater-ater {ke-} + suwun= kesuwun [kəsɔwUn] ‘maturnuwun’            -panandha <i>fungsi interaksional</i> maturnuwun: Ini Vindy ngaturaken panuwun dhateng pamiyarsa</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			dene sampun kersa mriksani <i>video</i> piyambakipun.
	b. Panambang {-e}	<i>Representasional</i>	<p>“<u>Biasane aku kan nggawe <b>wernane kan klawu ya, wis burek kabeh.</b> Wis ireng nek gak ireng ya abu-abu...</u>” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 2)</p> <p>-werna + panambang {-e}= wernane [wərnane] ‘werinipun’ → werna + panambang {-e}= wernoe [wərnœ] ‘werinipun’</p> <p>-panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun asring ngginakaken rasukan warni bureng.</p>
	c. Panambang {-na}	<i>Instrumental: ngerih-erih</i>	<p>“Mben wae <u>ya, lek tutorial selanjutnya tak kei kaca. <b>Cekna</b> aku cek alise rada cling ngono.</u>” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 21)</p> <p>-supaya [supɔyɔ] ‘supados’ → cek + panambang {-na}= cekna [cɛ?nɔ] ‘supados’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> ngerih-erih: Ini Vindy ngerih-erih pamiyarsa ing <i>tutorial</i> salajengipun badhe ngginakaken pengilon supados langkung sae anggenipun damel alis.</p>
	d. Panambang {-a}	1. <i>Instrumental: awisan</i>	<p>“<i>Kalau yang misalnya kamu make up yang biasa gitu terus kamu pengen matanya pengen matanya lebih seger <u>aja</u> ngasi ana putih-putihe ndhek kene kan <b>uaneha.</b></i>” (Ini Vindy (10)/ 2016/ 55)</p> <p>-aneh [aneh] ‘aneh’ → uaneh + panambang {-a}= uaneha [u<sup>w</sup>aneha] ‘aneh (sanget)’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> awisan: Ini Vindy paring awisan dhateng</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
		2. <i>Instrumental</i> : ngrayu	<p>pamiyarsa supados sampun ngantos ngginakaken <i>eyeliner</i> pethak.</p> <p>“Koen lek <u>sayang</u> aku, pengen ngerti <b>melua</b> sinau <i>make upku</i>.” (Ini Vindy (7)/ 2017/ 50)</p> <p>-melu + panambang {-a}= melua [mɛluɔ] ‘ndhereka’ → melu + panambang {-a}= meloka [mɛlɔʔɔ] ‘ndhereka’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> ngrayu: Ini Vindy ngrayu dhateng pamiyarsa supados ndherek sinau <i>make up</i> piyambakipun ing Malang.</p>
e. Wuwuhan bebarengan tan rumaket{se-/-a}		<i>Representasional</i>	<p>“<u>Kalau melentikkan sih enggak sepiroa, biasa aja sih.</u>” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 11)</p> <p>-ater-ater {se-} + pira + panambang {-a}= sepiroa [səpiroɔ] ‘sepintena’ → ater-ater {se-} + pira + panambang {-a}= sepiraka [səpiroʔɔ] ‘sepintena’</p> <p>-panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy ngandharaken bilih <i>mascara</i> Wardah menika biasa kemawon boten patos saged damel lentiking idep.</p>
f. Wuwuhan bebarengan tan rumaket{sa-/-na}		<i>Instrumental</i> : nakyinaken	<p>“Lho koyoke lurus ya, bareng disikat lho alismu iku <b>sajana</b> ana bentuke Rek. Sikate aja dhukur thok, mendhukur terus sikaten medhun sithik.” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 17)</p> <p>-ater-ater {sa-} + jan + panambang {-e}= sajane [sakjane] ‘sejatosipun’ → ater-ater {sa-} + jan + panambang {-na}= sajana [sakjana] ‘sejatosipun’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> nakyinaken: Ini Vindy nakyinaken bilih rambut alis menika menawi sampun dipunsikat ketingal wujudipun.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
	g. Wuwuhan bebarengan tan rumaket {di-/-na}	1. <i>Representasional</i>	<p>“<u>Mik dibuka thok, terus diputer ya, terus keru <b>dioser-oserake</b> ngono.</u>” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 16)</p> <p>-ater-ater {di-} + oser-oser + panambang {-ake}= dioser-oserake [dioser-oserake] ‘dipunoser-oseraken’ → ater-ater {di-} + oser-oser + panambang {-na}= dioser-oserna [dioser-osernɔ] ‘dipunoser-oseraken’</p> <p>-panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy ngandharaken caranipun ngginakaken <i>pensil alis merk Etude</i>.</p>
		2. <i>Personal</i> : seneng	<p>“<u>Nah <b>senenge</b> Fame iku aku isoh interaksi ambek kalian. Dadi kalian lek ana sing <b>ditakokake</b> langsung omonga mengko aku langsung nyocot.</u>” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 39)</p> <p>-ater-ater {di-} + takon + panambang {-ake}= ditakokake [ditakokake] ‘dipunsuwunaken priksa’ → ater-ater {di-} + takon + panambang {-na}= ditakokna [ditakokna] ‘dipunsuwunaken priksa’</p> <p>-panandha <i>fungsi personal</i> seneng: Ini Vindy remen kaliyan <i>aplikasi Fame</i> amargi piyambakipun saged langsung sesambetan kaliyan pamiyarsa.</p>
3.	<b><i>Proses Leksikal</i></b> a. Lingga 1) Sesulih	1. <i>Instrumental</i> : awisan	<p>“<u>Dan <b>koen aja</b> nggawe rembuk ya isoh beluk kabeh.</u>” (Ini Vindy (4)/ 2016/ 32)</p> <p>-kowe [kowe] ‘panjenengan’ → koen [kœn] ‘panjenengan’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> awisan: Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken <i>spon</i> supados rata wedhakistan.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
		2. <i>Interaksional</i> : sapa aruh.	<p>“<u>Hai Rek!</u> Ya apa kabare? Ketemu maneh karo <i>ayas</i> Ini Vindy teka Malang. Kali iki aku kate nggawe <i>tutorial</i> ‘<i>One Brand Make Up Tutorial</i>’...” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 1)</p> <p>-cah [cah] ‘cah’ → rek [rɛ?] ‘cah’  -panandha <i>fungsi interaksional</i> sapa aruh: minangka <i>prolog</i> Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa, miwiti <i>video youtube</i> anggitanipun.</p>
	2) Aran	<i>Instrumental</i> : awisan	<p>“Dan koen <u>aja</u> nggawe <b>rembuk</b> ya isoh beluk kabeh.” (Ini Vindy (4)/ 2016/ 32)</p> <p>-saput [sapUt] ‘saput’ → rebuk [rembU?] ‘saput’  -panandha <i>fungsi instrumental</i> awisan: Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken <i>saput</i> supados rata wedhakistanipun.</p>
	3) Katrangan wektu	<i>Personal</i> : cuwa	<p>“<u>Lah maeng</u> gak gawa kaca ya...” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 20)</p> <p>-mau [mau] ‘wau’ → maeng [maɐŋ] ‘wau’  -panandha <i>fungsi personal</i> cuwa: Ini Vindy cuwa amargi kesupen ngangge pengilon.</p>
	4) Kaanan	1. <i>Instrumental</i> : awisan	<p>“Dan koen <u>aja</u> nggawe rebuk ya isoh <b>beluk</b> kabeh.” (Ini Vindy (4)/ 2016/ 32)</p> <p>-kandel [kandəl] ‘kandel’ → beluk [bɛlu?] ‘kandel’  -panandha <i>fungsi instrumental</i> awisan: Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken <i>saput</i> supados rata wedhakistanipun.</p>
		2. <i>Instrumental</i> : nakyinaken	<p>“<i>Asal downloadnya</i> sudah <b>mari</b> Rek, sudah <i>selesai</i> <u>tenan</u>.” (Ini Vindy (1)/</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			<p>2016/ 13)</p> <p>-rampung [rampUŋ] ‘rampung’ → mari [mari] ‘rampung’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumenetal</i> nakyinaken: Ini Vindy nakyinaken bilih <i>video</i> saged dipunpriksani kanthi gratis tanpa bea menawi sampun rampung dipunundhuh ing <i>youtube offline</i>.</p>
		<p>3. <i>Representasional</i></p>	<p>“<u>Biasane</u> aku <i>kan</i> nggawe wernane <i>kan</i> klawu ya, wis <b>burek</b> kabeh. Wis ireng nek gak ireng ya abu-abu...” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 2)</p> <p>-bureng [burəŋ] ‘bureng’ → burek [burəʔ] ‘bureng’</p> <p>-panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun asring ngginakaken rasukan warni bureng.</p>
		<p>4. <i>Regulatori</i>: sarujuk/ nolak</p>	<p>“Ngomong basa Inggris ya <u>gak</u> <b>gablek</b>.” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 14)</p> <p>-isoh [isoh] ‘saged’ → gablek [gabləʔ] ‘saged’</p> <p>-panandha <i>fungsi regulatori</i> nolak: Ini Vindy ngandharaken bilih piyambakipun menika boten saged wicantenan mawi basa Inggris.</p>
		<p>5. <i>Personal</i>: mangkel</p>	<p>“<b>Jembek</b> aku ki lek ambek pipi nyuempluk ki juembek nemen.” (Ini Vindy (3)/ 2017/ 24)</p> <p>-jenes [jənəs] ‘jenes’ → jembek [jəmbəʔ] ‘jenes’</p> <p>-panandha <i>fungsi personal</i> mangkel: Ini Vindy mangkel utawi boten remen menawi pipi piyambakipun ketingal nyempluk.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
	5) Kriya	1. <i>Instrumental:</i> ndhawuhi	<p>“Wis <u>deloken</u> iku mburi, hm hm <b>deleng</b>.” (Ini Vindy (5)/ 2017/ 35)</p> <p>-delok [dələʔ] ‘delok’ → deleng [dələŋ] ‘delok’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> ndhawuhi: Ini Vindy paring dhawuh dhateng pamiyarsa supados mriksani pengilon wingkingipun Ini Vindy.</p>
		2. <i>Instrumental:</i> ngerih-erih	<p>“...dadi koen gak perlu nggawe kaya <i>misalnya</i> mbok <i>kompres-kompres</i> air es batu, koen lak <b>leren</b> ngepruk-ngepruk barang <u>ya</u>.” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 46)</p> <p>-dadak [dadaʔ] ‘dadak’ → leren [ləren] ‘dadak’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> ngerih-erih: Ini Vindy ngrayu pamiyarsa supados ngginakaken <i>base foundation Make Over</i> saderengipun <i>make up</i> supados boten sisah-sisah <i>ngompres</i> ngginakaken es batu.</p>
		3. <i>Representasional</i>	<p>“<u>Ini adalah Hydrating Aloe vera Gel. Ini koyoke uenak ya Rek ya.</u> Aku wis pernah make ini, setelah ini buka kan aku pake. Dia itu kaya gel gitu, itu tu kalau <b>gawe</b> kulitmu sing garing, garing padhakke kripik ta.” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 6)</p> <p>-kanggo [kaŋʝ] ‘kangge’ → gawe [gae] ‘kangge’</p> <p>-panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy ngandharaken <i>produk Wardah</i> ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika <i>Hydrating Aloe vera Gel</i>.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
		4. <i>Interaksional</i> : sapa aruh	<p>“<u>Hai</u> Rek! Ya apa kabare? Ketemu maneh karo <i>ayas</i> Ini Vindy teka Malang. (Ini Vindy (1)/ 2016/ 1)</p> <p>-arep [arəp] ‘badhe’ → kate [kate] ‘badhe’ -panandha <i>fungsi interaksional</i> sapa aruh: Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa ing <i>prolog</i> saben miwiti <i>video youtube</i> anggitan piyambakipun.</p>
		5. <i>Interaksional</i> : nawekaken	<p>“<u>Oke-oke lanjut</u> wae ya? Timbangane <b>gejebres</b> gak mari-mari.” (Ini Vindy (5)/ 2017/ 34)</p> <p>-criwis [crigis] ‘ngendika terus’ → gejebres [gəjɛbrɛs] ‘ngendika terus’ -Panandha <i>fungsi interaksional</i> nawekaken: Ini Vindy nawekaken dhateng pamiyarsa supados nglajengaken pirembagan.</p>
6) Ancer-ancer		1. <i>Instrumental</i> : nakyinaken	<p>“Lho koyoke lurus ya, bareng disikat lho alismu iku <u>sajana</u> ana bentuke Rek. Sikate aja <b>dhukur</b> thok, mendhukur terus sikaten medhun sithik.” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 17)</p> <p>-dhuwur [ɖuwUr] ‘inggil’ → dhukur [ɖokUr] ‘inggil’ -panandha <i>fungsi instrumental</i> nakyinaken: Ini Vindy nakyinaken bilih rambut alis menika menawi sampun dipunsikat ketingal wujudipun.</p>
		2. <i>Representasional</i>	<p>“<u>Mari <b>tutuk</b></u> ungu terus nang <i>pink</i>...” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 42)</p> <p>-seka [səkɔ] ‘saking’ → tutuk [totU?] ‘saking’</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			-panandha <i>fungsi representasional</i> : Ini Vindy ngandharaken menawi damel <i>gradasi</i> warna kedah saking ungu lajeng jambon supados sae.
		3. <i>Personal</i> : mangkel	“Sapa sih thuthuk-thuthuk iku? Iki lek <b>ndhék</b> Malang sering gak ana, entek. Tulung ya Wardah. <i>Stoknya itu loh</i> . Kok tambah <u>nyeneni</u> Wardah.” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 7)  -ing [ij] ‘wonten’ → ndhék [ndhe?] ‘ing’ -panandha <i>fungsi personal</i> mangkel: Ini Vindy mangkel amargi <i>stok</i> pensil alis Wardah ing Malang asring telas.
	7) Wilangan	1. <i>Representasional</i>	“ <b>Sitok</b> mendolo sitoke rada mendolo.” (Ini Vindy (10)/ 2016/ 54)  -siji [siji] ‘setunggal’ → sitok [sito?] ‘setunggal’ -panandha <i>fungsi representasional</i> : Ini Vindy ngandharaken bilih netra piyambakipun ingkang tengen kaliyan kiring menika beda.
		2. <i>Personal</i> : mangkel	“ <b>Jan</b> , iya aku meneng, meneng thuthuk-thuthuke. Aku ngomong thuthuk-thuthuk <b>pisan</b> .” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 8)  -meneh [mənɛh] ‘malih’ → pisan [pisan] ‘malih’ -panandha <i>fungsi personal</i> mangkel: Ini Vindy mangkel amargi wonten ingkang thuthuk-thuthuk nalika piyambakipun ngendika.
	8) Panggandheng	1. <i>Instrumental</i> : ngerih-erih	“Mben wae <b>ya</b> , lek <i>tutorial selanjutnya</i> tak kei kaca. Cekna aku <b>cek</b> alise rada cling ngono.” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 21)

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			<p>-supaya [supoyɔ] ‘supados’ → cek [cɛ?] ‘supados’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> ngerih-erih: Ini Vindy ngerih-erih pamiyarsa ing <i>tutorial</i> salajengipun badhe ngginakaken pengilon supados langkung sae anggenipun damel alis.</p>
		<p>2. <i>Instrumental</i>: ndhawuhi</p>	<p>“<b>Masiya</b> <i>shaddingan</i> kaya apa tetep <u>nggawenen</u> jilbabe kudu sing <i>tirus</i>.” (Ini Vindy (3)/ 2017/ 25)</p> <p>-nadyan [nadyan] ‘sinaosa’ → masiya [masiyɔ] ‘sinaosa’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> ndhawuhi: Ini Vindy ndhawuhi dhateng pamiyarsa sinaosa ngginakaken <i>shadding</i> tetep kedah ngginakaken jilbab ingkang <i>tirus</i> supados boten ketingal nyempluk.</p>
		<p>3. <i>Representasional</i></p>	<p>“<u>Biasane aku kan nggawe wernane kan</u> klawu ya, wis burek kabeh. Wis ireng nek <b>gak</b> ireng ya abu-abu...” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 2)</p> <p>-ora [ora] ‘boten’ → gak [ga?] ‘boten’</p> <p>-panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun asring ngginakaken rasukan warni bureng.</p>
		<p>4. <i>Interaksional</i>: sapa aruh</p>	<p>“<u>Hai Rek ya apa kabare umak?</u> Kipa? Tahes komes? Ya wis sukur ya? Ketemu maneh karo <i>ayas</i> Ini Vindy. Kali <i>ini</i> aku <i>akan buat tutorial make up</i>, ya pancen wis suwe Rek aku gak gawe <i>tutorial make up</i> <b>ambek</b> <i>hijab</i>.” (Ini Vindy (3)/ 2017/ 22)</p> <p>-karo [karo] ‘kaliyan’ → ambek [ambe?] ‘kaliyan’</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			-panandha <i>fungsi interaksional</i> sapa aruh: Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa ing <i>prolog</i> saben miwiti <i>video youtube</i> anggitan piyambakipun.
		5. <i>Personal:</i> mangkel	<p>“Sapa sih thuthuk-thuthuk iku? Iki <b>lek</b> ndhék Malang sering gak ana, entek. Tulung ya Wardah. <i>Stoknya itu loh</i>. Kok tambah <u>nyeneni Wardah</u>.” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 7)</p> <p>-yen [yɛn] ‘menawi’ → lek [le?] ‘menawi’</p> <p>-panandha <i>fungsi personal</i> mangkel: Ini Vindy mangkel amargi <i>stok</i> pensil alis Wardah ing Malang asring telas.</p>
9) Pitakon		1. <i>Instrumental:</i> awisan	<p>“<i>Kalau yang misalnya kamu make up yang biasa gitu terus kamu pengen matanya pengen matanya lebih seger aja ngasi onok putih-putihe ndhek kene kan <b>uaneh-a</b></i>.” (Ini Vindy (10)/ 2016/ 55)</p> <p>-aneh [aneh] ‘aneh’ → [u<sup>w</sup>aneha] ‘aneh (sanget)’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> awisan: Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa sampun ngantos ngginakaken <i>eyeliner</i> pethak menawi macak biasa. supados boten ketingal aneh.</p>
		2. <i>Representasional</i>	<p>“<i>Memori yang sangat berharga. <b>Ya apa</b> sih memori yang sangat berharga ya. <u>Memori yang tidak terlupakan. Yaitu awal saya memulai youtube itu adalah saya bikin One Brand Tutorial Wardah. Tapi videone nguisin-isini pol Rek</u>.” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 4)</i></p> <p>-kepriye [kəpriye] ‘kados pundi’ → ya apa [yɔʔɔpɔ] ‘kados pundi’</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			<p>-panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun kagungan pengalaman ingkang damel lingsem nalika sepisanan damel <i>video youtube</i>.</p>
	10) <i>Partikel pelengkap lan pelunak</i>	1. <i>Representasional</i>	<p>“Memori yang sangat berharga. Ya apa <b>sih</b> memori yang sangat berharga ya. Memori yang tidak terlupakan. <u>Yaitu awal saya memulai youtube itu adalah saya bikin One Brand Tutorial Wardah. Tapi videone nguisin-isini pol Rek.</u>” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 4)</p> <p>-sih [slh] → ta [tə]</p> <p>-panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun kagungan pengalaman ingkang damel lingsem nalika sepisanan damel <i>video youtube</i>.</p>
		2. <i>Interaksional: nawekaken</i>	<p>“Nah kalau ada yang mau request-request, <b>nyoh</b> comment <b>wae</b> ndhék ngisor.” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 12)</p> <p>-wae [wae] ‘mawon’ → ae [ae] ‘mawon’</p> <p>-panandha <i>fungsi interaksional</i> nawekaken: Ini Vindy nawekaken dhateng pamiyarsa menawi wonten panyuwunan, kasuwun <i>comment</i> ing ngandhap.</p>
	b. Rangkep 1) Dwilingga	1. <i>Instrumental: ngerih-erih</i>	<p>“Dadi seumpamane iki <i>ketinggalan</i> suk <b>emben-emben</b> aku isoh <i>upload</i> ndhek <i>Youtube ya</i>.” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 38)</p> <p>-sesuk [sesU?] ‘benjing’ → emben-emben [əmben-əmben] ‘benjing’</p> <p>-panandha <i>fungsi instrumental</i> ngerih-erih: Ini Vindy ngerih-erih pamiyarsa menawi pamiyarsa ketilar anggenipun mriksani <i>live</i> piyambakipun ing <i>Fame</i></p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			benjang piyambakipun badhe <i>upload video</i> ing <i>Youtube</i> .
		2. <i>Representasional</i>	<p>“<u>Mantenku tak kasiin ini nangis gero-gero, iku ya gak sampek mleber.</u>” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 10)</p> <p>-kejer [kəjər] ‘kejer’ → gero-gero [gərɔ- gərɔ] ‘kejer’  -panandha <i>fungsi representasional</i>: Ini Vindy ngandharaken bilih ngginakaken <i>pensil alis Wardah</i> kangge maes manten, sinaosa mantenipun nangis tetep boten luntur.</p>
		3. <i>Personal</i> : mangkel	<p>“Adhuh <u>pegel menggos-menggos</u> aku lek pas <i>dubbing</i> iki.” (Ini Vindy (12)/ 2017/ 57)</p> <p>-krenggosan [krəŋgɔsan] ‘krenggosan’ → menggos-menggos [məŋgɔs- məŋgɔs] ‘krenggosan’  -panandha <i>fungsi personal</i> mangkel: Ini Vindy mangkel amargi piyambakipun menawi <i>dubbing</i> ngantos krenggosan.</p>
		4. <i>Heuristik</i> : nyuwun priksa	<p>“Tau <u>kan mara-mara riasanmu</u> retak-retak? <u>Tau kan?</u>” (Ini Vindy (7)/ 2017/ 47)</p> <p>-teka-teka [təkɔ- təkɔ-] ‘teka-teka’ → mara-mara [mərə-mərə] ‘teka-teka’  -panandha <i>fungsi heuristik</i>: Ini Vindy nyuwun pirsu dhateng pamiyarsa sampun nate menapa dereng pacakanipun mlethek-mlethek ing perangan-perangan tartamtu.</p>
	2) Dwiwasana	<i>Regulatori</i> : nolak	<p>“Aku <u>gak seneng</u> ya alis lurus, <i>soale</i> mengko mataku dadine <b>dawawa</b>.” (Ini Vindy (2)/ 2017/ 19)</p> <p>-dawa [dɔwɔ] ‘panjang’ → dawawa</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4
			[dɔwɔwɔ] ‘panjang (sanget)’ -panandha <i>fungsi representasional</i> : Ini Vindy ngandaraken pawadan piyambakipun boten remen alis lurus amargi netra piyambakipun lajeng ketingal langkung panjang.

Adhedhasar *tabel* aslining panaliten ing nginggil, kapanggihaken *proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* saha *fungsi* basa *dialek* Surabaya ing salabeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy. *Proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual* ingkang kapanggihaken menawi kawawas saking *proses fonologis* kaperang dados kalih, inggih menika *vokal* saha *konsonan*. Sepisan, *fonem vokal* ingkang kapanggihaken kalih jinis inggih menika *vokal* tunggal lan *vokal* rangkep (*diftong*). Prabeda anggenipun ngucapaken *vokal* tunggal ing basa Jawi *Standar* menawi katandhingaken kaliyan *dialek* Surabaya inggih menika, *fonem /i/* ing wanda sepisanan menga kaucapaken [ɪ], *fonem /u/* ing wanda sepisanan menga kaucapaken [o], lan *fonem /a/* kaucapaken [ɔ]. Wondene prabeda ing perangan *vokal* rangkep (*diftong*) inggih menika, ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/, *vokal* tunggal /i/ dados *vokal* rangkep /ui/ lan *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/. Perangan *fonologis* ingkang kaping kalih inggih menika *fonem konsonan*. Prabeda anggenipun ngucapaken ing antawisipun basa Jawi *Standar* kaliyan *dialek* Surabaya ing perangan menika inggih menika, icaling *fonem /w/* ing wiwitaning

tembung, *fonem konsonan* /d/ kaucapaken [d] lan *fonem* /t/ kaucapaken [t], saha wontenipun wuwuhan *fonem konsonan* (?) ing pungkasaning tembung.

Kawawas saking *proses morfologis* wonten perangan ingkang beda ing antawisipun *dialek* Surabaya kaliyan basa Jawi *Standar*. Prabedanipun inggih menika pandhapuking tembung kanthi ater-ater (*prefiks*), panambang (*sufiks*), lan wuwuhan bebarengan tan rumaket (*konfiks*). Ater-ater (*prefiks*) ingkang kapanggihaken inggih menika ater-ater {ke-}. Panambang (*sufiks*) ingkang kapanggihaken wonten tiga, inggih menika panambang {-e}, panambang {-na}, lan panambang {-a}. Wondene wuwuhan bebarengan tan rumaket ingkang kapanggihaken wonten tiga, inggih menika wuwuhan bebarengan tan rumaket {se/-a}, {sa/-na}, lan {di/-na}.

Kawawas saking *proses leksikal* kaperang dados kalih wujud inggih menika, tembung lingga saha tembung rangkep. *Leksikal* awujud tembung lingga ing panaliten menika kaperang malih dados sedasa jinis. Sedasa jinis kala wau inggih menika, (1) tembung sesulih, (2) tembung aran, (3) tembung katrangan wektu, (4) tembung kaanan, (5) tembung kriya, (6) tembung ancer-ancer, (7) tembung wilangan, (8) tembung panggandheng, (9) tembung pitakon, lan (10) *partikel pelengkap* dan *pelunak*.

*Fungsi dialek* Surabaya ing salabeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy, jumbuh kaliyan *teori fungsi* basa ingkang kaginakaken, kapanggihaken pitung *fungsi*. Pitung *fungsi* basa menika (1) *fungsi instrumental*: ndhawuhi, awisan, nakyinaken, ngrayu, ngerih-erih lan ngajak, (2) *fungsi*

*representasional*, (3) *fungsi interaksional*: maturnuwun, sapa aruh lan nawekaken, (4) *fungsi regulatori*: sarujuk/ nolak, (5) *fungsi personal*: bungah, mangkel, cuwa lan sengesem, (6) *fungsi heuristik*: nyuwun priksa lan (7) *fungsi imajinatif*: nambahi kaendahan. Asiling panaliten *proses ewah-ewahan lan fungsi basa dialek Surabaya* ing salabeting kempalan *video youtube anggitanipun beauty vlogger* Ini Vindy ingkang kapanggihaken adhedhasar panaliten, badhe kaandharaken ing pirembagan.

## **B. Pirembagan**

Ing bab menika badhe kaandharaken wujud *proses ewah-ewahan satuan lingual* basa *dialek Surabaya* ing salebeting kempalan *video youtube anggitanipun beauty vlogger* Ini Vindy lan *fungsi basa dialek Surabaya* ing salebeting kempalan *video youtube anggitanipun beauty vlogger* Ini Vindy. Pirembagan antawisipun *proses ewah-ewahan wujud satuan lingual* saha *fungsi basa dialek Surabaya* dipundadosaken setunggal amargi wonten gegayutanipun. Saking *data* ingkang sampun kakempalaken, namung saperangan ingkang badhe karembag ing panaliten menika. *Data* menika makili *data* sanes ingkang sajinis, dene *data* sanesipun saged dipunpriksani ing lampiran kanthi jangkep lan menapa wontenipun. *Proses ewah-ewahan wujud satuan lingual* lan *fungsi basa dialek Surabaya* ing salebeting kempalan *video youtube anggitanipun beauty vlogger* Ini Vindy ingkang sampun kapanggihaken, kaandharaken ing ngandhap menika.

## 1. Proses Fonologis

*Proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy saking *proses fonologis* kaperang dados kalih. Kalih perangan kala wau inggih menika *vokal* saha *konsonan*. *Proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

### a) *Vokal Panandha Dialek Surabaya*

*Vokal* utawi aksara swara ingkang kaginakaken minangka panandha *dialek* Surabaya ingkang wonten ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ingkang kapanggihaken kaperang dados kalih jinis. Kalih jinis kala wau inggih menika *vokal* tunggal lan *vokal* rangkep (*diftong*). Saben jinis *vokal* minangka panandha *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy kaandhraken ing ngandhap menika.

#### 1) *Vokal Tunggal*

*Vokal* inggih menika swanten ingkang gadhah uni, utawi swanten ingkang mungel awit medaling angin saking paru-paru ingkang kedher saking salebeting tutuk boten wonten ingkang ngalang-alangi (Sasangka, 2001: 2). *Data* ingkang nedahaken prabeda antawisipun basa Jawi *Standar* lan *dialek* Surabaya ing perangan *vokal*

tunggal ingkang kapanggihaken inggih menika, *fonem /i/* ing wanda sepisanan menga kaucapaken [I], *fonem /u/* ing wanda sepisanan menga kaucapaken [o], lan *fonem /a/* kaucapaken [ɔ]. Saben *data* ingkang nedahaken prabeda ing antawisipun *dialek* Surabaya kaliyan basa Jawi *Standar* ing perangan *vokal* tunggal kaandharaken ing andharan wonten ing ngandhap menika.

**(a) *Fonem /i/* Wanda Sepisanan Menga Kaucapaken [I]**

Saking *data* ingkang kapanggihaken *fonem /i/* wanda sepisanan menga kaucapaken [I] menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados kalih. Kalih perangan ingkang kapanggihaken inggih menika, *fonem /i/* wanda sepisanan menga kaucapaken [I] kanthi *fungsi representasional* lan *fonem /i/* wanda sepisanan menga kaucapaken [I] kanthi *fungsi regulatori* (sarujuk/ nolak). Pirembagan saged kawawas ing ngandhap menika.

**(i) *Fonem /i/* Wanda Sepisanan Menga Kaucapaken [I] kanthi *Fungsi Representasional***

*Fonem /i/* wanda sepisanan menga kaucapaken [I] kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken salah setunggalipun *produk Wardah* ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika *Hydrating Aloe vera Gel*.

(1) “Ini adalah *Hydrating Aloe vera Gel*. Ini koyoke uenak ya Rek ya. Aku wis pernah make ini, setelah ini buka kan aku pake. Dia itu kaya gel gitu, itu tu kalau gawe kulitmu sing garing, garing padhakke **kripik** ta.” ‘Iki jenenge *Hydrating Aloe vera Gel*. Iki kayane penak banget ya Cah ya. Aku wis tau

nganggo iki, bar iki aku rak nganggo. Iki ki kaya *gel*, iki dienggo kulitmu sing garing, garing padhakke kripik wae' (Ini Vindy (1)/ 2016/ 6)

Ing *data* (1) menika wonten tembung kripik, tembung kripik ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung kripik kaucapaken kripik [kripI?] 'kripik' lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [krIpI?] 'kripik'. Anggenipun ngucapaken *fonem vokal /i/* dados [I] ing wanda sepisanan tembung [krIpI?] 'kripik' menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (1) ingkang ngewrat tembung kripik [kripI?] 'kripik' menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta* kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* "...Dia itu kaya *gel* gitu, itu tu kalau gawe kulitmu sing garing, garing padhakke kripik ta." '...Iki ki kaya *gel*, iki dinggo kulitmu sing garing, garing padhakke kripik wae'. Panandhanipun inggih menika, ukara ing nginggil minangka ukara ingkang mahyakaken salah setunggalipun *produk Wardah* ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika *Hydrating Aloe Vera Gel*. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Halliday (1973) ingkang dipunpethik dening Sadtono (ing Pateda: 1990: 83-84) bilih *fungsi representasional* ingkang ginanipun kangge ngandharaken kasunyatan (*deklaratif, orientasi ing topik* utawi *pesan*), inggih menika basa ingkang kaginakaken kangge ngandharaken

kasunyatan lan *informasi* kanthi menapa wontenipun. *Data* ing nginggil minangka *data* ingkang nyulahi *data* sanesipun ing panaliten menika. Tuladha sajinis, inggih menika *fonem /i/* ingkang mapan wonten ing wanda sepisanan menga kaucapaken [I] kanthi *fungsi* basa ingkang beda, kaandharaken ing andharan wonten ing ngandhap menika.

**(ii) Fonem /i/ Wanda Sepisanan Menga Kaucapaken [I] kanthi Fungsi Regulatori (Sarujuk/ Nolak)**

*Fonem /i/* wanda sepisanan menga kaucapaken [I] kanthi *fungsi regulatori* (sarujuk/ nolak) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy boten sarujuk menawi ngginakaken *bula mata* ingkang rempet.

(2) “Nah iki aku *selalu milih bulu mata* sing *renggang-renggang*, aku gak seneng *bulu mata* sing langsung *blok* kaya kipas...” ‘Nah iki aku mesthi milih wulu mripat sing arang-arang, aku ora seneng wulu mripat sing rapet kaya kipas...’ (Ini Vindy (6)/ 2017/ 44)

Ing *data* (2) menika wonten tembung milih, tembung milih ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung milih kaucapaken milih [m<sup>il</sup>lh] ‘milih’ lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [m<sup>Il</sup>lh] ‘milih’. Anggenipun ngucapaken *fonem vokal /i/* dados [I] ing wanda sepisanan tembung [m<sup>Il</sup>lh] ‘milih’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (2) ingkang ngewrat tembung milih [millh] ‘milih’ menika nedahaken *fungsi regulatori penolakan* kanthi titikan pangandikan “...aku gak seneng *bulu mata* sing langsung *blok* koyok kipas...” ‘...aku ora seneng bulu mata sing rapet...’. Panandhanipun inggih menika, wontenipun tembung gak ‘boten’ wonten ukara ing nginggil ingkang nedahaken boten sarujukipun Ini Vindy ngginakaken *bulu mata* ingkang rapet kados kipas. Menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Halliday (1973) ingkang dipunpethik dening Sadtono (ing Pateda: 1990: 83-84) bilih *fungsi regulatori* kaginakaken kangge ngandharaken *penolakan/ pasarujukan*.

**(b) Fonem /u/ Wanda Sepisanan Menga Kaucapaken [o]**

Saking *data* ingkang kapanggihaken *fonem /u/* wanda sepisanan menga kaucapaken [o] menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados sekawan. Sekawan perangan kala wau inggih menika, *fonem /u/* wanda sepisanan menga kaucapaken [o] kanthi *fungsi representasional*, *fonem /u/* wanda sepisanan menga kaucapaken [o] kanthi *fungsi interaksional* (sapa aruh), *fonem /u/* wanda sepisanan menga kaucapaken [o] kanthi *fungsi personal* (mangel), lan *fonem /u/* wanda sepisanan menga kaucapaken [o] kanthi *fungsi imajinatif*. Pirembagan saged kawawas ing ngandhap menika.

**(i) Fonem /u/ Wanda Sepisanan Menga Kaucapaken [o] kanthi Fungsi Representasional**

*Fonem /u/* wanda sepisanan menga kaucapaken [o] kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken bilih kudhung ingkang dipunangge dereng dipunbesut.

(3) “Sepura ya nek lungset, **durung** disetrika.” ‘Dingapura ya nek lungset, durung dibesut’ (Ini Vindy (5)/ 2017/ 36)

Ing *data* (3) menika wonten tembung durung, tembung durung ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung durung kaucapaken [durUŋ] ‘dereng’ lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [dorUŋ] ‘dereng’. Anggenipun ngucapaken *fonem vokal /u/* dados [o] ing wanda sepisanan tembung [dorUŋ] ‘dereng’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (3) ingkang ngewrat tembung durung [durUŋ] ‘dereng’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta* kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Sepura ya nek lungset, durung disetrika.” ‘Dingapura ya nek pating klinthing, durung dibesut’. Panandhanipun inggih menika, ukara ing nginggil minangka ukara ingkang ngandharakan utawi caos uninga dhateng tiyang sanes bilih kudhung ingkang dipunangge Ini Vindy menika lungset amargi dereng dipunbesut.

Wondene tuladha sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika.

**(ii) Fonem /u/ Wanda Sepisanan Menga Kaucapaken [o] kanthi Fungsi Interaksional (Sapa Aruh)**

*Fonem /u/ wanda sepisanan menga kaucapaken [o] kanthi fungsi interaksional (sapa aruh) saged kawawas saking pethikan data ing ngandhap menika.*

*Konteks: Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa ing prolog saben miwiti video youtube anggitan piyambakipun.*

(4) “*Hai* Rek ya apa kabare *umak*? Kipa? Tahes komes? Ya wis **sukur** ya? Ketemu maneh karo *ayas* Ini Vindy. Kali *ini* aku *akan* buat *tutorial make up*, ya pancen wis suwe Rek aku gak gawe *tutorial make up* ambek *hijab*.” ‘*Hai* Cah kepriye kabarmu? Apik? Sehat? Ya wis sukur ya. Ketemu meneh karo aku Ini Vindy. Saiki aku arep gawe *tutorial make up*, ya pancen wis suwe Cah aku ora gawe *tutorial make up* lan *hijab*’ (Ini Vindy (3)/ 2017/ 22)

Ing *data* (4) menika wonten tembung sukur, tembung sukur ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung sukur kaucapaken [sukUr] ‘sukur’ lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [sokUr] ‘sukur’. Anggenipun ngucapaken *fonem vokal /u/* dados [o] ing wanda sepisanan tembung [sokUr] ‘sukur’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (4) ingkang ngewrat tembung sukur [sukUr] ‘sukur’ menika nedahaken *fungsi interaksional* kangge sapa aruh, kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Hai Rek ya apa kabare *umak?*...” ‘Hai Cah kepriye kabare kowe?...’. Panandhanipun inggih menika, wontenipun tembung hai ‘*partikel* kangge nyeluk ing basa Indonesiya’ wonten ukara ing nginggil menika minangka sapa aruh Ini Vindy dhateng para pamiyarsa. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Halliday (1973) ingkang dipunpethik dening Sadtono (ing Pateda: 1990: 83-84) bilih *fungsi interaksional* utawi *interaksi* inggih menika ginanipun basa kangge nglampahi sesambetan, mantepaken tahan lan dangunipun *komunikasi*. Ing *fungsi interaksional* basa nedahaken raos *bersahabat, solidaritas sosial*. Supados *komunikasi* nuwuhaken kasil dipunbetahaken seserepan ingkang cekap ngengingi *logat* lan *adat istiadat* budayanipun. Ing panaliten ingkang wonten ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy, wonten wujud *interaksi* ingkang arupi atur panuwun, sapa aruh, lan nawekaken. *Tuturan* (4) menika nedahaken *fungsi interaksional* kangge sapa aruh ingkang wonten ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

**(iii) Fonem /u/ Wanda Sepisanan Menga Kaucapaken [o] kanthi Fungsi Personal (Mangkel)**

*Fonem /u/* wanda sepisanan menga kaucapaken [o] kanthi *fungsi personal* (mangkel) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mangkel amargi *stok* pensil alis Wardah ing Malang asring telas.

(5) “Sapa sih **thuthuk-thuthuk** iku? Iki lek ndhék Malang sering gak ana, entek. Tulung ya Wardah. *Stoknya itu loh*. Kok tambah nyeneni Wardah.” ‘Sapa sih thuthuk-thuthuk kuwi? Iki yen ing Malang kerep ora ana, entek. Tulung ya Wardah. *Stoke kuwi loh*. Kok malah nyeneni Wardah’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 7)

Ing *data* (5) menika wonten tembung thuthuk-thuthuk, tembung thuthuk-thuthuk ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung thuthuk-thuthuk kaucapaken [thuthU?-thuthU?] ‘thuthuk-thuthuk’ lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [thothU?-thothU?] ‘thuthuk-thuthuk’. Anggenipun ngucapaken *fonem vokal* [u] dados [o] ing wanda sepisanan tembung [thothU?-thothU?] ‘thuthuk-thuthuk’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (5) ingkang ngewrat tembung thuthuk-thuthuk [thuthU?-thuthU?] ‘thuthuk-thuthuk’ menika nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos mangkel, kanthi titikan pangandikan “...Tulung ya Wardah. *Stoknya itu loh*. Kok tambah nyeneni Wardah.” ‘...Tulung ya Wardah, *stoke kuwi loh*. Kok malah nyeneni Wardah’. Panandha ukara ing nginggil wontenipun tembung nyeneni ‘ndukani’ minangka andharan raos mangkel Ini Vindy amargi *stok pensil alis Wardah* ing Malang asring telas. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Halliday (1973) ingkang dipunpethik dening Sadtono (ing Pateda: 1990: 83-84) bilih *fungsi*

*personal* ginanipun kangge ngandharaken penggalihan utawi raos pangraos pribadi. Raos pangraos pribadi kala wau kados ta, raos bungah, raos mangkel, raos cuwa lan raos seneng. Ing tuturan (5) menika nedahaken *fungsi personal* kangge mahyakaken raos mangkel ingkang wonten ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy. Raos mangkel Ini Vindy amaragi *stok pensil alis* ing Malang menika asring telas, satemah piyambakipun boten kumanan.

**(iv) Fonem /u/ Wanda Sepisanan Menga Kaucapaken [o] kanthi Fungsi Imajinatif (Nambahi Kaendahan)**

*Fonem /u/* wanda sepisanan menga kaucapaken [o] kanthi *fungsi imajinatif* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mbanyol sadangunipun *blend eyeshadow* ing netranipun.

(6) “Ya wis ngene-ngene ambek mangan **krupuk** ambek mangan cilok ambek ngene-ngene...” ‘Ya wis ngene-ngene karo mangan krupuk karo mangan cilok karo ngene-ngene...’ (Ini Vindy (6)/ 2017/ 40)

Ing *data* (6) menika wonten tembung krupuk, tembung krupuk ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung krupuk kaucapaken [krupU?] ‘krupuk’, lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [kropU?] ‘krupuk’. Anggenipun ngucapaken *fonem vokal /u/* dados [o] ing wanda sepisanan tembung [kropU?] ‘krupuk’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (6) ingkang ngewrat tembung krupuk [krupU?] ‘krupuk’ nedahaken *fungsi imajinatif* kangge nambah kaendahan, kanthi titikan banyolan Ini Vindy menika ‘Ya wis ngene iki karo mangan krupuk karo mangan cilok karo ngene-ngene...’. Panandha *fungsi imajinatif*ipun inggih menika Ini Vindy mbanyol bilih nalika macaki netra, kita saged sinambi dhahar krupuk utawi cilok amargi saking dangunipun. Kamangka menawi saestu dipuntindakaken boten bakal saged macak sinambi dhahar krupuk kaliyan cilok, amargi bakalipun ewuh. Ancasipun Ini Vindy mbanyol inggih menika panglipur supados nambah kaendahaning *komunikasi* supados pamiyarsa boten bosen. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Halliday (1973) ingkang dipunpethik dening Sadtono (ing Pateda: 1990: 83-84) bilih *fungsi imajinatif* dipunginakaken kangge ngripta utawi nambah kaendahan ing salebeting *komunikasi*.

**(c) Fonem /a/ Kaucapaken [ɔ]**

Saking *data* ingkang kapanggihaken *fonem /a/* kaucapaken [ɔ] menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados kalih. Kalih perangan kala wau inggih menika *fonem /a/* kaucapaken [ɔ] kanthi *fungsi instrumental* (awisan) lan *fonem /a/* kaucapaken [ɔ] kanthi *fungsi regulatori* (sarujuk/ nolak). Pirembagan saged kawawas ing ngandhap menika.

**(i) Fonem /a/ Kaucapaken [ɔ] kanthi Fungsi Instrumental (Awisan)**

*Fonem /a/* kaucapaken [ɔ] kanthi *fungsi instrumental* (awisan) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa menawi *make up* sampun ngantos ketawis garisipun.

(7) “Sing penting ya Rek, lek **seumpamane**, lek *make up* iku sing penting aja ana nggaris...” ‘Sing penting ya Cah, seumpamane macak kuwi sing penting aja nggaris’ (Ini Vindy (6)/ 2017/ 41)

Ing *data* (7) menika wonten tembung seumpamane, tembung seumpamane ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung seumpamane kaucapaken [səumpamane] ‘seumpaminipun’, lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [səumpaməne] ‘seumpaminipun’. Anggenipun ngucapaken *fonem vokal* /a/ dados [ɔ] ing tembung [səumpaməne] ‘seumpaminipun’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (7) ingkang ngewrat tembung seumpamane [səumpamane] ‘seumpaminipun’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge paring awisan. *Fungsi instrumental (direktif)* menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Sing penting ya Rek, lek seumpamane, lek *make up* iku sing penting aja ana nggaris...” ‘Sing penting cah yen macak kuwi aja nganti nggaris...’. Panandhanipun ukara menika wontenipun tembung aja ‘sampun’ minangka awisan dhateng pamiyarsa menawi *make up* sampun ngantos ketawis garisipun, kedah alus. Tuladha ingkang sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika.

**(ii) Fonem /a/ Kaucapaken [ɔ] kanthi Fungsi Regulatori (Sarujuk/ Nolak)**

*Fonem /a/* kaucapaken [ɔ] kanthi *fungsi regulatri* (nolak) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandaraken pawadan piyambakipun boten remen alis lurus.

(8) “Aku gak seneng ya alis lurus, *soale* mengko **mataku** dadine dawawa.”  
‘Aku ora seneng alis lurus, mergane mengko mataku dadine dawa banget’  
(Ini Vindy (2)/ 2017/ 19)

Ing *data* (8) menika wonten tembung mataku, tembung mataku ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung mataku kaucapaken [mataku] ‘mripat kula’, lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [mɔtɔku] ‘mripat kula’ ing *dialek* Surabaya. Anggenipun ngucapaken *fonem vokal /a/* dados [ɔ] ing tembung [mɔtɔku] ‘mripat kula’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (8) ingkang ngewrat tembung mataku [mataku] ‘mripat kula’ nedahaken *fungsi regulatori* kangge nolak kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Aku gak seneng ya alis lurus...” ‘aku ora seneng alis lurus’. Panandhanipun inggih menika wontenipun tembung gak ‘ora’ wonten ukara ing nginggil ingkang nedahaken bilih Ini Vindy boten remen alis lurus amargi netranipun ketingal panjang.

## 2) *Vokal Rangkep (Diftong)*

*Vokal* rangkep utawi *diftong* inggih menika *vokal* ingkang cacahipun kalih lan mapan ing salah setunggalipun wandaning tembung. Menawi wonten *vokal* rangkep, ananging boten mapan ing salah setunggalipun wanda, swanten rangkep menika boten kalebet *diftong*. Basa Jawi *Standar* boten gadhah *diftong* kados dene ing basa Indonesia (Sasangka, 2001: 8). Ing panaliten menika kapanggihaken *data* ingkang nedahaken prabeda ing perangan *vokal* rangkep (*diftong*) inggih menika, ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/, *vokal* tunggal /i/ dados *vokal* rangkep /ui/ lan *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/. Ewahing *vokal* tunggal dados *vokal* rangkep utawi *diftong* minangka panandha *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun Ini Vindy kaandharaken ing ngandhap menika.

### (a) **Ewahing *Vokal* Tunggal /a/ Dados *Vokal* Rangkep /ua/**

Saking *data* ingkang kapanggihaken, ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/ menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados kalih. Kalih perangan kala wau inggih menika ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/ kanthi *fungsi instrumental* (awisan) lan *fonem vokal* rangkep /ua/ kanthi *fungsi representasional*. Pirembagan saged kawawas ing ngandhap menika.

### (i) **Ewahing *Vokal* Tunggal /a/ Dados *Vokal* Rangkep /ua/ kanthi *Fungsi Instrumental* (Awisan)**

Ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/ kanthi *fungsi instrumental* (awisan) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken *eyeliner* pethak menawi macak biasa, amrih boten keningal aneh.

(9) “*Kalau yang misalnya kamu make up yang biasa gitu terus kamu pengen matanya lebih seger aja ngasi ana putih-putihe ndhek kene kan uaneha.*”  
‘Yen kowe macak biasa terus pengen mripate luwih ketok seger aja ngasi ana putih-putihe nang kene, rak ya aneh’ (Ini Vindy (10)/ 2016/ 55)

Ing *data* (9) menika wonten tembung uaneha, tembung uaneha ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung uaneha kaucapaken [aneh] ‘aneh’ tanpa ewah-ewahan *fonem vokal*, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [u<sup>w</sup>aneha] ‘aneh (sanget)’ kanthi ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/ ingkang ginanipun kangge mujudaken *kesan* sanget. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka (2001: 8) basa Jawi *Standar* boten gadhah *diftong* kados dene ing basa Indonesia. Ing wewengkon iring wetan (Jawa Timur) wonten swanten rangkep ingkang awujud *diftong* ingkang mapan ing wandaning tembung. Wontenipun *diftong* menika ngewrat teges kangge mbangetaken surasanipun tembung. Kados dene ing *data* menika, ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/ ing tembung [aneh] ‘aneh’ satemah dados [u<sup>w</sup>aneha] ‘aneh (sanget)’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (9) ingkang ngewrat tembung uaneha [u<sup>w</sup>aneha] ‘aneh (sanget)’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge paring awisan, kanthi titikan

pangandikan Ini Vindy “...*pengen matanya lebih seger* aja ngasi ana putih-putihe ndhek kene kan uaneh-a.” ‘...*pengen matane ketok seger* aja ngasi ana putih-putihe nang kana mergane bakal ketok aneh’. Panandha *fungsi instrumental* awisan tuturan ing nginggil wontenipun tembung aja ‘sampun’ ingkang nedahaken bilih Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa sampun ngantos ngginakaken *eyeliner* pethak menawi macak biasa, supados boten ketingal aneh. Tuladha ingkang sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika.

**(ii) Ewahing Vokal Tunggal /a/ dados Vokal Rangkep /ua/ kanthi Fungsi Representasional**

Ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/ kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken bilih *kuas* ingkang dipunginakaken *merk Salsen* lan taksih enggal.

(10) “Nah *kuas* sing takgawe *adalah* *kuas Salsen* isi 12. Nah, iki *kebetulan kuase* ijek **uanyar**.” ‘Nah *kuas* sing takenggo yaiku *kuas Salsen* isi 12. Nah, kepeneran *kuase* isih anyar’ (Ini Vindy (3)/ 2017/ 26)

Ing *data* (10) menika wonten tembung anyar [añar] ‘enggal’ kanthi ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/ satemah dados uanyar [u<sup>w</sup>añar] ‘enggal’, ingkang ginanipun kangge mujudaken *kesan* sanget. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, tembung uanyar [u<sup>w</sup>añar] ‘enggal’ namung kaginakaken ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya. Wondene ing basa Jawi *Standar* kangge mahyakaken *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung anyir [añir] ‘enggal’.

Ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/ ing tembung [añar] ‘enggal’ satemah dados [u<sup>w</sup>añar] ‘enggal’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (10) ingkang ngewrat tembung uanyar [u<sup>w</sup>añar] ‘enggal’ nedahaken *fungsi representasional* kangge ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Aku gak seneng ya alis lurus...” ‘aku ora seneng alis lurus’. Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngandharaken bilih *kuas* ingkang dipunginakaken *merk Salsen* isinipun 12 lan taksih enggal.

**(b) Ewahing Vokal Tunggal /i/ Dados Vokal Rangkep /ui/**

Saking *data* ingkang kapanggihaken, ewahing *vokal* tunggal /i/ dados *vokal* rangkep /ui/ menawi kawawas saking *fungsi* basanipun namung kapanggihaken setunggal. *Data* ingkang kapanggihaken inggih menika ewahing *vokal* tunggal /i/ dados *vokal* rangkep /ui/ kanthi *fungsi representasional*. Pirembagan saged kawawas ing ngandhap menika.

Ewahing *vokal* tunggal /i/ dados *vokal* rangkep /ui/ kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun kagungan pengalaman ingkang damel lingsem nalika sepisanan damel *video youtube*.

(11) “*Memori yang sangat berharga. Ya apa sih memori yang sangat berharga ya. Memori yang tidak terlupakan. Yaitu awal saya memulai*

*youtube itu adalah saya bikin One Brand Tutorial Wardah. Tapi videone nguisin-isini pol Rek.” ‘Pengalaman sing ra isoh lali. Apa ta kok ra isoh lali ya. yaiku pisanan miwiti youtube aku gawe One Brand Tutorial Wardah. Ning videone ngisin-ngisini banget Cah’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 4)*

Ing *data* (11) menika wonten tembung nguisin-isini, tembung nguisin-isini ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung nguisin-isini kaucapaken [ŋisin-isini] ‘damel lingsem’ tanpa ewahing *fonem vokal*, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [ŋu<sup>w</sup>isin-isini] ‘damel lingsem’ kanthi ewahing *vokal* tunggal /i/ dados *vokal* rangkep /ui/ ingkang ginanipun kangge mujudaken *kesan* sanget. Ewahing *vokal* tunggal /i/ dados *vokal* rangkep /ui/ ing tembung [ŋisin-isini] ‘damel lingsem’ satemah dados [ŋu<sup>w</sup>isin-isini] ‘damel lingsem’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (11) ingkang ngewrat tembung nguisin-isini [ŋu<sup>w</sup>isin-isini] ‘damel lingsem’ nedahaken *fungsi representasional* kangge ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “...Ya apa sih *memori yang sangat berharga ya. Memori yang tidak terlupakan. Yaitu awal saya memulai youtube itu adalah saya bikin One Brand Tutorial Wardah. Tapi videone nguisin-isini pol Rek.” ‘Memori berharga kepriye ta, memori kang ora bisa dilalekake. Yaiku nalika aku miwiti youtube aku gawe One Brand Tutorial Wardah. Ning videone ngisin-isini banget Cah’*. Panandha *fungsi*

*representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun kagungan pengalaman ingkang damel lingsem nalika sepisanan damel *video youtube*.

**(c) Ewahing Vokal Tunggal /e/ Dados Vokal Rangkep /ue/**

Saking *data* ingkang kapanggihaken, ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ menawi kawawas saking *funksinipun* kaperang dados gangsal. Gangsal perangan kala wau inggih menika, ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ kanthi *fungsi instrumental* (ngajak), *fungsi representasional*, *fungsi personal* (mangkel), *fungsi personal* (cuwa), lan *fungsi imajinatif*. Pirembagan saged kawawas ing ngandhap menika.

**(i) Ewahing Vokal Tunggal /e/ Dados Vokal Rangkep /ue/ kanthi Fungsi Instrumental (Ngajak)**

Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ kanthi *fungsi instrumental* (ngajak) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngajak supados pamiyarsa ngginakaken *shadding* amargi menika wigati sanget.

(12) “*Eyeshadow* gak nggawe gak papa, sing **puenting** menurutku coba wis nganggo *shadding*.” ‘*Eyeshadow* ora nganggo ora papa, sing penting coba wis nganggo *shadding*’ (Ini Vindy (4)/ 2016/ 28)

Ing *data* (12) menika wonten tembung puenting, tembung puenting ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing

basa Jawi *Standar* tembung puenting kaucapaken [pəntiŋ] ‘wigati’ tanpa ewahing *fonem vokal*, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [pu<sup>w</sup>əntiŋ] ‘wigati (sanget)’ kanthi ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ingkang ginanipun kangge mujudaken *kesan* sanget. Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ing tembung [pəntiŋ] ‘wigati’ satemah dados [pu<sup>w</sup>əntiŋ] ‘wigati (sanget)’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (12) ingkang ngewrat tembung puenting [pu<sup>w</sup>əntiŋ] ‘wigati (sanget)’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge ngajak. *Fungsi instrumental (direktif)* kanthi titikan pangandikan Ini “*Eyeshadow* gak nggawe gak papa, sing puenting *menurutku* coba wis nganggo *shadding*.” ‘*Eyeshadow* ora nganggo ora papa, sing penting coba nganggo *shadding*’. Panandha *fungsi instrumental* ngajak *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun tembung coba ‘cobi’ ingkang nedahaken Ini Vindy ngajak supados pamiyarsa ngginakaken *shadding*, amargi menika wigati sanget. Tuladha sajinis kanthi *fungsi* ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika.

**(ii) Ewahing *Vokal Tunggal /e/* Dados *Vokal Rangkep /ue/* kanthi *Fungsi Representasional***

Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken salah setunggalipun *produk Wardah* ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika *Hydrating Aloe vera Gel*.

(13) “*Ini adalah Hydrating Aloe vera Gel. Ini koyoke uenak ya Rek ya. Aku wis pernah make ini, setelah ini buka kan aku pake. Dia itu kaya gel gitu, itu tu kalau gawe kulitmu sing garing, garing padhakke kripik ta.*” ‘Iki jenenge *Hydrating Aloe vera Gel*. Iki kayane penak banget ya Cah ya. Aku wis tau nganggo iki, bar iki aku rak nganggo. Iki ki kaya *gel*, iki dienggo kulitmu sing garing, garing padhakke kripik wae’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 6)

Ing *data* (13) menika wonten tembung uenak, tembung uenak ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung uenak kaucapaken [ena?] ‘eca’ tanpa ewahing *vokal*, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [u<sup>w</sup>ena?] ‘eca (sanget)’ kanthi ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ingkang ginanipun kangge mujudaken *kesan* sanget. Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ing tembung [ena?] ‘eca’ satemah dados [u<sup>w</sup>ena?] ‘eca (sanget)’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (13) ingkang ngewrat tembung uenak [u<sup>w</sup>ena?] ‘eca (sanget)’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “...*Dia itu kaya gel gitu, itu tu kalau gawe kulitmu sing garing, garing padhakke kripik ta.*” ‘...Iki ki kaya *gel*, iki dinggo kulitmu sing garing, garing padhakke kripik wae’. Panandhanipun inggih menika,

ukara ing nginggil minangka ukara ingkang mahyakaken salah setunggalipun *produk Wardah* ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika *Hydrating Aloe Vera Gel*.

**(iii) Ewahing Vokal Tunggal /e/ Dados Vokal Rangkep /ue/ kanthi Fungsi Personal (Mangkel)**

Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ kanthi *fungsi personal* (mangkel) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mangkel utawi boten remen menawi pipi piyambakipun ketinggal nyempluk.

(14) “Jembek aku ki lek ambek pipi **nyuempluk** ki juembek nemen.” ‘Jenes aku yen karo pipi nyempluk banget ki jenes banget’ (Ini Vindy (3)/ 2017/ 24)

Ing *data* (14) menika wonten tembung nyuempluk, tembung nyuempluk ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung nyuempluk kaucapaken [ñemplu?] ‘nyempluk’ tanpa ewahing *fonem vokal*, lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [ñ<sup>w</sup>emplu?] ‘nyempluk (sanget)’ kanthi ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ingkang ginanipun kangge mujudaken *kesan* sanget. Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ing tembung [ñemplu?] ‘nyempluk’ satemah dados [ñ<sup>w</sup>emplu?] ‘nyempluk (sanget)’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (14) ingkang ngewrat tembung nyuempluk [ñu<sup>w</sup>emflu?] ‘nyempluk (sanget)’ menika nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos mangkel. *Fungsi personal* (mangkel) menika kanthi titikan pangandikan “Jembek aku ki lek ambek pipi nyuempluk ki juembek nemen.” ‘Jenes aku ki yen karo pipi nyempluk banget jenes banget’. Panandha *fungsi personal* mangkel *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun tembung jembek ‘jenes’ ingkang nedahaken bilih Ini Vindy mangkel utawi boten remen menawi pipi piyambakipun ketingal nyempluk.

**(iv) Ewahing Vokal Tunggal Dados Vokal Rangkep /ue/ kanthi Fungsi Personal (Cuwa)**

Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ kanthi *fungsi personal* (cuwa) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy kuciwa tumraping pelayanan Toko Rayo

(15) “...*tapi* sing Rayo iku aduh *makan* ati Rek, wis mbak-mbake rada *sadis-sadis* ngono ya, dadi aku ning Astro. Ning Astro mbake apikan Rek, dadi wah **sueneng** aku.” ‘...ning sing Rayo kuwi aduh mangan ati Cah, wis mbak-mbake rada *sadis-sadis* ngono ya, dadi aku ning Astro. Ning Astro mbak-mbake apikan Cah, cdadi wah seneng tenan aku’ (Ini Vindy (4)/ 2016/ 29)

Ing *data* (15) menika wonten tembung *sueneng*, tembung *sueneng* ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung *sueneng* kaucapaken [sənəŋ] ‘remen’ tanpa ewahing *fonem vokal*, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [su<sup>w</sup>ənəŋ] ‘remen (sanget)’ kanthi ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ingkang ginanipun kangge

mujudaken *kesan* sanget. Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ing tembung [sənəŋ] ‘remen’ satemah dados [su<sup>w</sup>ənəŋ] ‘remen (sanget)’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (15) ingkang ngewrat tembung sueneng [su<sup>w</sup>ənəŋ] ‘remen (sanget)’nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos kuciwa. *Fungsi personal* (cuwa) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “...*tapi* sing Rayo iku adhuh *makan* ati Rek...” ‘...ning sing Rayo iku adhuh nglarani ati Rek...’. Panandhanipun ukara ing nginggil inggih menika wonten *frasa makan ati* ‘mangan ati’ ingkang nedahaken raos kuciwanipun Ini Vindy tumraping *pelayanan* Toko Rayo amargi ingkang ngladosi *sadis*.

**(v) Ewahing Vokal Tunggal /e/ dados Vokal Rangkep /ue/ kanthi Fungsi Imajinatif (Nambahi Kaendahan)**

Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ kanthi *fungsi imajinatif* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mbanyol menawi tegesipun *outer V* menika *outer* Vindy.

(16) “V, V *outer* Vindy haha **mueksa**.” ‘V, V *outer* Vindy haha meksa banget’ (Ini Vindy (6)/ 2017/ 43)

Ing *data* (16) menika wonten tembung *mueksa*, tembung *mueksa* ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing

basa Jawi *Standar* tembung mueksa kaucapaken [məʔsɔ] ‘meksa’ tanpa ewahing *fonem vokal*, lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [mu<sup>w</sup>əʔsɔ] ‘meksa (sanget)’ kanthi ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ingkang ginanipun kangge mujudaken *kesan* sanget. Ewahing *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/ ing tembung [məʔsɔ] ‘meksa’ satemah dados [mu<sup>w</sup>əʔsɔ] ‘meksa (sanget)’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (16) ingkang ngewrat tembung mueksa [mu<sup>w</sup>əʔsɔ] ‘meksa (sanget)’ nedahaken *fungsi imajinatif* kangge nambah kaendahan. *Fungsi imajinatif* menika kanthi titikan banyolan Ini Vindy menika “V, V *outer* Vindy haha mueksa.” ‘V, V *outer* Vindy haha meksa tenan’. Panandha *fungsi imajinatif tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy mbanyol menawi tegesipun *outer V* menika *outer* Vindy, kamangka sejatosipun *outer V* menika tegesipun sanes menika.

#### **b) Konsonan Panandha Dialek Surabaya**

*Konsonan* inggih menika swanten tanpa uni, utawi swanten ingkang dereng wonten ungelipun menawi dereng sumambung kaliyan *vokal* (Sasangka, 2001: 10). *Konsonan* ingkang kapanggihaken minangka panandha *dialek* Surabaya ingkang wonten ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ingkang kapanggihaken wonten sekawan. Sekawan *data* kala wau inggih menika, icaling *fonem* /w/ ing wiwitaning tembung, *fonem* /d/ kaucapaken [d̪], *fonem* /t/ kaucapaken [t], lan wuwuhan /ʔ/ ing pungkasaning tembung.

### 1) Icaling *Fonem /w/* ing Wiwitaning Tembung

Saking *data* ingkang kapanggihaken icaling *fonem /w/* ing wiwitaning tembung menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados tiga. Tigang *data* kala wau inggih menika icaling *fonem /w/* ing wiwitaning tembung kanthi *fungsi interaksional* (nawekaken), icaling *fonem /w/* ing wiwitaning tembung kanthi *fungsi personal* (cuwa), lan icaling *fonem /w/* ing wiwitaning tembung kanthi *fungsi heuristik*. Pirembagan saged kawawas ing ngandhap menika.

#### a) Icaling *Fonem /w/* ing Wiwitaning Tembung kanthi *Fungsi Interaksional* (Nawekaken)

Icaling *fonem /w/* ing wiwitaning tembung kanthi *fungsi interaksional* (nawekaken) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy nawekaken dhateng pamiyarsa menawi wonten panyuwunan, kasuwun *comment* ing ngandhap.

(17) “*Nah kalau ada yang mau request- request, nyoh comment wae ndhék ngisor.*” ‘*Nah yen ana sing arep request-request, nyoh comment wae nang ngisor*’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 12)

Ing *data* (17) menika wonten tembung wae, tembung wae ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung wae kaucapaken [wae] ‘mawon’, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [ae] ‘mawon’ tanpa *fonem /w/* ing wiwitaning tembung. Icaling *fonem /w/* ing wiwitaning tembung wae [wae] ‘mawon’ satemah dados [ae] ‘mawon’

menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (17) ingkang ngewrat tembung wae [wae] ‘mawon’ nedahaken *fungsi interaksional* kangge nawekaken. *Fungsi interaksional* menika kanthi titikan pangandikan “Nah kalau ada yang mau request-request, nyoh comment wae ndhek ngisor.” ‘Nah yen ana penjalukan-penjalukan, nyoh comment wae nang ngisor’. Panandha ukara ing nginggil inggih menika wontenipun tembung nyoh ‘mangga’ ingkang nedahaken bilih Ini Vindy nawekaken dhateng pamiyarsa menawi wonten panyuwunan kasuwun *comment* ing ngandhap. Tuladha ingkang sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika.

**b) Icaling Fonem /w/ ing Wiwitaning Tembung kanthi Fungsi Personal (Cuwa)**

Icaling *fonem /w/* ing wiwitaning tembung kanthi *fungsi personal* (cuwa) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy kuciwa tumraping *pelayanan* Toko Rayo amargi ingkang ngladosi sadis.

(18) “...tapi sing Rayo iku aduh *makan* ati Rek, **wis** mbak-mbake rada *sadis-sadis* ngono ya, dadi aku ning Astro. Ning Astro mbake apikan Rek, dadi wah sueneng aku.” ‘...ning sing Rayo kuwi aduh mangan ati Cah, wis mbak-mbake rada *sadis-sadis* ngono ya, dadi aku ning Astro. Ning Astro mbak-mbake apikan Cah, dadi wah seneng tenan aku’ (Ini Vindy (4)/ 2016/ 29)

Ing *data* (18) menika wonten tembung wis, tembung wis ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa

Jawi *Standar* tembung wis kaucapaken [wIs] ‘sampun’, lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [Is] ‘sampun’ tanpa *fonem* /w/ ing wiwitaning tembung. Icaling *fonem* /w/ ing wiwitaning tembung wis [wIs] ‘sampun’ satemah dados [Is] ‘sampun’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (18) ingkang ngewrat tembung wis [wIs] ‘sampun’ nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos kuciwa. *Fungsi personal* (cuwa) kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “...*tapi* sing Rayo iku adhuh *makan* ati Rek...” ‘...ning sing Rayo iku adhuh nglarani ati Rek...’. Panandhanipun, ukara ing nginggil minangka andharan raos kuciwa Ini Vindy tumrapping *pelayanan* Toko Rayo amargi ingkang ngladosi *sadis*.

**c) Icaling *Fonem* /w/ ing Wiwitaning Tembung kanthi *Fungsi Heuristik* (Nyuwun Priksa)**

Icaling *fonem* /w/ ing wiwitaning tembung kanthi *fungsi heuristik* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks*: Ini Vindy ngandharaken bilih piyambakipun nembe kemawon priksa *aplikasi Fame*.

(19) “Yaiki aku sing ndesa apa ncen aku **baru weruh** ngono?” “Yaiki aku sing ndesa apa pancen aku lagi ngerti ngono” (Ini Vindy (6)/ 2017/ 37)

Ing *data* (19) menika wonten tembung weruh, tembung weruh ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing

basa Jawi *Standar* tembung weruh kaucapaken [wərUh] ‘prikça’, lan ing *dialek* Surabaya kaucapaken [ərUh] ‘prikça’ tanpa *fonem* /w/ ing wiwitaning tembung. Icaling *fonem* /w/ ing wiwitaning tembung weruh [wərUh] ‘prikça’ satemah dados [ərUh] ‘prikça’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (19) ingkang ngewrat tembung weruh [wərUh] ‘prikça’ nedahaken *fungsi heuristik*. *Fungsi heuristik* inggih menika *fungsi* ingkang kaginakaken kangge pados seserepan lan wangsulun tumrapping salah setunggaling prekawis. *Fungsi heuristik* ing data menika kanthi titikan pangandikan “Yaiki aku sing ndesa apa ncen aku *baru* weruh ngono.” ‘Yaiki aku sing ndesa apa pancen aku lagi ngerti ngono’. Panandhanipun inggih menika wontenipun tembung pitakenan apa ‘menapa’ ingkang nedahaken bilih Ini Vindy nyuwun priksa dhateng pamiyarsa menapa piyambakipun ingkang ndesa utawi piyambakipun nembe kemawon priksa *aplikasi Fame*.

## 2) *Fonem* /d/ Kaucapaken [d]

Saking *data* ingkang kapanggihaken, *fonem* /d/ kaucapaken [d] menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados tiga. Tigang *data* ingkang kapanggihaken kala wau inggih menika, *fonem* /d/ kaucapaken [d] kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi), *fonem* /d/ kaucapaken [d] kanthi *fungsi representasional* lan *fonem* /d/ kaucapaken [d] kanthi *fungsi heuristik*. Pirembagan saged kawawas ing ngandhap menika.

### a) *Fonem* /d/ Kaucapaken [d] kanthi *Fungsi Instrumental* (Nndhawuhi)

*Fonem /d/* kaucapaken [d] kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi) saged kawaws saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken sinaosa ngginakaken *shadding* kados menapa kemawon tetep kedah ngginakaken jilbab ingkang *tirus* supados boten ketingal nyempluk.

(20) “Masiya *shaddingan* kaya apa tetep nggawenen jilbabe **kudu** sing *tirus*.” ‘Senajan nganggo *shadding* kaya ngapa wae tetep jilbabe kudu sing *tirus*.’ (Ini Vindy (3)/ 2017/ 25)

Ing *data* (20) menika wonten tembung kudu, tembung kudu ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung kudu kaucapaken [kudu] ‘kedah’ dene saperangan ageng masarakat ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya anggenipun ngucapaken inggih menika [kuḍu] ‘kedah’. Miturut *informan*, prabeda anggenipun ngucapaken tembung kudu menika amargi kirangipun pangretosan masarakat bab bedanipun *fonem /d/* kaliyan /ḍ/, satemah murugaken lira-liru anggenipun sami ngucapaken *fonem /d/* kaliyan /ḍ/. *Fonem /d/* kaucapaken /ḍ/ ing tembung [kuḍu] ‘kedah’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (20) ingkang ngewrat tembung kudu [kudu] ‘kedah’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge ngajak. *Fungsi Instrumental* (ndhawuhi) kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Masiya *shaddingan* kaya apa tetep nggawenen jilbabe kudu sing *tirus*.” ‘Nadyan nganggo *shadding* kaya ngapa wae

tetep kudu nganggo jilbab *tirus*.’ Panandha *fungsi instrumental* ndhawuhi *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun panambang {-en} ing tembung nggawenen ‘ngangema’. Tembung menika nedahaken bilih Ini Vindy ndhawuhi pamiyarsa sinaosa ngginakaken *shadding* kados menapa kemawon tetep kedah ngginakaken jilbab ingkang *tirus* supados boten ketingal nyempluk. Wondene, tuladha *data* ingkang sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda kaandharaken ing andharan wonten ing ngandhap menika.

#### b) *Fonem /d/ Kaucapaken [d] kanthi Fungsi Representasional*

*Fonem /d/* kaucapaken [d] kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken bilih piyambakipun nembe saged damel *video* amargi kala wingi wonten ingkang risak.

(21) “*Soale lagi ada yang rusak, dan saiki wis mbalik maneh. Dadi* aku isoh nggawe *video* maneh.” ‘Mergane ana sing rusak, tur saiki wis mbalik meneh. Dadi aku isoh nggawe *video* meneh.’ (Ini Vindy (3)/ 2017/ 23)

Ing *data* (21) menika wonten tembung *dadi*, tembung *dadi* ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung *dadi* kaucapaken [dadi] ‘dados’ dene saperangan ageng masarakat ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya anggenipun ngucapaken inggih

menika [ɖadɪ] ‘dados’. Miturut *informan*, prabeda anggenipun ngucapaken tembung dadi menika amargi kirangipun pangretosan masarakat bab bedanipun *fonem* /d/ kaliyan /ɖ/, satemah murugaken lira-liru anggenipun sami ngucapaken *fonem* /d/ kaliyan /ɖ/. *Fonem* /d/ kaucapaken /ɖ/ ing tembung [ɖadɪ] ‘dados’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (21) ingkang ngewrat tembung dadi [ɖadɪ] ‘dados’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* ing *data* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “*Soale lagi ada yang rusak, dan saiki wis mbalik maneh...*” ‘Mergane lagi ana sing rusak, lan saiki wis mbalik meneh...’ Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngandharaken bilih piyambakipun nembe saged damel *video* amargi kala wingi wonten ingkang risak.

### c) *Fonem* /d/ Kaucapaken [ɖ] kanthi *Fungsi Heuristik* (Nyuwun Priksa)

*Fonem* /d/ kaucapaken [ɖ] kanthi *fungsi heuristik* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks*: Ini Vindy ngandharaken bilih piyambakipun nembe kemawon priksa aplikasi *Fame*.

(22) “Yaiki aku sing **ndesa** apa ncen aku *baru* weruh ngono?” ‘Yaiki aku sing ndesa apa pancen aku lagi ngerti ngono’ (Ini Vindy (6)/ 2017/ 37)

Ing *data* (22) menika wonten tembung ndesa, tembung ndesa ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung ndesa kaucapaken [ndesɔ] ‘ndesa’ dene saperangan ageng masarakat ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya anggenipun ngucapaken inggih menika [nɖesɔ] ‘ndesa’. Miturut *informan*, prabeda anggenipun ngucapaken tembung dadi menika amargi kirangipun pangretosan masarakat bab bedanipun *fonem* /d/ kaliyan /ɖ/, satemah murugaken lira-liru anggenipun sami ngucapaken *fonem* /d/ kaliyan /ɖ/. *Fonem* /d/ kaucapaken /ɖ/ ing tembung [nɖesɔ] ‘ndesa’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (22) ingkang ngewrat tembung ndesa [ndesɔ] ‘ndesa’ nedahaken *fungsi heuristik*. *Fungsi heuristik* inggih menika *fungsi* ingkang kaginakaken kangge pados seserepan lan wangsulan tumraping salah setunggaling prekawis. *Fungsi heuristik* ing *data* menika kanthi titikan pangandikan “Yaiki aku sing ndesa apa ncen aku *baru* weruh ngono.” ‘Yaiki aku sing ndesa apa pancen aku lagi ngerti ngono’. Panandhanipun inggih menika Ini Vindy nyuwun priksa dhateng pamiyarsa utawi piyambakipun ingkang ndesa menapa piyambakipun nembe kemawon priksa *aplikasi Fame*.

### 3) *Fonem* /t/ Kaucapaken [t]

Saking *data* ingkang kapanggihaken, *fonem* /t/ kaucapaken [t] menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados kalih. Kalih *data* ingkang kapanggihaken inggih menika *fonem* /t/ kaucapaken [t] kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi) lan *fonem* /t/ kaucapaken [t] kanthi *fungsi representasional*. Pirembagan saking saben *data* ing nginggil, saged kawawas ing pirembagan wonten ing ngandhap menika.

**a) *Fonem* /t/ Kaucapaken [t] kanthi *Fungsi Instrumental* (Ndhawuhi)**

*Fonem* /t/ kaucapaken [t] kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring dhawuh dhateng pamiyarsa supados mundhut *softlens* ingkang sekeca.

(23) “Tukua *softlens* sing rada enak **sithik** Rek. Soale iku bakal koen gawe terus.”  
 ‘Tukua *softlens* sing rada enak sithik Cah. Mergane kuwi bakal kok enggo terus.’  
 (Ini Vindy (7)/ 2017/ 51)

Ing *data* (23) menika wonten tembung sithik, tembung sithik ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung sithik kaucapaken [sitɪʔ] ‘sekedhik’ dene saperangan ageng masarakat ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya anggenipun ngucapaken inggih menika [sitik] ‘sekedhik’. Miturut *informan*, prabeda anggenipun ngucapaken tembung sithik menika amargi kirangipun pangretosan masarakat bab bedanipun *fonem* /t/ kaliyan /t/, satemah murugaken lira-liru anggenipun sami ngucapaken *fonem*

/t/ kaliyan /t/. *Fonem /t/* kaucapaken /t/ ing tembung [sitik] ‘sekedhik’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (23) ingkang ngewrat tembung sithik [sitik] ‘sekedhik’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge paring dhawuh. *Fungsi instrumental* (ndhawuhi) ing *data* menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Tukua *softlens* sing rada enak sitik Rek...” ‘Tukua *softlens* sing rada enak sithik Cah...’. Panandha *fungsi instrumental* ndhawuhi *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun panambang {-a} ing tembung tukua ‘mundhuta’. Tembung menika nedahaken bilih Ini Vindy paring dhawuh dhateng pamiyarsa supados mundhut *softlens* ingkang sekeca. Tuladha ingkang sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda kaandharaken ing andharan wonten ing ngandhap menika.

#### **b) *Fonem /t/* Kaucapaken [t] kanthi *Fungsi Representasional***

*Fonem /t/* kaucapaken [t] kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken caranipun ngginakaken *pencil alis merk Etude*.

(24) “Mik dibuka **thok**, terus diputer ya, terus keru dioser-oserake ngono.” ‘Ming dibuka thok, terus diputer ya, terus keru dioser-oserke ngono’ (Ini Vindy (2)/ 2017/ 16)

Ing *data* (24) menika wonten tembung thok, tembung thok ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing

basa Jawi *Standar* tembung thok kaucapaken [tɔʔ] ‘kemawon’ dene saperangan ageng masarakat ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya anggenipun ngucapaken inggih menika [tɔʔ] ‘kemawon’. Miturut *informan*, prabeda anggenipun ngucapaken tembung thok menika amargi kirangipun pangretosan masarakat bab bedanipun *fonem /t/* kaliyan */t/*, satemah murugaken lira-liru anggenipun sami ngucapaken *fonem /t/* kaliyan */t/*. *Fonem /t/* kaucapaken */t/* ing tembung [tɔʔ] ‘kemawon’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (24) ingkang ngewrat tembung thok [tɔʔ] ‘kemawon’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* ing *data* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Mik dibuka tok, terus diputer ya, terus keru dioser-oserake ngono.” ‘Mung dibuka thok, terus diputer ya, terus dioser-oserke ngono’. Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngandharaken caranipun ngginakaken *pencil alis* merk *Etude*.

#### 4) Wuwahan *Fonem /t/* ing Pungkasaning Tembung

Saking *data* ingkang kapanggihaken, wuwuhan *fonem /t/* ing pungkasaning tembung menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados sekawan. Sekawan *data* ingkang kapanggihaken inggih menika, wuwuhan *fonem /t/* ing pungkasaning tembung kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi), *fungsi*

*representasional, fungsi interaksional (sapa aruh) lan fungsi personal (mangel).*

Pirembagan saged kawawas ing ngandhap menika.

**a) Wuwuhan *Fonem /ʔ/* ing Pungkasaning Tembung kanthi *Fungsi Instrumental* (Ndhawuhi)**

Wuwuhan *fonem /ʔ/* ing pungkasaning tembung kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring dhawuh dhateng pamiyarsa supados *comment* prabedanipun bibar mriksani *video youtube* anggitanipun ingkang sepisanan.

(25) “Nanti kalau sudah nonton video itu langsung commentna ya, ya apa perbandingane karo saiki, sing jelas tambah **tuwa** Rek.” ‘Mengko yen wis rampung nonton *video* kuwi langsung *commentna* ya, kepriye bedane karo saiki, sing jelas tambah tuwa Cah.’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 5)

Ing *data* (25) menika wonten tembung tuwa, tembung tuwa ing *dialek*

Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung tuwa kaucapaken [tuwɔ] ‘sepuh’, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [tuwɛʔ] ‘sepuh’ kanthi wuwuhan *fonem /ʔ/* ing pungkasaning tembung. Wuwuhan *fonem /ʔ/* ing pungkasaning tembung tuwa [tuwɔ] ‘sepuh’ satemah dados [tuwɛʔ] ‘sepuh’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (25) ingkang ngewrat tembung tuwa [tuwɔ] ‘sepuh’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge paring dhawuh. *Fungsi instrumental*

(ndhawuhi) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “*Nanti kalau sudah nonton video itu langsung comment ya...*” ‘Mengko yen wis rampung nonton *video* iki langsung *comment* ya...’. Panandha *fungsi instrumental* ndhawuhi *tuturan* ing nginggil iggih menika Ini Vindy paring dhawuh dhateng pamiyarsa supados *comment* prabedanipun bibar mriksani *video youtube* anggitanipun ingkang sepisanan. Tuladha sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda saged kawawas ing ngandhap menika.

**b) Wuwuhan *Fonem /?/* ing Pungkasaning Tembung kanthi *Fungsi Representasional***

Wuwuhan *fonem /?/* ing pungkasaning tembung kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun remen warni-warni bureng.

(26) “*Secara* aku ki senenge abu-abu Rek. Wis **kaya** apa ya, *menyatu dalam diriku* warna-warna *monokrom* koyok ngono iku.” ‘Aku ki senenge klawu Cah. Wis kaya apa ya, nyalira warna-warna *monokrom* kaya ngono kuwi.’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 3)

Ing *data* (26) menika wonten tembung kaya, tembung kaya ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung kaya kaucapaken [kɔyɔ] ‘kados’, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [kɔyɔʔ] ‘kados’ kanthi wuwuhan *fonem /?/* ing pungkasaning tembung. Wuwuhan *fonem /?/* ing pungkasaning tembung kaya [kɔyɔ] ‘kados’ satemah dados [kɔyɔʔ] ‘kados’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek*

Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (26) ingkang ngewrat tembung kaya [koyɔ] ‘kados’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “*Secara* aku ki senenge abu-abu Rek...” ‘Mergane aku ki senenge klawu Cah...’. Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun remen warni-warni bureng. Warni bureng ingkang dipunmaksud Ini Vindy inggih menika warni ingkang boten padhang. Tuladhanipun inggih menika wrni cemeng.

**c) Wuwuhan fonem /?/ ing pungkasaning tembung kanthi fungsi interaksional**

**(Sapa Aruh)**

Wuwuhan *fonem /?/* ing pungkasaning tembung kanthi *fungsi interaksional* (sapa aruh) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks: Prolog* Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa, miwiti *video youtube* anggitanipun.

(27) “*Hai* Rek! Ya apa kabare? Ketemu maneh karo *ayas* Ini Vindy **teka** Malang. Kali iki aku kate nggawe *tutorial* ‘*One Brand Make Up Tutorial*’...” ‘*Hai* Cah! Kepriye kabare? Ketemu meneh karo aku Ini Vindy saka Malang. Saiki aku arep nggawe *tutorial* ‘*One Brand Make Up Tutorial*’...” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 1)

Ing *data* (27) menika wonten tembung teka, tembung teka ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung teka kaucapaken [təkɔ] ‘saking’, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [tekɔʔ] ‘saking’ kanthi wuwuhan *fonem* /ʔ/ ing pungkasaning tembung. Wuwuhan *fonem* /ʔ/ ing pungkasaning tembung teka [təkɔ] ‘saking’ satemah dados [tekɔʔ] ‘saking’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (27) ingkang ngewrat tembung teka [təkɔ] ‘saking’ menika nedahaken *fungsi interaksional* kangge sapa aruh. *Fungsi interaksional* (sapa aruh) kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Hai Rek! Ya apa kabare?...” ‘Hai Cah! Piye kabare?’. Panandha *fungsi interaksional* sapa aruh *tuturan* ing nginggil inggih menika *prolog* Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa, miwiti *video youtube* anggitanipun.

**d) Wuwuhan *Fonem* /ʔ/ ing Pungkasaning Tembung kanthi *Fungsi Personal* (Mangkel)**

Wuwuhan *fonem* /ʔ/ ing pungkasaning tembung kanthi *fungsi personal* (mangkel) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks*: Ini Vindy mangkel amargi *stok* pensil alis Wardah ing Malang asring telas.

(28) “Sapa sih thuthuk-thuthuk iku? Iki lek ndhék Malang sering gak **ana**, entek. Tulung ya Wardah. *Stoknya itu loh*. Kok tambah nyeneni Wardah.”

‘Sapa sih thuthuk-thuthuk kuwi? Iki yen ing Malang kerep ora ana, entek. Tulung ya *Wardah*. *Stoke* kuwi loh. Kok malah nyeneni *Wardah*.’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 7)

Ing *data* (28) menika wonten tembung ana, tembung ana ing *dialek* Surabaya menika wonten prabeda anggenipun ngucapaken menawi katandhingaken kaliyan basa Jawi *Standar*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing basa Jawi *Standar* tembung ana kaucapaken [ɔnɔ] ‘wonten’, dene ing *dialek* Surabaya kaucapaken [ɔnɔʔ] ‘wonten’ kanthi wuwuhan *fonem* /ʔ/ ing pungkasaning tembung. Wuwuhan *fonem* /ʔ/ ing pungkasaning tembung ana [ɔnɔ] ‘wonten’ satemah dados [ɔnɔʔ] ‘wonten’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (28) ingkang ngewrat tembung ana [ɔnɔ] ‘wonten’ menika nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos mangkel. *Fungsi personal* (mangkel) menika kanthi titikan pangandikan “...Tulung ya *Wardah*. *Stoknya* itu loh. Kok tambah nyeneni *Wardah*.” ‘...Tulung ya *Wardah*, *stoke* kuwi loh. Kok malah nyeneni *Wardah*’. Panandha ukara ing nginggil minangka andharan raos mangkel Ini Vindy amargi *stok pensil alis Wardah* ing Malang asring telas.

## 2. Proses Morfologis

*Proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy saking *proses morfologis* ingkang kapanggihaken kaperang dados tiga. Tigang *data* ingkang kapanggihaken inggih menika, ater-ater {ke-}, panambang {-e}, {-na}, lan {-a}, saha

wuwuhan bebarengan tan rumaket {se/-a}, {sa/-na}, lan {di/-na}. *Proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

#### a) Ater-ater (*Prefiks*) *Panandha Dialek* Surabaya

Ater-ater utawi *prefiks* ingkang wonten ing panaliten menika menawi kawawas saking *fungsi* basanipun namung kapanggihaken setunggal *data*. *Data* ingkang kapanggihaken inggih menika ater-ater {ke-} kanthi *fungsi interaksional* (maturnuwun). Dene andharanipun saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngaturaken panuwun dhateng pamiyarsa dene sampun kersa mriksani *video* piyambakipun.

(29) “**Kesuwun** ya Rek wis nonton *videoku*. Salam teka Malang. Sasaji.”  
‘Nuwun ya Cah wis nonton *videoku*. Salam seka Malang. Sasaji.’ (Ini Vindy (12)/ 2017/ 58)

Ing *data* (29) wonten tembung kesuwun [kesowUn] ‘maturnuwun’. Tembung kesuwun kasebut ngewrat *prefiks* {ke-} kanthi *proses morfologis* ater-ater {ke-} + suwun= kesuwun. Dene menawi wonten basa Jawi *Standar* kangge ngandharaken *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung suwun [suwUn] utawi nuwun [nuwUn] ingkang tegesipun ugi ‘maturnuwun’ tanpa wuwuhan arupi ater-ater {ke-} kados dene ing *dialek* Surabaya. Pawadanipun amargi ater-ater {ke-} ing basa Jawi *Standar* saged andhapuk salah setunggalipun tembung dados tembung kriya, inggih menika kriya tanggap (*verba pasif*) utawi *kata kerja pasif*. Ater-ater {ke-} ingkang

sumambung ing tembung lingga ngewrat teges ‘nindakaken pakaryan tanpa jinarag’ (sasangka, 2001: 43). Wuwuhan arupi ater-ater {ke-} ing tembung suwun satemah dados kesuwun [kesowUn] ‘maturnuwun’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (29) ingkang ngewrat tembung kesuwun [kesowUn] ‘maturnuwun’ menika nedahaken *fungsi interaksional* kangge maturnuwun. *Fungsi interaksional* (maturnuwun) menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Kesuwun ya Rek wis nonton *videoku*.” Maturnuwun ya Cah wis nonton *videoku*’. Panandha *fungsi interaksional* maturnuwun *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngaturaken panuwun dhateng pamiyarsa dene sampun kersa mriksani *video* piyambakipun.

## **b) Panambang (Sufiks) Panandha Dialek Surabaya**

Panambang utawi *sufiks* ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika wonten tiga. Tigang *data* ingkang kapanggihaken inggih menika, panambang {-e}, kaping kalih panambang {-na}, lan kaping tiga panambang {-a}. Andharan saben panambang kaandharaken ing ngandhap menika.

### **1) Panambang {-e}**

Panambang {-e} ingkang wonten ing panaliten menika menawi kawawas saking *fungsi* basanipun namung kapanggihaken setunggal *data*. *Data* ingkang kapanggihaken inggih menika panambang {-e} kanthi *fungsi representasional*. Dene andharanipun saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken salah setunggalipun *produk Wardah* ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika *Hydrating Aloe vera Gel*.

(30) “Biasane aku *kan* nggawe **wernane** *kan* klawu ya, wis burek kabeh. Wis ireng nek gak ireng ya abu-abu...” ‘Biasane aku nganggo warna klawu ya, wis bureng kabeh. Wis ireng nek ora ireng ya klawu...’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 2)

Ing *data* (30) wonten tembung wernane [wərnane] ‘werninipun’ ingkang kaucapaken [wərnœ] ‘warninipun’ ing *dialek* Surabaya kanthi *proses morfologis* werna + panambang {-e}= werno [wərnœ] ‘werninipun’. Dene menawi ing basa Jawi *Standar* werna + panambang {-e}= wernane [wərnane] ‘werninipun’. Menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka (2001: 59) bilih tembung lingga ingkang pungkasan awujud *vokal* lan dipunambangi –e bakal malih dados –ne. Ananging, tembung lingga ingkang wekasanipun awujud *konsonan* lan dipunambangi –e, panyeratanipun ajeg boten wonten ewah-ewahan menapa-menapa. Panambang {-e} ing tembung [wərnœ] ‘warninipun’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (30) ingkang ngewrat tembung wernane [wərnane] ‘werninipun’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika

*fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Biasane aku *kan* nggawe wernane *kan* klawu ya, wis burek kabeh...” ‘Biasane aku nganggo wernane klawu ya, wis bureng kabeh...’. Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun asring ngginakaken rasukan warni bureng. Tuladha sanesipun ingkang sajinis kaandharaken ing ngandhap menika.

## 2) Panambang {-na}

Panambang {-na} ingkang wonten ing panaliten menika menawi kawawas saking *fungsi* basanipun namung kapanggihaken setunggal *data*, inggih menika panambang {-e} kanthi *fungsi instrumental* (ngeri-erih). Dene andharanipun saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngerih-erih pamiyarsa ing *tutorial* salajengipun badhe ngginakaken pengilon supados langkung sae anggenipun damel alis.

(31) “Mben wae ya, lek *tutorial selanjutnya* tak kei kaca. **Cekna** aku cek alise rada cling ngono.” ‘Suk wae ya, yen *tutorial* salebare tak kei kaca. Ben aku ben alise rada cling ngono.’ (Ini Vindy (2)/ 2017/ 21)

Ing *data* (31) wonten tembung cekna. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan* tembung cekna [cɛʔnɔ] ‘supados’ namung kaginakaken ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya menika ngewrat kanthi *proses morfologis* cek + panambang {-na}= cekna. Dene menawi ing basa Jawi *Standar* kangge ngandharaken *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung supaya [supɔyɔ] ‘supados’ tanpa wuwuhan panambang {-na} boten kados ing *dialek* Surabaya. Pawadanipun amargi

ing basa Jawi *Standar* tembung lingga ingkang kawuwuhan panambang {-na} menika mesthi dados tembung kriya tanggap (*pasif*) lan ngewrat teges ‘pakon/ agnya’ (*imperatif*) utawi ‘dhawuh dhateng tiyang sanes supados nindakaken pakaryan A- <lingga> -ake’ (Sasangka, 2001: 68). Panambang {-na} ing tembung cekna [cɛʔnɔ] ‘supados’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (31) ingkang ngewrat tembung cekna [cɛʔnɔ] ‘supados’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* minangka pangerih-erih. *Fungsi instrumental* (ngerih-erih) kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Mben wae ya, lek *tutorial selanjutnya* tak kei kaca...” ‘Sesok wae ya, yen *tutorial* salebare tak wehi kaca...’. Panandha *fungsi instrumental* ngerih-erih *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngerih-erih pamiyarsa, bilih ing *tutorial* salajengipun piyambakipun badhe ngginakaken pengilon supados langkung sae anggenipun damel alis.

### 3) Panambang {-a}

Saking *data* ingkang kapanggihaken, panambang {-a} menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados kalih. Kalih *data* kala wau inggih menika panambang {-a} kanthi *fungsi instrumental* (awisan) lan panambang {-a} kanthi *fungsi instrumental* (ngrayu). Saben andharanipun saged kawawas ing ngandhap meniika.

**(a) Panambang {-a} kanthi Fungsi Instrumental (Awisan)**

Panambang {-a} kanthi *fungsi instrumental* (awisan) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken *eyeliner* pethak menawi macak biasa, amrih boten ketingal aneh.

(32) “*Kalau yang misalnya kamu make up yang biasa gitu terus kamu pengen matanya pengen matanya lebih seger aja ngasi ana putih-putihe ndhek kene kan uaneha.*” ‘Yen kowe macak biasa terus pengen mripate luwih ketok seger aja ngasi ana putih-putihe nang kene, rak ya aneh.’ (Ini Vindy (10)/ 2016/ 55)

Ing *data* (32) wonten tembung uaneha [u<sup>w</sup>anɛha] ‘aneh (sanget)’ ingkang woten ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy kanthi *proses morfologis* uaneh + panambang{-a}= uaneha. Panambang {-a} wonten *dialek* Surabaya ing tembung uaneha menika *fungsinipun* minangka pitakenan. Dene ing basa Jawi *Standar*, saben tembung lingga ingkang kawuwuhan panambang {-a} racakipun dados tembung kriya, lan ngewrat teges (a) pakon utawi supados nindakaken samukawis pakaryan kados ing lingganipun, (b) saupami utawi senadyan <lingga> (*pengandaian*), lan (c) ngarep-arep supaya <lingga> (*pengharapan*) (Sasangka, 2001: 58). Saking *data* menika saged kawawas bilih panambang {-a} ing saperangan tembung *dialek* Surabaya boten nedahaken *sufiks* ingkang sejatosipun, ananging mujudaken pitakenan. Awit saking menika panambang {-a} ing tembung uaneha [u<sup>w</sup>anɛha] ‘aneh (sanget)’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (32) ingkang ngewrat tembung uaneha [u<sup>w</sup>aneha] ‘aneh (sanget) menika nedahaken *fungsi instrumental* (*direktif*) kangge paring awisan. *Fungsi instrumental* (awisan) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “...*pengen matanya lebih seger gak mungkin* ana putih-putihe ndhek kene kan uaneh-a.” ‘...*pengen matane ketok seger ra mungkin* ana putih-putihe nang kana mergane bakal ketok aneh’. Panandha *fungsi instrumental* awisan *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun tembung aja ‘sampun’ ingkang nedahaken bilih Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa sampun ngantos ngginakaken *eyeliner* pethak menawi macak biasa supados boten ketingal aneh. Tuladha ingkang sajinis kanthi *fungsi* ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika.

**(b) Panambang {-a} kanthi *Fungsi Instrumental* (Ngrayu)**

Panambang {-a} kanthi *fungsi instrumental* (ngrayu) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngrayu dhateng pamiyarsa supados ndherek sinau *make up* piyambakipun ing Malang.

(33) “Koen lek sayang aku, pengen ngerti **melua** sinau *make upku*.” ‘Kowe yen sayang aku, kepengen ngerti melua sinau *make upku*.’ (Ini Vindy (7)/ 2017/ 50)

Ing *data* (33) wonten tembung melua [mɛluɔ] ‘ndhereka’ ingkang kaucapaken [mɛlɔʔɔ] ‘ndhereka’ ing *dialek* Surabaya kanthi *proses morfologis* melu + panambang {-a}= meloka [mɛlɔʔɔ] ‘ndhereka’. Dene ing basa Jawi *Standar* melu + panambang {-a}= melua [mɛluɔ] ‘ndhereka’. Menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka

(2001: 57) bilih panambang –a saged sumambung ing tembung ingkang kapungkasan *vokal* utawi *konsonan*. Tembung ingkang ingkang dipunwuwuhi panambang –a, ing panyeratan boten ewah. Ananging, menawi panambang –a sumambung ing tembung kang kapungkasan awujud *vokal*, panambang –a ewah dados ‘ya’ utawi ‘wa’. Panambang {-a} ing tembung [mɛɭɔʔɔ] ‘ndhereka’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (33) ingkang ngewrat tembung melua [mɛɭɔ] ‘ndhereka’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge ngrayu. *Fungsi instrumental* (ngrayu) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Koen lek sayang aku, pengen ngerti melua sinau *make upku*.” ‘Kowe yen sayang aku, kepengen ngerti melua sinau *make upku*’. Panandha *fungsi instrumental* ngrayu *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngrayu dhateng pamiyarsa minangka wujud katresnan supados ndherek sinau *make up* piyambakipun ing Malang.

### c) Wuwuhan Bebarengan Tan Rumaket (*Konfiks*) Panandha *Dialek* Surabaya

Wuwuhan bebarengan tan rumaket utawi *konfiks* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika namung wuwuhan bebarengan tan rumaket (*tidak serentak*). Wuwuhan bebarengan tan rumaket ingkang kapanggihaken wonten tiga. Tigang *data* ingkang kapanggihaken inggih menika, wuwuhan bebarengan tan rumaket {se-/a},

wuwuhan bebarengan tan rumaket {sa-/-na}, lan wuwuhan bebarengan tan rumaket {di-/-na}. Andharan saged kawawas ing ngandhap menika.

### 1) Wuwuhan Bebarengan Tan Rumaket {se-/-a}

Saking *data* ingkang kapanggihaken, wuwuhan bebarengan tan rumaket {se-/-a} menawi kawawas saking *fungsi* basanipun namung kapanggihaken setunggal *data*. *Data* ingkang kapanggihaken inggih menika wuwuhan bebarengan {se-/-a} kanthi *fungsi representasional*. Andharanipun saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken bilih *mascara* Wardah menika biasa kemawon boten patos saged damel lentiking idep.

(34) “*Kalau melentikkan sih enggak sepiroa, biasa aja sih.*” ‘Yen gawe lentiking mripat ki ora sepiroa, biasa wae.’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 11)

Ing *data* (34) wonten tembung sepiroa [səpiroɔ] ‘sepintena’ ingkang kaucapaken [səpiroʔɔ] ‘sepintena’ ing *dialek* Surabaya kanthi *proses morfologis* ater-ater {se-} + pira + panambang {-a}= sepiraka [səpiroʔɔ] ‘sepintena’. Dene ing basa Jawi *Standar* kangge ngandharaken *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung sepiroa [səpiroɔ] ‘sepintena’. *Proses morfologis*ipun inggih menika ater-ater {se-} + pira + panambang {-a}= sepiroa [səpiroɔ] ‘sepintena’. Pawadanipun inggih menika amargi tembung ingkang kawuwuhan panambang {-a}, ing panyerating tembung menika boten ewah. Ananging, menawi panambang {-a} sumbambung ing tembung ingkang kapungkasan *vokal*, panambang {-a} ewah dados ya utawi wa (Sasangka, 2001: 57). Tembung sepiroa [səpiroɔ] ‘sepintena’ kanthi *konfiks* {se-/-a}

menika kalebet ing *proses morfologis* wuwuhan bebarengan tan rumaket. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka (2001: 80) bilih wuwuhan bebarengan tan rumaket menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater lan panambang ingkang kasambungaken ing tembung lingga boten sesarengan (*tidak serentak*), nanging setunggal mbaka setunggal. Wuwuhan bebarengan tan rumaket {se-/-a} ing tembung [səpiroʔɔ] ‘sepintena’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (34) ingkang ngewrat tembung sepiroa [səpiroʔɔ] ‘sepintena’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “*Kalau melentikkan sih enggak sepiroa, biasa aja sih.*” ‘Yen marakke lentik ki ya ora patiya, biasa wae.’ Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngandharaken utawi caos *informasi* dhateng pamiyarsa ingkang mriksani, bilih *mascara* Wardah menika biasa kemawon boten patos saged damel lentiking idep.

## 2) Wuwuhan Bebarengan Tan Rumaket {sa-/-na}

Saking *data* ingkang kapanggihaken, wuwuhan bebarengan tan rumaket {sa-/-na} menawi kawawas saking *fungsi* basanipun namung kapanggihaken setunggal *data*. *Data* ingkang kapanggihaken inggih menika wuwuhan bebarengan tan rumaket

{sa-/-na} kanthi *fungsi instrumental* (nakyinaken). Andharanipun saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy nakyinaken bilih rambut alis menika menawi sampun dipunsikat ketingal wujudipun.

(35) “Lho koyoke lurus ya, bareng disikat lho alismu iku **sajana** ana bentuke Rek. Sikate aja dhukur thok, mendhukur terus sikaten medhun sithik.” (Ini Vindy ‘Lho kayane lurus ya, basan disikat lho alismu kuwi sajane ana bentuke Cah. Sikate aja dhuwur thok, mendhuwur terus sikaten medhun sithik.’ (Ini Vindy (2)/ 2017/ 17)

Ing *data* (36) wonten tembung sajane [sakjane] ‘sejatosipun’ ingkang kaucapaken sajana [sakjanɔ] ‘sejatosipun’ ing *dialek* Surabaya kanthi *proses morfologis* {sa-} + jan + panambang {-na}= sajana [sakjanɔ] ‘sejatosipun’. Dene ing basa Jawi *Standar* kangge ngandharaken *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung sajana [sakjane] ‘sejatosipun’ kanthi wuwuhan bebarengan {sa-/-e} amargi basa Jawi *Standar* boten gadhah wuwuhan bebarengan {sa-/-na}. *Proses morfologisipun* inggih menika {sa-} + jan + panambang {-e}= sajane [sakjane] ‘sejatosipun’. Awit saking menika, wuwuhan bebarengan tan rumaket {sa-/-na} ing *dialek* Surabaya sami kaliyan wuwuhan bebarengan tan rumaket {sa-/-e} ing basa Jawi *Standar*. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka (2001: 80) bilih wuwuhan bebarengan tan rumaket menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater lan panambang ingkang kasambungaken ing tembung lingga boten sesarengan (*tidak serentak*), nanging setunggal mbaka setunggal. Wuwuhan bebarengan {sa-/-na} ing tembung [sakjanɔ] ‘sejatosipun’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (36) ingkang ngewrat tembung sajane [sakjane] ‘sejatosipun’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge nakyinaken. *Fungsi instrumental* (nakyinaken) kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Lho koyoke lurus ya, bareng disikat lho alismu iku sajane ana bentuke Rek. ‘Lho kayane lurus ya, bareng disikat lho alismu kuwi sajane ana bentuke Cah.’ Panandha *fungsi instrumental* nakyinaken *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun tembung sajana ‘sejatosipun’ ingkang nedahaken menawi Ini Vindy nakyinaken bilih rambut *alis* menika menawi sampun dipunsikat ketingal wujudipun.

### 3) **Wuwuhan Bebarengan Tan Rumaket {di-/-na}**

Saking *data* ingkang kapanggihaken, wuwuhan bebarengan tan rumaket {di-/-na} menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados kalih. Kalih perangan kala wau inggih menika wuwuhan bebarengan tan rumaket {di-/-na} kanthi *fungsi representasional* lan wuwuhan bebarengan tan rumaket {di-/-na} kanthi *fungsi personal* (seneng). Saben andharanipun saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

#### (a) **Wuwuhan Bebarengan Tan Rumaket {di-/-na} kanthi *Fungsi Representasional***

Wuwuhan bebarengan {di-/-na} kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken caranipun ngginakaken *pencil alis merk Etude*.

(36) “Mik dibuka thok, terus diputer ya, terus keru **dioser-oserake** ngono.”  
 ‘Ming dibuka thok, terus diputer ya, terus keru dioser-oserke ngono’ (Ini Vindy (2)/ 2017/ 16)

Ing *data* (36) wonten tembung dioser-oserake [dioser-oserake] ‘dipunoser-oseraken’ ingkang kaucapaken [dioser-osernɔ] ‘dipunoser-oseraken’ ing *dialek* Surabaya kanthi *proses morfologis* ater-ater {di-} + oser-oser + panambang {-na}= dioser-oserna [dioser-osernɔ] ‘dipunoser-oseraken’. Dene ing basa Jawi *Standar* kangge ngandharaken *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung dioser-oserake [dioser-oserake] ‘dipunoser-oseraken’ kanthi wuwuhan bebarengan {di/-ke(ake)} amargi basa Jawi *Standar* boten gadhah wuwuhan bebarengan {di/-na}. *Proses morfologis*ipun inggih menika ater-ater {di-} + oser-oser + panambang {-ake}= dioser-oserake [dioser-oserake] ‘dipunoser-oseraken’. Awit saking menika, wuwuhan bebarengan tan rumaket {di/-na} ing *dialek* Surabaya sami kaliyan wuwuhan bebarengan tan rumaket {di/-ke(ake)} ing basa Jawi *Standar*. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka (2001: 80) bilih wuwuhan bebarengan tan rumaket menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater lan panambang ingkang kasambungaken ing tembung lingga boten sesarengan (*tidak serentak*), nanging setunggal mbaka setunggal. Wuwuhan bebarengan {di/-na} ing tembung [dioser-osernɔ] ‘dipunoser-oseraken’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (24) ingkang ngewrat tembung dioser-oserake [dioser-oserake] ‘dipunoser-oseraken’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta* kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Mik dibuka tok, terus diputer ya, terus keru dioser-oserake ngono.” ‘Mung dibuka thok, terus diputer ya, terus dioser-oserake ngono’. Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngandharaken caranipun ngginakaken *pensil alis* merk *Etude*. Tuladha sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika.

**(b) Wuwuhan Bebarengan Tan Rumaket {di-/na} kanthi Fungsi Personal (Seneng)**

Wuwuhan bebarengan tan rumaket {di-/na} kanthi *fungsi personal* (seneng) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy remen kaliyan *aplikasi Fame* amargi piyambakipun saged langsung sesambetan langsung kaliyan pamiyarsa.

(37) “*Nah* senenge *Fame* iku, aku isoh *interaksi* ambek *kalian*. Dadi *kalian* lek ana sing **ditakokake** langsung omonga mengko aku langsung nyocot.” ‘*Nah* senenge *Fame* kuwi aku isoh omongan-omongan karo kowe. Dadi yen ana sing ditakokke langsung omonga mengko aku langsung mangsuli.’ (Ini Vindy (6)/ 2017/ 39)

Ing *data* (37) wonten tembung ditakokake [ditakokake] ‘dipunsuwunaken priksa’ ingkang kaucapaken [ditakokna] ‘dipunsuwunaken priksa’ ing *dialek* Surabaya kanthi *proses morfologis* ater-ater {di-} + takon + panambang {-na}= ditakokna [ditakokna] ‘dipunsuwunaken priksa’. Dene ing basa Jawi *Standar* kangge ngandharaken *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung ditakokake

[ditakokake] ‘dipunsuwunaken priksa’ kanthi wuwuhan bebarengan {di-/ke(ake)} amargi basa Jawi *Standar* boten gadhah wuwuhan bebarengan {di-/na}. *Proses morfologis*ipun inggih menika ater-ater {di-} + takon + panambang {-ake}= ditakokake [ditakokake] ‘dipunsuwunaken priksa’. Awit saking menika, wuwuhan bebarengan tan rumaket {di-/na} ing *dialek* Surabaya sami kaliyan wuwuhan bebarengan tan rumaket {di-/ke(ake)} ing basa Jawi *Standar*. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka (2001: 80) bilih wuwuhan bebarengan tan rumaket menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater lan panambang ingkang kasambungaken ing tembung lingga boten sesarengan (*tidak serentak*), nanging setunggal mbaka setunggal. Wuwuhan bebarengan {di-/na} ing tembung [ditakokno] ‘dipunsuwunaken priksa’ menika nedahaken ciri mirunggan saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (37) ingkang ngewrat tembung ditakokake [ditakokake] ‘dipunsuwunaken priksa’ menika nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos seneng. *Fungsi personal* (seneng) kanthi titikan pangandikan “*Nah enaknya Fame* iku Rek, aku isoh *interaksi* ambek *kalian...*” ‘*Nah* penake *Fame* kuwi Cah, aku isoh omongan langsung karo penonton...’ Panandha *fungsi personal* seneng *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun tembung seneng ‘remen’ ingkang nedahaken bilih Ini Vindy remen kaliyan *aplikasi Fame*, amargi piyambakipun saged langsung sesambetan kaliyan pamiyarsa.

### 3. *Proses Leksikal*

*Proses ewah-ewahan wujud satuan lingual dialek Surabaya ing salebeting kempalan video youtube anggitanipun beauty vlogger Ini Vindy saking proses leksikal ingkang kapanggihaken kaperang dados kalih wujud. Kalih wujud kala wau inggih menika tembung lingga saha tembung rangkep. Andharan saben wujudipun saged kawawas ing ngandhap menika.*

#### **a) Tembung Lingga Panandha Dialek Surabaya**

Tembung lingga utawi *kata asal (kata dasar)* inggih menika tembung ingkang taksih wetah ingkang dereng rinaketaken wuwuhan menapa-menapa (Sasangka, 2001: 34). *Leksikal* awujud tembung lingga ingkang kapanggihaken ing panaliten menika kaperang miturut jinisipun ingkang gunggungipun wonten sedasa jinis. Jinis-jinis *leksikal* awujud tembung lingga kaandharaken ing ngandhap menika.

#### **1) Sesulih**

Adhedhasar panaliten, *data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud lingga ingkang jinisipun tembung sesulih menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados kalih. Sepisan, tembung sesulih kanthi *fungsi instrumental* (awisan) lan kaping kalih, tembung sesulih kanthi *fungsi interaksional* (sapa aruh). Saben andharanipun saged kawawas ing ngandhap menika.

#### **(a) Tembung Sesulih kanthi Fungsi Instrumental (Awisan)**

Tembung sesulih kanthi *fungsi instrumental* (awisan) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken *saput* supados rata wedhakupun.

(38) “*Dan koen* aja nggawe rembuk ya isoh beluk kabeh.” ‘Kowe aja nganggo rembuk ya isoh kandel.’ (Ini Vindy (4)/ 2016/ 32)

Ing *data* (38) wonten tembung koen. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan* tembung koen kaucapaken [kɔɛn] ingkang ateges panjenengan. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung koen [kɔɛn] ‘panjenengan’ minangka tembung sesulih madyama purusa (*kata ganti orang kedua*) ingkang yuswanipun sami utawi malah kepara langkung enem. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung sesulih madyama purusa ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung kowe [kowe] ‘panjenengan’. Menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Sasangka (2001: 110) tembung ingkang kalebet sesulih purusa ananging kalebet ing logat (*dialek*), salah setunggalipun tembung koen [kɔɛn]. Tembung sesulih purusa menika asring kaginakaken ing tlatah Surabaya, Gresik lan sakiwa tengenipun. Awit saking menika, panganggening tembung sesulih koen [kɔɛn] ‘panjenengan’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (38) ingkang ngewrat tembung koen [kɔɛn] ‘panjenengan’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge paring awisan. *Fungsi instrumental* (awisan) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “*Dan koen* aja nggawe rembuk ya isoh beluk kabeh.” ‘Kowe aja nganggo saput bakal dadi kandel’. Panandha *fungsi*

*instrumental* awisan *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken *saput* supados rata wedhkipun. Tuladha sajinis kanthi *fungsi* ingkang beda saged kawawas ing ngandhap menika.

**(b) Tembung Sesulih kanthi Fungsi Interaksional (Sapa Aruh)**

Tembung sesulih kanthi *fungsi interaksional* (sapa aruh) saged kawawas saking pethikan data ing ngandhap menika.

*Konteks: Prolog* Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa, miwiti *video youtube* anggitanipun.

(39) “*Hai Rek!* Ya apa kabare? Ketemu maneh karo *ayas* Ini Vindy teka Malang. Kali iki aku kate nggawe *tutorial ‘One Brand Make Up Tutorial’...*”  
 ‘*Hai Cah!* Kepriye kabare? Ketemu meneh karo aku Ini Vindy saka Malang. Saiki aku arep nggawe *tutorial ‘One Brand Make Up Tutorial’...*’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 1)

Ing *data* (39) wonten tembung rek. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan* tembung rek kaucapaken [rɛ?] ingkang ateges lare. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung rek [rɛ?] ‘cah’ minangka tembung sesulih tiyang sanes ingkang yuswanipun sami utawi malah kepara langkung enem. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung sesulih ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung cah [cah] ‘cah’. Panganggening tembung sesulih rek [rɛ?] ‘cah’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (39) ingkang ngewrat tembung rek [rɛ?] ‘cah’ menika nedahaken *fungsi interaksional* kangge sapa aruh. *Fungsi interaksional* (sapa aruh) menika

kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “*Hai Rek! Ya apa kabare?...*” ‘*Hai Cah! Piye kabare?*’. Panandha *fungsi interaksional* sapa aruh *tuturan* ing nginggil inggih menika *prolog* Ini Vindy ingkang sapa aruh dhateng pamiyarsa kangge miwiti *video youtube* anggitan piyambakipun.

## 2) Aran

Adhedhasar panaliten, *data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud lingga ingkang jinisipun tembung aran menawi kawawas saking *fungsi* basanipun namung kapanggihaken setunggal *data*, inggih menika tembung aran kanthi *fungsi instrumental* (awisan). Tembung aran kanthi *fungsi instrumental* (awisan) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken *saput* supados rata wedhakistan.

(40) “*Dan* koen aja nggawe **rembuk** ya isoh beluk kabeh.” ‘Kowe aja nganggo rembuk ya isoh kandel.’ (Ini Vindy (4)/ 2016/ 32)

Ing *data* (40) wonten tembung rembuk. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung rembuk kaucapaken [rembU?] ingkang ateges saput. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung rembuk [rembU?] ‘saput’ minangka tembung aran pirantos kangge ngoser-oser. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung aran ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung saput [sapUt] ‘saput’. Panganggening tembung aran rembuk [rembU?] ‘saput’ nedahaken ciri

mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (40) ingkang ngewrat tembung aran rembuk [rembU?] ‘saput’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge paring awisan. Titikanipun inggih menika pangandikan Ini Vindy “*Dan* koen aja nggawe rembuk ya isoh beluk kabeh.” ‘Kowe aja nganggo saput bakal dadi kandel’. Panandha *fungsi instrumental* awisan *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken *saput* supados rata wedhakistanipun.

### 3) **Katrangan Wektu**

Adhedhasar panaliten, *data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud lingga ingkang jinispun katrangan wektu menawi kawawas saking *fungsi* basanipun namung kapanggihaken setunggal *data*. *Data* ingkang kapanggihaken inggih menika tembung lingga ingkang nedahaken katrangan wektu kanthi *fungsi personal* (cuwa). Tembung lingga ingkang nedahaken katrangan wektu kanthi *fungsi personal* (cuwa) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy cuwa amargi kesupen ngangge pengilon.

(41) “Lah **maeng** gak gawa kaca ya...” ‘Lah mau ora gawa kaca ya.’ (Ini Vindy (2)/ 2017/ 20)

Ing *data* (41) wonten tembung maeng ingkang nedahaken katrangan wektu. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung maeng kaucapaken [maəŋ] ingkang ateges wau. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung maeng [maəŋ] ‘wau’ minangka

tembung ingkang nedahaken katrangan wekdal kala wau. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung mau [mau] ‘wau’. Panganggening tembung katrangan wektu maeng [maɛŋ] ‘wau’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (41) ingkang ngewrat tembung maeng [maɛŋ] ‘wau’ nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos kuciwa. *Fungsi personal* (cuwa) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Lah maeng gak gawa kaca ya... ‘Lah mau ora gawa kaca ya...’. Panandha *fungsi personal* cuwa *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy cuwa amargi kesupen ngangge pengilon.

#### 4) Kaanan

Adhedhasar panaliten, *data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud lingga ingkang jinisipun tembung kaanan menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados gangsal. Gangsal kala wau inggih menika, tembung kaanan kanthi *fungsi instrumental* (awisan), tembung kaanan kanthi *fungsi instrumental* (nakyinaken), tembung kaanan kanthi *fungsi representasional*, tembung kaanan kanthi *fungsi regulatori* (sarujuk/ nolak), lan tembung kaanan kanthi *fungsi personal* (mangkel).

##### (a) Tembung Kaanan kanthi *Fungsi Instrumental* (Awisan)

Tembung kaanan kanthi *fungsi instrumental* (awisan) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken *saput* supados rata wedhakistan.

(42) “*Dan* koen aja nggawe rembuk ya isoh **beluk** kabeh.” ‘Kowe aja nganggo rembuk ya isoh kandel.’ (Ini Vindy (4)/ 2016/ 32)

Ing *data* (42) wonten tembung beluk. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung beluk kaucapaken [belU?] ingkang ateges kandel. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung beluk [bəlU?] ‘kandel’ minangka tembung ingkang nedahaken samukawis ingkang kawontenanipun kandel. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung kandel [kandəl] ‘kandel’. Panganggening tembung beluk [bəlU?] ‘kandel’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (42) ingkang ngewrat tembung beluk [bəlU?] ‘kandel’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge paring awisan. *Fungsi instrumental* (awisan) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “*Dan* koen aja nggawe rembuk ya isoh beluk kabeh.” ‘Kowe aja nganggo saput bakal dadi kandel’. Panandha *fungsi instrumental* awisan *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken *saput* supados rata wedhakistan. Tuladha sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda saged kawawas ing ngandhap menika.

**(b) Tembung Kaanan kanthi Fungsi Instrumental (Nakyinaken)**

Tembung kaanan kanthi *fungsi instrumental* (nakyinaken) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy nakyinaken bilih *video* saged dipunpriksani kanthi gratis tanpa bea menawi sampun rampung dipunundhuh ing *youtube offline*.

(43) “*Asal downloadnya sudah mari Rek, sudah selesai tenan.*” ‘Anggere anggonmu ngundhuh wis rampung tenan Cah.’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 13)

Ing *data* (43) wonten tembung kriya mari. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung mari kaucapaken [mari] ingkang ateges rampung. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung mari [mari] ‘rampung’ minangka tembung ingkang nedahaken kawontenan sampun rampung. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung rampung [rampUŋ] ‘rampung’. Panganggening mari [mari] ‘rampung’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (43) ingkang ngewrat tembung mari [mari] ‘rampung’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge nakyinaken. *Fungsi instrumental* (nakyinaken) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “*Asal downloadnya sudah mari Rek, sudah selesai tenan.*” ‘Anggere anggone ngundhuh wis rampung tenan Cah’. Panandha *fungsi instrumenetal* nakyinaken *tuturan* ing nginggil inggih menika, Ini Vindy nakyinaken dhateng pamiyarsa ingkang mriksani *video* anggitanipun bilih

*video* saged dipunpriksani kanthi gratis tanpa bea menawi sampun rampung dipunundhuh ing *youtube offline*.

**(c) Tembung Kaanan kanthi Fungsi Representasional**

Tembung kaanan kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken salah setunggalipun *produk Wardah* ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika *Hydrating Aloe vera Gel*.

(44) “Biasane aku *kan* nggawe wernane *kan* klawu ya, wis **burek** kabeh. Wis ireng nek gak ireng ya abu-abu...” “Biasane aku nganggo warna klawu ya, wis bureng kabeh. Wis ireng nek ora ireng ya klawu...” (Ini Vindy (1)/ 2016/ 2)

Ing *data* (44) wonten tembung burek. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung burek kaucapaken [burə?] ingkang ateges bureng. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung burek [burə?] ‘bureng’ minangka tembung ingkang nedahaken kawontenan ingkang boten bening. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung bureng [burəŋ] ‘bureng’. Panganggening burek [burə?] ‘bureng’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (44) ingkang ngewrat tembung burek [burə?] ‘bureng’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi

titikan pandangian paraga ing salebeting *video* “Biasane aku *kan* nggawe wernane *kan* klawu ya, wis burek kabeh...” ‘Biasane aku nganggo wernane klawu ya, wis bureng kabeh...’. Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun asring ngginakaken rasukan warni bureng

**(d) Tembung Kaanan kanthi Fungsi Regulatori (Sarujuk/ Nolak)**

Tembung kaanan kanthi *fungsi regulatori* (sarujuk/ nolak) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken *penolakan* boten purun wicantenan mawi basa Inggris amargi boten saged.

(45) “Ngomong basa Inggris ya gak **gablek**.” ‘Ngomong basa Inggris ya ora isoh.’ (Ini Vindy (2)/ 2017/ 14)

Ing *data* (45) wonten tembung burek. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung gablek kaucapaken [gablə?] ingkang ateges saged. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung gablek [gablə?] ‘saged’ minangka tembung ingkang nedahaken kesagahaan amargi saged. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung isoh [isoh] ‘saged’. Panganggening gablek [gablə?] ‘saged’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (45) ingkang ngewrat tembung gablek [gabləʔ] ‘saged’ menika nedahaken *fungsi regulatori penolakan*. *Fungsi regulatori penolakan* kanthi titikan pangandikan “Ngomong basa Inggris ya gak gablek.” ‘Ngomong basa Inggris ya ora isoh’. Panandha *fungsi regulatori* boten sarujuk *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun tembung gak ‘boten’ ingkang nedahaken menawi Ini Vindy menika boten kersa wicantenan mawi basa Inggris.

**(e) Tembung Kaanan kanthi *Fungsi Personal* (Mangkel)**

Tembung kaanan kanthi *fungsi personal* (mangkel) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks*: Ini Vindy mangkel utawi boten remen menawi pipi piyambakipun ketingal nyempluk.

(46) “**Jembek** aku ki lek ambek pipi nyuempluk ki juembek nemen.” ‘Jenes aku yen karo pipi nyempluk banget ki jenes banget’ (Ini Vindy (3)/ 2017/ 24)

Ing *data* (46) wonten tembung jembek. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung jembek kaucapaken [jəmbəʔ] ingkang ateges jenes. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung jembek [ju<sup>w</sup>əmbəʔ] ‘jenes’ minangka tembung ingkang nedahaken kawontenan ingkang ngeneg-enegi utawi boten ngremenaken. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung jenes [jənəs] ‘jenes’. Panganggening jembek [ju<sup>w</sup>əmbəʔ] ‘jenes’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (46) ingkang ngewrat tembung jembek [ju<sup>w</sup>əmbə?] ‘jenes’ menika nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos mangkel. *Fungsi personal* (mangkel) kanthi titikan pangandikan “Jembek aku ki lek ambek pipi nyempluk ki juembek nemen.” ‘Jenes aku ki yen karo pipi nyempluk banget jenes banget’. Panandha *fungsi personal* mangkel *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy mangkel utawi boten remen menawi pipi piyambakipun ketingal nyempluk.

## 5) Kriya

Adhedhasar panaliten, *data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud lingga ingkang jinispun tembung kriya menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados gangsal. Gangsal kala wau inggih menika, tembung kriya kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi), tembung kriya kanthi *fungsi instrumental* (ngerih-erih), tembung kriya kanthi *fungsi representasional*, tembung kriya kanthi *fungsi interaksional* (sapa aruh), lan tembung kriya kanthi *fungsi interaksional* (nawekaken).

### (a) Tembung Kriya kanthi *Fungsi Instrumental* (Ndhawuhi)

Tembung kriya kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring dhawuh dhateng pamiyarsa supados mriksani pengilon wingkingipun Ini Vindy.

(47) “Wis deloken iku mburi, hm hm **deleng**.” ‘Wis kuwi deloken iku mburi, hm hm delok.’ (Ini Vindy (5)/ 2017/ 35)

Ing *data* (47) wonten tembung kriya deleng. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung deleng kaucapaken [dələŋ] ingkang ateges priksa. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung deleng [dələŋ] ‘delok’ minangka tembung kriya ingkang nedahaken pakaryan mriksani. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung delok [dəlɔʔ] ‘delok’. Panganggening deleng [dələŋ] ‘delok’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (47) ingkang ngewrat tembung deleng [dələŋ] ‘delok’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge paring dhawuh. *Fungsi instrumental* (ndhawuhi) kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Wis deloken iku mburi, hm hm deleng.” ‘Wis kuwi deloken iku mburi, hm hm delok’. Panandha *fungsi instrumental* ndhawuhi *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun panambang {-en} ing tembung deloken ‘priksani’. Tembung menika nedahaken bilih Ini Vindy paring dhawuh dhateng pamiyarsa supados mriksani pengilon wingkingipun Ini Vindy. Tuladha ingkang sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda saged kawawas ing ngandhap menika.

**(b) Tembung Kriya kanthi Fungsi Instrumental (Ngerih-erih)**

Tembung kriya kanthi *fungsi instrumental* (ngeri-erih) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngrayu pamiyarsa supados ngginakaken *base foundation Make Over* saderengipun *make up* supados boten sisah-sisah *ngompres* ngginakaken es batu.

(48) “...dadi koen gak perlu nggawe kaya *misalnya* mbok *kompres-kompres* air es batu, koen lak **leren** ngepruk-ngepruk barang ya.” ‘...dadi kowe ora perlu nganggo kaya upamane mbok *kompres-kompres* banyu es batu, kowe rak dadak ngepruk-ngepruk barang ya.’ (Ini Vindy (6)/ 2017/ 46)

Ing *data* (48) wonten tembung kriya *leren*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung *leren* kaucapaken [lɛrɛn]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung *leren* [lɛrɛn] ‘ndadak’ minangka tembung kriya ingkang nedahaken pakaryan ingkang taksih ngangge menapa ingkang kasebut ing lesanipun. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung dadak [dada?] ‘dadak’. Panganggening *leren* [lɛrɛn] ‘ndadak’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (48) ingkang ngewrat tembung *leren* [lɛrɛn] ‘ndadak’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge ngeri-erih. *Fungsi instrumental* (ngeri-erih) kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “...dadi koen gak perlu nggawe koyok *misalnya* mbok *kompres-kompres* air es batu, koen lak *leren* ngepruk-ngepruk barang ya.” ‘Dadi kowe rasah nganggo es batu, kowe rak dadak ngepruk-ngepruk barang ya’. Panandha *fungsi instrumental* ngeri-erih *tuturan* ing nginggil inggih

menika Ini Vindy ngerih-erih pamiyarsa supados ngginakaken *base foundation Make Over* saderengipun *make up* supados boten sisah-sisah *ngompres* ngginakaken es batu.

**(c) Tembung Kriya kanthi Fungsi Representasional**

Tembung kriya kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken salah setunggalipun *produk Wardah* ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika *Hydrating Aloe vera Gel*.

(49) “*Ini adalah Hydrating Aloe vera Gel. Ini koyoke uenak ya Rek ya. Aku wis pernah make ini, setelah ini buka kan aku pake. Dia itu kaya gel gitu, itu tu kalau gawe kulitmu sing garing, garing padhakke kripik ta.*” ‘Iki jenenge *Hydrating Aloe vera Gel*. Iki kayane penak banget ya Cah ya. Aku wis tau nganggo iki, bar iki aku rak nganggo. Iki ki kaya *gel*, iki dienggo kulitmu sing garing, garing padhakke kripik wae’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 6)

Ing *data* (49) wonten tembung kriya gawe. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung gawe kaucapaken [gawe]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung gawe [gawe] ‘damel’ minangka tembung ingkang nedahaken *konsep* ‘kangge’ sanes tembung ingkang nedahaken pakaryan kados ingkang kasebut ing lesanipun. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung kanggo [kanjo] ‘kangge’. Panganggening gawe [gawe] ‘damel’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (49) ingkang ngewrat tembung gawe [gawe] ‘damel’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “...*Dia itu kaya gel gitu, itu tu kalau gae kulitmu sing garing, garing padhakke kripik ta.*” ‘...*Iki ki kaya gel, iki dinggo kulitmu sing garing, garing padhakke kripik wae.*’. Panandhanipun inggih menika, ukara ing nginggil minangka ukara ingkang mahyakaken salah setunggalipun *produk Wardah* ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing. *Produk Wardah* ingkang dipunmaksud Ini Vindy inggih menika *Hydrating Aloe vera Gel*.

**(d) Tembung Kriya kanthi Fungsi Interaksional (Sapa Aruh)**

Tembung kriya kanthi *fungsi interaksional* (sapa aruh) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks: Prolog* Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa, miwiti *video youtube* anggitanipun.

(50) “*Hai Rek! Ya apa kabare? Ketemu maneh karo ayas Ini Vindy teka Malang. Kali iki aku kate nggawe tutorial ‘One Brand Make Up Tutorial’...*” ‘*Hai Cah! Kepriye kabare? Ketemu meneh karo aku Ini Vindy saka Malang. Saiki aku arep nggawe tutorial ‘One Brand Make Up Tutorial’...*’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 1)

Ing *data* (50) wonten tembung kriya kate. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung kate kaucapaken [kate]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung kate [kate] ‘badhe’ minangka tembung kriya ingkang nedahaken *konsep* badhe nglampahi

pakaryan kados ingkang kasebut ing lesanipun. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung arep [arəp] ‘badhe’. Panganggening kate [kate] ‘badhe’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (50) ingkang ngewrat tembung kate [kate] ‘badhe’ menika nedahaken *fungsi interaksional* kangge sapa aruh. *Fungsi interaksional* (sapa aruh) kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “*Hai* Rek! Ya apa kabare?...” ‘Hai Cah! Piye kabare?’. Panandha *fungsi interaksional* sapa aruh *tuturan* ing nginggil inggih menika *prolog* Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa kangge miwiti *video youtube* anggitan piyambakipun.

#### (e) Tembung Kriya kanthi *Fungsi Interaksional* (Nawekaken)

Tembung kriya kanthi *fungsi interaksional* (nawekaken) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks*: Ini Vindy nawekaken dhateng pamiyarsa supados nglajengaken pirembagan.

(51) “*Oke-oke lanjut* wae ya? Timbangane **gejebres** gak mari-mari.” ‘Ya teruske wae timbangae criwis ra uwis-uwis.’ (Ini Vindy (5)/ 2017/ 34)

Ing *data* (51) wonten tembung kriya *gejebres*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung *gejebres* kaucapaken [gəjɛbrɛs]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung *gejebres* [gəjɛbrɛs] ‘ngendika terus’ minangka tembung kriya

ingkang tegesipun tansah gineman. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung criwis [crigis] ‘ngendika terus’. Panganggening gejbres [gəjɛbrɛs] ‘ngendika terus’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (51) ingkang ngewrat tembung gejbres [gəjɛbrɛs] ‘ngendika terus’ menika nedahaken *fungsi interaksional* kangge nawekaken. *Fungsi interaksional* (nawekaken) menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “*Oke-oke lanjut ae ya timbangane gejbres gak mari-mari.*” ‘*Oke-oke teruske wae ya timbangane omong terus.*’. Panandha *fungsi interaksional* nawekaken *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy nawekaken dhateng pamiyarsa supados nglajengaken pirembagan.

## 6) Ancer-ancer

Adhedhasar panaliten, *data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud lingga ingkang jinisipun tembung ancer-ancer menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados tiga. Tigang *data* ingkang kapanggihaken inggih menika, tembung ancer-ancer kanthi *fungsi instrumental* (nakyinaken), tembung ancer-ancer kanthi *fungsi representasional* lan tembung ancer-ancer kanthi *fungsi personal* (mangkel).

### (a) Tembung Ancer-ancer kanthi *Fungsi Instrumental* (Nakyinaken)

Tembung ancer-ancer kanthi *fungsi instrumental* (nakyinaken) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy nakyinaken bilih rambut alis menika menawi sampun dipunsikat ketingal wujudipun.

(52) “Lho koyoke lurus ya, bareng disikat lho alismu iku sajana ana bentuke Rek. Sikate aja **dhukur** thok, mendhukur terus sikaten medhun sithik.” (Ini Vindy ‘Lho kayane lurus ya, basan disikat lho alismu kuwi sajane ana bentuke Cah. Sikate aja dhuwur thok, mendhuwur terus sikaten medhun sithik.’ (Ini Vindy (2)/ 2017/ 17)

Ing *data* (51) wonten tembung dhukur. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung dhukur kaucapaken [ɖokUr]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung dhukur [ɖokUr] ‘inggil’ minangka tembung ancer-ancer. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung dhuwur [ɖuwUr] ‘inggil’. Panganggening dhukur [ɖokUr] ‘inggil’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (52) ingkang ngewrat tembung dhukur [ɖokUr] ‘inggil’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge nakyinaken. *Fungsi instrumental* (nakyinaken) kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Lho koyoke lurus ya, bareng disikat lho alismu iku sajane ana bentuke Rek. ‘Lho kayane lurus ya, bareng disikat lho alismu kuwi sajane ana bentuke Cah.’ Panandha *fungsi instrumental* nakyinaken *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy nakyinaken bilih rambut *alis* menika

menawi sampun dipunsikat ketingal wujudipun. Tuladha sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda saged kawawas ing ngandhap menika.

**(b) Tembung Ancer-ancer kanthi Fungsi Representasional**

Tembung ancer-ancer kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken menawi damel *gradasi* warna kedah saking ungu lajeng jambon.

(53) “Mari **tutuk** ungu terus nang *pink...*” ‘Salebare seka ungu terus nang jambon...’ (Ini Vindy (6)/ 2017/ 42)

Ing *data* (53) wonten tembung tutuk. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung tutuk kaucapaken [totU?]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung tutuk [totU?] ‘saking’ minangka tembung ancer-ancer. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung seka [səkɔ] ‘saking’. Panganggening tutuk [totU?] ‘saking’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (53) ingkang ngewrat tembung tutuk [totU?] ‘saking’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “*Mari tutuk ungu terus nang*

*pink...*” ‘*Lebar seka ungu terus nang jambon...*’ Panandha fungsi representasional tuturan ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngandharaken menawi damel gradasi warna kedah saking ungu lajeng jambon supados sae.

**(c) Tembung Ancer-ancer kanthi Fungsi Personal (Mangkel)**

Tembung ancer-ancer kanthi *fungsi personal* (mangkel) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mangkel amargi *stok* pensil alis Wardah ing Malang asring telas.

(54) “Sapa sih thuthuk-thuthuk iku? Iki lek **ndhék** Malang sering gak ana, entek. Tulung ya Wardah. *Stoknya itu loh. Kok tambah nyeneni Wardah.*” ‘Sapa sih thuthuk-thuthuk kuwi? Iki yen ing Malang kerep ora ana, entek. Tulung ya Wardah. *Stoke kuwi loh. Kok malah nyeneni Wardah*’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 7)

Ing *data* (54) wonten tembung *ndhék*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung *ndhék* kaucapaken [ndhe?]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung *ndhék* [ndhe?] ‘ing’ minangka tembung ancer-ancer. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung ing [in] ‘wonten’. Panganggening *ndhék* [ndhe?] ‘ing’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (54) ingkang ngewrat tembung *ndhék* [ndhe?] ‘ing’ menika nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos mangkel. *Fungsi personal*

(mangkel) kanthi titikan pangandikan “...Tulung ya *Wardah*. *Stoknya itu loh*. Kok tambah nyeneni *Wardah*.” ‘...Tulung ya *Wardah*, *stoke* kuwi loh. Kok malah nyeneni *Wardah*’. Panandha ukara ing nginggil minangka andharan raos mangkel Ini Vindy amargi *stok pensil alis Wardah* ing Malang asring telas

## 7) Wilangan

Adhedhasar panaliten, *data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud lingga ingkang jinisipun tembung wilangan menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados kalih. Kalih *data* ingkang kapanggihaken inggih menika tembung wilangan kanthi *fungsi representasional* lan inggih menika tembung wilangan kanthi *fungsi personal* (mangkel).

### (a) Tembung Wilangan kanthi *Fungsi Representasional*

Tembung wilangan kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks*: Ini Vindy ngandharaken bilih netra piyambakipun menika boten sami antawisipun kanan kaliyan kiring. Ingkang setunggal mendolo ingkang setunggalipun boten patos mendolo.

(55) “**Sitok** mendolo sitoke rada mendolo.” ‘Siji mendolo sijine rada mendolo.’ (Ini Vindy (10)/ 2016/ 54)

Ing *data* (55) wonten tembung sitok. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung sitok kaucapaken [sitɔʔ]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung sitok [sitɔʔ] ‘setunggal’ minangka tembung wilangan. Dene ing basa Jawi *Standar*,

tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung siji [siji] ‘setunggal’. Panganggening sitok [sitɔʔ] ‘setunggal’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (55) ingkang ngewrat tembung sitok [sitɔʔ] ‘setunggal’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Sitok mendolo sitoke rada mendolo.” Siji mendolo sijine rada mendolo.’ Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngandharaken bilih netra piyambakipun ingkang tengen kaliyan kiring menika beda. Tuladha ingkang sajinis, inggih menika tembung wilangan kanthi *fungsi* basa ingkang beda saged kawawas ing andharan wonten ing ngandhap menika.

#### **(b) Tembung Wilangan kanthi *Fungsi Personal* (Mangkel)**

Tembung wilangan kanthi *fungsi personal* (mangkel) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy duka amargi wonten ingkang thuthuk-thuthuk nalika piyambakipun ngendika.

(56) “Jan, iya aku meneng, meneng thuthuk-thuthuke. Aku ngomong thuthuk-thuthuk **pisan**.” ‘Jan, iya aku meneng, meneng thuthuk-thuthuke. Aku ngomong thuthuk-thuthuk meneh.’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 8)

Ing *data* (56) wonten tembung pisan. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung pisan kaucapaken [pisan]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung pisan [pisan] ‘malih’ minangka tembung wilangan. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung meneh [mənɛh] ‘malih’. Panganggening pisan [pisan] ‘malih’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (56) ingkang ngewrat tembung pisan [pisan] ‘malih’ menika nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos mangkel. *Fungsi personal* (mangkel) menika kanthi titikan pangandikan “Jan, iya aku meneng, meneng thuthuk-thuthuke. Aku ngomong thuthuk-thuthuk pisan.” ‘Jan, iya ta aku meneng, melu meneng. Aku ngomong, thuthuk-thuthuk meneh”. Panandha ukara ing nginggil minangka andharan raos mangkel Ini Vindy amargi *stok pensil alis Wardah* ing Malang asring telas.

## 8) Panggandheng

Adhedhasar panaliten, *data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud lingga ingkang jinisipun tembung panggandheng menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados gangsal. Gangsal kala wau inggih menika, tembung panggandheng kanthi *fungsi instrumental* (ngeriherih), tembung panggandheng kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi), tembung panggandheng kanthi *fungsi*

*representasional*, tembung panggandheng kanthi *fungsi interaksional* (sapa aruh), lan tembung panggandheng kanthi *fungsi personal* (mangkel).

**(a) Tembung Panggandheng kanthi *Fungsi Instrumental* (Ngerih-erih)**

Tembung panggandheng kanthi *fungsi instrumental* (ngernih-erih) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngerih-erih pamiyarsa ing *tutorial* salajengipun badhe ngginakaken pengilon supados langkung sae anggenipun damel alis.

(57) “Mben wae ya, lek *tutorial selanjutnya* tak kei kaca. Cekna aku cek alise rada cling ngono.” ‘Suk wae ya, yen *tutorial* salebare tak kei kaca. Ben aku ben alise rada cling ngono.’ (Ini Vindy (2)/ 2017/ 21)

Ing *data* (57) wonten tembung cek. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung cek kaucapaken [cɛʔ]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung cek [cɛʔ] ‘supados’ minangka tembung panggandheng. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung supaya [supɔyɔ] ‘supados’. Panganggening cek [cɛʔ] ‘supados’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (57) ingkang ngewrat tembung cek [cɛʔ] ‘supados’ menika nedahaken *fungsi instrumental* (*direktif*) minangka pangerih-erih. *Fungsi instrumental* (ngernih-erih) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Mben wae lek *tutorial selanjutnya* tak kei kaca...” ‘Sesok wae yen *tutorial* salebare tak wehi

kaca...’. Panandha *fungsi instrumental* ngerih-erih *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngerih-erih pamiyarsa ing *tutorial* salajengipun badhe ngginakaken pengilon supados langkung sae anggenipun damel alis. Tuladha sajinis kanthi *fungsi* ingkang beda saged kawawas ing ngandhap menika.

**(b) Tembung Panggandheng kanthi *Fungsi Instrumental* (Ndhawuhi)**

Tembung panggandheng kanthi *fungsi instrumental* (ndhawuhi) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken sinaosa ngginakaken *shadding* kados menapa kemawon tetep kedah ngginakaken jilbab ingkang *tirus* supados boten ketingal nyempluk.

(58) “**Masiya** *shaddingan* kaya apa tetep nggawenen jilbabe kudu sing *tirus*.” ‘Senajan nganggo *shadding* kaya ngapa wae tetep jilbabe kudu sing *tirus*.’ (Ini Vindy (3)/ 2017/ 25)

Ing *data* (58) wonten tembung masiya. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung masiya kaucapaken [masiyɔ]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung masiya [masiyɔ] ‘sinaosa’ minangka tembung panggandheng. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung nadyan [nadyan] ‘sinaosa’. Panganggening masiya [masiyɔ] ‘sinaosa’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (58) ingkang ngewrat tembung masiya [masiyɔ] ‘sinaosa’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge ndhawuhi. *Fungsi instrumental* (ngajak) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “Masiya *shaddingan* kaya apa tetep nggawenen jilbabe kudu sing *tirus*.” ‘Nadyan nganggo *shadding* kaya ngapa wae tetep kudu nganggo jilbab *tirus*.’ Panandha *fungsi instrumental* ndhawuhi *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ndhawuhi pamiyarsa supados ngginakaken *shadding* tetep kedah ngginakaken jilbab ingkang *tirus* supados boten ketingal nyempluk. Tuladha ingkang sajinis kanthi *fungsi* ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika.

### (c) Tembung Panggandheng kanthi *Fungsi Representasional*

Tembung panggandheng kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken salah setunggalipun *produk Wardah* ingkang sekeca dipunangge kangge kulit ingkang garing inggih menika *Hydrating Aloe vera Gel*.

(59) “Biasane aku *kan* nggawe wernane *kan* klawu ya, wis burek kabeh. Wis ireng nek **gak** ireng ya abu-abu...” ‘Biasane aku nganggo warna klawu ya, wis bureng kabeh. Wis ireng nek ora ireng ya klawu...’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 2)

Ing *data* (59) wonten tembung *gak*. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung *gak* kaucapaken [ga?]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung *gak* [ga?] ‘boten’ minangka tembung panggandheng. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung

ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung ora [ora] ‘boten’. Panganggening gak [ga?] ‘boten’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (59) ingkang ngewrat tembung gak [ga?] ‘boten’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Biasane aku *kan* nggawe wernane *kan* klawu ya, wis burek kabeh...” ‘Biasane aku nganggo wernane klawu ya, wis bureng kabeh...’. Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun asring ngginakaken rasukan warni bureng. Tuladha sanesipun ingkang sajinis kaandharaken ing ngandhap menika.

#### **(d) Tembung Panggandheng kanthi *Fungsi Interaksional* (Sapa Aruh)**

Tembung panggandheng kanthi *fungsi interaksional* (sapa aruh) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks*: Ini Vindy sapa aruh dhateng pamiyarsa ing *prolog* saben miwiti *video youtube* anggitan piyambakipun.

(60) “*Hai* Rek ya apa kabare *umak*? Kipa? Tahes komes? Ya wis sukur ya? Ketemu maneh karo *ayas* Ini Vindy. Kali *ini* aku *akan* buat *tutorial make up*, ya pancen wis suwe Rek aku gak gawe *tutorial make up* **ambek** *hijab*.” ‘*Hai* Cah kepriye kabarmu? Apik? Sehat? Ya wis sukur ya. Ketemu meneh karo aku Ini Vindy. Saiki aku arep gawe *tutorial make up*, ya pancen wis suwe Cah aku ora gawe *tutorial make up* lan *hijab*’ (Ini Vindy (3)/ 2017/ 22)

Ing *data* (60) wonten tembung ambek. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung ambek kaucapaken [ambe?]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung ambek [ambe?] ‘kaliyan’ minangka tembung panggandheng. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung karo [karo] ‘kaliyan. Panganggening ambek [ambe?] ‘kaliyan’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (60) ingkang ngewrat tembung ambek [ambe?] ‘kaliyan’ menika nedahaken *fungsi interaksional* kangge sapa aruh. *Fungsi interaksional* (sapa aruh) menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Hai Rek ya apa kabare *umak?*...” ‘Hai Cah kepriye kabare kowe?...’. Panandhanipun inggih menika, ukara ing nginggil menika minangka sapa aruh Ini Vindy dhateng para pamiyarsa.

#### **(e) Tembung Panggandheng kanthi *Fungsi Personal* (Mangkel)**

Tembung panggandheng kanthi *fungsi personal* (mangkel) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mangkel amargi *stok* pensil alis Wardah ing Malang asring telas.

(61) “Sapa sih thuthuk-thuthuk iku? Iki **lek** ndhék Malang sering gak ana, entek. Tulung ya Wardah. *Stoknya itu loh*. Kok tambah nyeneni Wardah.” ‘Sapa sih thuthuk-thuthuk kuwi? Iki yen ing Malang kerep ora ana, entek. Tulung ya Wardah. *Stoke kuwi loh*. Kok malah nyeneni Wardah’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 7)

Ing *data* (61) wonten tembung lek. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung lek kaucapaken [le?]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung lek [le?] ‘menawi’ minangka tembung panggandheng. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung yen [yɛn] ‘menawi’. Panganggening lek [le?] ‘menawi’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (61) ingkang ngewrat tembung lek [le?] ‘menawi’ menika nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos mangkel. *Fungsi personal* (mangkel) menika kanthi titikan pangandikan “...Tulung ya Wardah. *Stoknya itu loh*. Kok tambah nyeneni Wardah.” ‘...Tulung ya Wardah, *stoke kuwi loh*. Kok malah nyeneni Wardah’. Panandha ukara ing nginggil minangka andharan raos mangkel Ini Vindy amargi *stok pensil alis Wardah* ing Malang asring telas.

## 9) Pitakon

Adhedhasar panaliten, *data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud lingga ingkang jinisipun tembung pitakon menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kaperang dados kalih. Kalih kala wau inggih menika, tembung pitakon kanthi *fungsi instrumental* (awisan) lan kaping kalih tembung pitakon kanthi *fungsi representasional*.

### (a) Tembung Pitakon kanthi *Fungsi Instrumental* (Awisan)

Tembung pitakon kanthi *fungsi instrumental* (awisan) saged kawawas saking ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa supados boten ngginakaken *eyeliner* pethak menawi macak biasa, amrih boten ketingal aneh.

(62) “*Kalau yang misalnya kamu make up yang biasa gitu terus kamu pengen matanya lebih seger aja ngasi ana putih-putihe ndhek kene kan uaneha.*” ‘Yen kowe macak biasa terus pengen mripate luwih ketok seger aja ngasi ana putih-putihe nang kene, rak ya aneh’ (Ini Vindy (10)/ 2016/ 55)

Ing *data* (62) wonten tembung uaneha. wuwuhan –a ing pungkasaning tembung uaneh menika minangka tembung pitakenan. Miturut panaliten lan andharan saking *informan* tembung uaneha kaucapaken [u<sup>w</sup>aneha] ‘aneh (sanget)’. Menawi ing basa Jawi *Standar* limrah kaginakaken tembung pitakenan apa [ꦩꦺꦤꦥ] ‘menapa’. Panganggening wuwuhan –a ing tembung pitakon uaneha nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (62) ingkang ngewrat tembung uaneha [u<sup>w</sup>aneha] ‘aneh (sanget)’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge paring awisan. *Fungsi instrumental* (awisan) menika kanthi titikan pangandikan Ini Vindy “...*pengen matanya lebih seger aja ngasi ana putih-putihe ndhek kene kan uaneha.*” ‘...pengen matane ketok seger aja ngasi ana putih-putihe nang kana mergane bakal ketok aneh’. Panandha *fungsi instrumental* awisan *tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy paring awisan dhateng pamiyarsa sampun ngantos ngginakaken *eyeliner* pethak menawi macak biasa supados boten ketingal aneh. Tuladha ingkang sajinis kanthi

*fungsi* basa ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika. Tuladha sajinis kanthi *fungsi* beda kaandharaken ing ngandhap menika.

**(b) Tembung Pitakon kanthi *Fungsi Representasional***

Tembung pitakon kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun kagungan pengalaman ingkang damel lingsem nalika sepisanan damel *video youtube*.

(63) “*Memori yang sangat berharga. Ya apa sih memori yang sangat berharga ya. Memori yang tidak terlupakan. Yaitu awal saya memulai youtube itu adalah saya bikin One Brand Tutorial Wardah. Tapi videone nguisin-isini pol Rek.*” ‘Pengalaman sing ra isoh lali. Apa ta kok ra isoh lali ya. yaiku pisanan miwiti *youtube* aku gawe *One Brand Tutorial Wardah*. Ning *videone* ngisin-ngisini banget Cah’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 4)

Ing *data* (63) wonten tembung ya apa. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung ya apa kaucapaken [yɔʔɔpɔ]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung ya apa [yɔʔɔpɔ] ‘kados pundi’ minangka tembung panggandheng. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung kepriye [kəpriye] ‘kados pundi’. Panganggening ya apa [yɔʔɔpɔ] ‘kados pundi’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (63) ingkang ngewrat tembung ya apa [yɔʔɔpɔ] ‘kados pundi’ nedahaken *fungsi representasional* kangge ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting

*video “...Ya apa sih memori yang sangat berharga ya. Memori yang tidak terlupakan. Yaitu awal saya memulai youtube itu adalah saya bikin One Brand Tutorial Wardah. Tapi videone nguisin-isini pol Rek.” ‘Memori berharga kepriye ta, memori kang ora bisa dilalekake. Yaiku nalika aku miwiti youtube aku gawe One Brand Tutorial Wardah. Ning videone ngisin-isini banget Cah’. Panandha fungsi representasional tuturan ing nginggil inggih menika Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun kagungan pengalaman ingkang damel lingsem nalika sepisanan damel video youtube.*

#### **10) Partikel Pelengkap lan Pelunak**

*Partikel inggih menika jinis tembung ingkang namung gadhah makna gramatikal. Partikel wonten maknanipun menawi sampun kaginakaken ing ukara. Jinis partikel ingkang kapanggihaken ing panaliten menika inggih menika partikel pelengkap lan pelunak. Adhedhasar panaliten, data ingkang kapanggihaken ing proses leksikal awujud lingga ingkang jinisipun tembung partikel pelengkap lan pelunak menawi kawawas saking fungsi basanipun kaperang dados kalih. Kalih data ingkang kapanggihaken inggih menika, partikel pelunak kanthi fungsi representasional lan tembung partikel pelengkap kanthi fungsi interaksional (nawekaken).*

##### **(a) Partikel Pelunak kanthi Fungsi Representasional**

*Partikel pelunak kanthi fungsi representasional saged kawawas ing ngandhapa menika.*

*Konteks:* Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun kagungan pengalaman ingkang damel lingsem nalika sepisanan damel *video youtube*.

(64) “*Memori yang sangat berharga. Ya apa sih memori yang sangat berharga ya. Memori yang tidak terlupakan. Yaitu awal saya memulai youtube itu adalah saya bikin One Brand Tutorial Wardah. Tapi videone nguisin-isini pol Rek.*” ‘Pengalaman sing ra isoh lali. Apa ta kok ra isoh lali ya. yaiku pisanan miwiti *youtube* aku gawe *One Brand Tutorial Wardah*. Ning *videone* ngisin-ngisini banget Cah’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 4)

Ing *data* (64) wonten tembung *sih*. Masarakat ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya asring ngginakaken tembung *sih* menika minangka *partikel pelunak*. Miturut panaliten lan andharan saking *informan* tembung *sih* kaucapaken [sIh]. *Partikel pelunak* saged mapan wonten ing wiwitan lan/ ing pungkasaning ukara. Dados tembung *sih* [sIh] menika saged mapan ing wiwitan lan/ ing pungkasaning ukara. Dene ing basa Jawi *Standar* boten nate ngginakaken *partikel pelunak* menika. Panganggening *partikel pelunak* *sih* [sIh] nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (64) ingkang ngewrat *partikel pelunak* *sih* [sIh] nedahaken *fungsi representasional* kangge ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “...Ya apa *sih memori yang sangat berharga ya. Memori yang tidak terlupakan. Yaitu awal saya memulai youtube itu adalah saya bikin One Brand Tutorial Wardah. Tapi videone nguisin-isini pol Rek.*” ‘*Memori* berharga kepriye ta, *memori* kang ora bisa dilalekake. Yaiku nalika aku miwiti *youtube* aku gawe *One Brand Tutorial Wardah*. Ning *videone* ngisin-isini banget Cah’. Panandha *fungsi representasional tuturan* ing

nginggil inggih menika Ini Vindy mahyakaken bilih piyambakipun kagungan pengalaman ingkang damel lingsem nalika sepisanan damel *video youtube*. Wondene, tuladha *data* ingkang sajinis kanthi *fungsi* basa ingkang beda kaandharaken ing ngandhap menika.

**(b) Partikel Pelengkap kanthi Fungsi Interaksional (Nawekaken)**

*Fungsi* saking *partikel pelengkap* inggih menika minangka jejangkep ing ukara. *Partikel pelengkap kanthi fungsi interaksional* (nawekaken) saged kawawas ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy nawekaken dhateng pamiyarsa menawi wonten panyuwunan, kasuwun *comment* ing ngandhap.

(65) “*Nah kalau ada yang mau request- request, nyoh comment wae ndhék ngisor.*” ‘Nah yen ana sing arep *request-request*, nyoh *comment* wae nang ngisor’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 12)

Ing *data* (65) wonten tembung ae ‘mawon’ minangka *partikel pelengkap* ingkang nedahaken wujud saking *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy. Menika kanthi titikan icalipun *fonem konsonan /w/* ing wiwitaning tembung wae [wae] ‘mawon’, lan limrah mapan ing pungkasaning ukara minangka jejangkep. Miturut panaliten lan andharan *informan* ing *dialek* Surabaya tembung ae kaucapaken [ae] ‘mawon’. Dene ing basa Jawi *Standar* kangge ngandharaken *konsep* ingkang sami limrah kaginakaken tembung wae [wae] ‘mawon’.

*Tuturan* (65) ingkang ngewrat tembung wae [wae] ‘mawon’ nedahaken *fungsi interaksional* kangge nawekaken. *Fungsi interaksional* (nawekaken) kanthi titikan

pangandikan “Nah *kalau ada yang mau request-request, comment* wae ndhek ngisor.”  
 ‘Nah yen ana penjalukan-penjalukan, *comment* wae nang ngisor’. Panandha ukara ing nginggil inggih menika Ini Vindy nawekaken dhateng pamiyarsa menawi wonten panyuwunan, kasuwun *comment* ing ngandhap.

## **b) Tembung Rangkep Panandha *Dialek* Surabaya**

*Leksikal* awujud tembung rangkep ingkang kapanggihaken ing panaliten menika wonten kalih. Kalih jinis ingkang kapanggihaken inggih menika dwilingga lan dwiwasana. Saben andharani saking tembung rangkep kala wau saged kawawas ing ngandhap menika.

### **1) Dwilingga**

*Data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud rangkep ingkang jinisipun dwilingga menawi kawawas saking *fungsi* basanipun kapanggihaken wonten sekawan. Sekawan kala wau inggih menika, dwilingga kanthi *fungsi instrumental* (ngeri-ngeri), dwilingga kanthi *fungsi representasional*, dwilingga kanthi *fungsi personal* (mangkel), lan dwilingga kanthi *fungsi heuristik* (nyuwun priksa).

#### **(a) Dwilingga kanthi *Fungsi Instrumental* (Ngerih-ngeri)**

Dwilingga kanthi *fungsi instrumental* (ngeri-ngeri) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngeri-erih pamiyarsa menawi pamiyarsa ketilar anggenipun mriksani *live* piyambakipun ing *Fame* benjang piyambakipun badhe upload *video* ing *Youtube*.

(66) “Dadi seumpamane iki *ketinggalan* suk **emben-emben** aku isoh *upload* ndhek *Youtube* ya.” ‘Dadi seumpama iki keru sesuk aku isoh ngunggah nang *Youtube* ya.’ (Ini Vindy (6)/ 2017/ 38)

Ing *data* (66) wonten tembung emben-emben. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung emben-emben kaucapaken [əmbɛn-əmbɛn]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung emben-emben [əmbɛn-əmbɛn] ‘benjing’ minangka tembung rangkep dwilingga. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung lingga sesuk [sesU?] ‘benjing’. Panganggening emben-emben [əmbɛn-əmbɛn] ‘benjing’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (66) ingkang ngewrat tembung emben-emben [əmbɛn-əmbɛn] ‘benjing’ menika nedahaken *fungsi instrumental (direktif)* kangge ngerih-erih. *Fungsi instrumental* (ngerih) menika kanthi titikan saking pangandikan Ini Vindy “Dadi seumpamane iki *ketinggalan* suk emben-emben aku isoh *upload* ndhek *Youtube* ya.” ‘dadi seumpamane iki keru sesuk kapan-kapan aku isoh *upload* nang *Youtube* ya.’. Panandha *fungsi instrumental* ngerih-erih *tuturan* ing nginggil inggih menika, Ini Vindy ngerih-erih pamiyarsa menawi pamiyarsa ketilar anggenipun mriksani *live* piyambakipun ing *Fame* benjang piyambakipun badhe *upload video* ing *Youtube*.

**(b) Dwilingga kanthi Fungsi Representasional**

Dwilingga kanthi *fungsi representasional* saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandharaken bilih ngginakaken *pensil alis Wardah* kangge maes manten, sinaosa mantenipun nangis tetep boten luntur.

(67) “Mantenku *tak kasiin ini* nangis **gero-gero**, iku ya gak sampek mleber.” ‘Mantenku takenggoni iki nangis gerung-gerung, kuwi ya ora mleber.’ (Ini Vindy (1)/ 2016/ 10)

Ing *data* (67) wonten tembung gero-gero. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung gero-gero kaucapaken [gəɾɔ-gəɾɔ]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung gero-gero [gəɾɔ-gəɾɔ] ‘kejer’ minangka tembung rangkep dwilingga. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung lingga kejer [kəjər] ‘kejer’. Panganggening gero-gero [gəɾɔ-gəɾɔ] ‘kejer’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (67) ingkang ngewrat tembung gero-gero [gəɾɔ-gəɾɔ] ‘kejer’ menika nedahaken *fungsi representasional*. *Fungsi representasional* inggih menika *fungsi* ingkang ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi pangandikan paraga ing salebeting *video* “Mantenku *tak kasiin ini* nangis gero-gero, iku ya gak sampek mleber.” ‘Mantenku takenggoni iki nangis kejer, kuwi ya ora ngasi mleber.’ Panandha *fungsi representasional tuturan* ing nginggil inggih menika Ini Vindy ngandharaken bilih ngginakaken *pensil alis Wardah* kangge maes manten, sinaosa mantenipun nangis tetep boten luntur.

**(c) Dwilingga kanthi Fungsi Personal (Mangkel)**

Dwilingga kanthi *fungsi personal* (mangkel) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mangkel amargi piyambakipun menawi *dubbing* ngantos krenggosan.

(68) “Adhuh pegel **menggos-menggos** aku lek pas *dubbing* iki.” ‘Adhuh mangkel krenggosan aku lek pas *dubbing* iki.’ (Ini Vindy (12)/ 2017/ 57)

Ing *data* (68) wonten tembung menggos-menggos. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung menggos-menggos kaucapaken [məŋgɔs-məŋgɔs]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung menggos-menggos [məŋgɔs-məŋgɔs] ‘krenggosan’ minangka tembung rangkep dwilingga. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung lingga krenggosan [krəŋgɔsan] ‘krenggosan’. Panganggening menggos-menggos [məŋgɔs-məŋgɔs] ‘krenggosan’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (68) ingkang ngewrat tembung menggos-menggos [məŋgɔs-məŋgɔs] ‘krenggosan’ menika nedahaken *fungsi personal* kangge ngandharaken raos mangkel. *Fungsi personal* (mangkel) menika kanthi titikan pangandikan “Adhuh pegel menggos-menggos aku lek pas *dubbing* iki.” ‘Adhuh mangkel krenggosan aku nek pas *dubbing* iki.’ Panandha *fungsi personal* mangkel *tuturan* ing nginggil inggih menika wontenipun tembung pegel ‘mangkel’ ingkang nedahaken bilih Ini Vindy

mangkel amargi piyambakipun menawi *dubbing* ing *video* piyambakipun ngantos krenggosan satemah piyambakipun kesel.

**(d) Dwilingga kanthi Fungsi Heuristik (Nyuwun Priksa)**

Dwilingga kanthi *fungsi heuristik* (nyuwun priksa) saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy mbanyol sadangunipun *blend eyeshadow* ing netranipun.

(69) “Tau kan **mara-mara** riasanmu retak-retak? Tau kan?” ‘Tau ta teka-teka pacakanmu mlethek-mlethek? Tau ta?’ (Ini Vindy (7)/ 2017/ 47)

Ing *data* (69) wonten tembung mara-mara. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung mara-mara kaucapaken [mɔɔ-mɔɔ]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung mara-mara [mɔɔ-mɔɔ] ‘teka-teka’ minangka tembung rangkep dwilingga. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung teka-teka [təkɔ- təkɔ-] ‘teka-teka’. Panganggening mara-mara [mɔɔ-mɔɔ] ‘teka-teka’ nedahaken ciri mirunggan *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (69) ingkang ngewrat tembung mara-mara [mɔɔ-mɔɔ] ‘teka-teka’ nedahaken *fungsi heuristik*. *Fungsi heuristik* inggih menika *fungsi* ingkang kaginakaken kangge pados seserepan lan wangsulan tumraping salah setunggaling prekawis kanthi titikan pangandikan “Ya wis ngene-ngene ambek mangan kropuk ambek mangan cilok ambek ngene-ngene...” ‘Ya wis ngene iki karo mangan krupuk

karo mangan cilok karo ngene-ngene...’. Panandhanipun inggih menika Ini Vindy nyuwun pirsu dhateng pamiyarsa sampun nate menapa dereng pacakanipun mlethek-mlethek ing perangan-perangan tartamtu.

## 2) Dwiwasana

*Data* ingkang kapanggihaken ing *proses leksikal* awujud rangkep ingkang jinisipun dwiwasana menawi kawawas saking *fungsi* basanipun namung kapanggihaken setunggal *data*. Inggih menika, dwiwasana kanthi *fungsi representasional*. Wondene andharanipun saged kawawas saking pethikan *data* ing ngandhap menika.

*Konteks:* Ini Vindy ngandaraken pawadan piyambakipun boten remen alis lurus.

(70) “Aku gak seneng ya alis lurus, *soale* mengko mataku dadine **dawawa**.”  
 ‘Aku ora seneng alis lurus, mergane mengko mataku dadine dawa banget’  
 (Ini Vindy (2)/ 2017/ 19)

Ing *data* (70) wonten tembung dawawa. Adhedhasar panaliten lan andharan saking *informan*, ing *dialek* Surabaya tembung dawawa kaucapaken [dɔwɔwɔ]. Masarakat ingkang wonten ing tlatah *kebahasaan dialek* Surabaya ngginakaken tembung dawawa [dɔwɔwɔ] ‘panjang (sanget)’ minangka tembung rangkep dwiwasana. Dene ing basa Jawi *Standar*, tembung ingkang kaginakaken kangge *konsep* ingkang sami, limrah kaginakaken tembung dawa [dɔwɔ] ‘panjang’. Panganggening dawawa [dɔwɔwɔ] ‘panjang (sanget)’ nedahaken ciri mirunggan

*dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy.

*Tuturan* (70) ingkang ngewrat tembung dawawa [dɔwɔwɔ] ‘panjang (sanget)’ nedahaken *fungsi representasional* kangge ngandharaken *informasi* utawi *fakta*. *Fungsi representasional* menika kanthi titikan pangandikan paraga ing salebeting *video* “Aku gak seneng ya alis lurus...” ‘aku ora seneng alis lurus’. Panandhanipun inggih menika wontenipun tembung gak ‘ora’ wonten ukara ing nginggil ingkang nedahaken bilih Ini Vindy boten remen alis lurus amargi netranipun keningal panjang.

## BAB V PANUTUP

### A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten lan pirembagan ngengingi *dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy, saged kapandhet dudutanipun. Wondene dudutanipun kaandharaken ing ngandhap menika.

1. *Proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy kaperang dados tigang *proses*. Tigang perangan *proses* kala wau inggih menika *fonologis*, *morfologis* lan *leksikal*.
  - a) *Proses* ewah-ewahan wujud *satuan lingual dialek* Surabaya ing salebeting kempalan *video youtube* anggitanipun *beauty vlogger* Ini Vindy ing *proses fonologis* kaperang dados kalih, inggih menika *vokal* saha *konsonan*. Sepisan, inggih menika *fonem vokal* ingkang kapanggihaken kalih jinis, inggih menika *vokal* tunggal saha *vokal* rangkep (*diftong*). Prabeda anggenipun ngucapaken *vokal* tunggal ing basa Jawi *Standar* menawi katandhingaken kaliyan *dialek* Surabaya inggih menika, *fonem /i/* ing wanda sepisanan menga kaucapaken [i], *fonem /u/* ing wanda sepisanan menga kaucapaken [u], lan *fonem /a/* kaucapaken [ɔ]. Wondene prabeda ing perangan *vokal* rangkep (*diftong*) inggih menika, ewahing *vokal* tunggal /a/ dados *vokal* rangkep /ua/, *vokal* tunggal /i/ dados *vokal*

rangkep /ui/ lan *vokal* tunggal /e/ dados *vokal* rangkep /ue/. Perangan *fonologis* ingkang kaping kalih inggih menika *fonem konsonan*. Prabeda anggenipun ngucapaken ing antawisipun basa Jawi *Standar* kaliyan *dialek* Surabaya ing perangan menika inggih menika, icaling *fonem* /w/ ing wiwitaning tembung, *fonem konsonan* /d/ kaucapaken [d] lan *fonem* /t/ kaucapaken [t], saha wontenipun wuwuhan *fonem konsonan* (?) ing pungkasaning tembung.

